O’ZBEKSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

A’JINIYAZ ATINDAG’I NO’KIS MA’MLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI

TARIYX FAKULTETI

MILLIY IDEYA, RUWXIYLIQ TIYKARLARI HA’M HUQIQ TA`LIMI KAFEDRASI

# HUQIQTANIW

## OQIW PREDMETINEN

## LEKTSIYA TEKSTLERI

Tayarlag’an: Tlewov E

NO’KIS 2013

## 1-Lektsiya: Ma’mleket ha’m huqıq teoriyasi tiykarlari

**Reje:**

**1. Ma’mleket ha’m huqıq ta’liymatı tusinigi**
**2. Ja’miyet tusinigi.**
**3. Ma’mlekettin’ kelip shıg’ıwı ha’m formaları.**
**4. Huqıqtın’ kelip shıg’ıuı. Huqıqtın’ formaları.**
**5. Huqıq tarawları. Huqıqbuzarlıq tusinigi. Huqıqıy ma’mleket.**

### 1. Ma’mleket ha’m huqıq ta’liymatı tusinigi

“Huqıqtanıu” pa’nin tolıq biliude “Ma’mleket ha’m huqıq ta’liymatı” pa’nin biliu a’hmiyetli orın iyeleydi. Sebi bul pa’n ma’mleket ha’m huqıq ta’liymatın, teoriyalıq qag’ıydaların, sotsiallıq-siyasiy turmıstın’ a’hmiyetli ta’replerin uyretedi.

Ma’mleket ha’m huqıq ta’liymatının’ predmeti ma’mleket ha’m huqıqtın’ kelip shıg’ıuındag’ı ulıuma nızamlılıq tiykarlar, ma’mleket ha’m huqıqtın’ rauajlanıuı ha’m bekkemlesiui bolıp tabıladı.

Yuridikalıq pa’n taraularıın uyreniude en’ birinshi ma’mleket ha’m huqıq haqqındag’ı tiykarg’ı ta’liymattı biliu, arnaulı pa’nlerdi uyreniude ja’rdem beredi.

Yuridikalıq pa’n dizimin to’mendegilerge bo’liu mumkin. a) teoriyalıq-tariyxıy pa’nler, olar qatarına ma’mleket ha’m huqıq ta’liymatı, ma’mleket ha’m huqıq tariyxı, b) huqıq taraularına - Konstitutsiyalıq huqıq, ha’kimshilik huqıq, finans huqıqı, puqaralıq huqıq, miynet huqıqı, jınayat huqıqı ha’m basqalar, v) arnaulı huqıqıy pa’nler - kriminalistika, sud meditsinası, sud psixiatriyası, sud buxgalteriyası kiredi.

Ma’mleket ha’m huqıq kelip shıg’ıuı haqqında ha’r qıylı pikirler, qaraslar, oylaular bar. Ayırım alımlar, ilimpazlar ma’mleketti ilahıy kush, Alla tamanınan do’retilgenligin, sol sebepten ol uzaq, o’zgeriui bolsa diniy sho’lkemler ha’m diniy basqarıushı shaxslarg’a baylanıslı deb tusiniledi. Bul ta’liymat teolgik dep atalıp, Foma Akvinskiydin’ tiykarlarında berilgen.

Bunnan basqa da ma’mlekettin’ kelip shıg’ıuında patriarxal, sha’rtnamalı, materialistlik, psixiolgik ruuhiyat ta’liymatları bar.

Ma’mleket ha’m huqıq ta’liymatına baylanıslı pikirler Orta Aziya ilimpazları, alımların da ju’da’ qızıqtırg’an. Mısalı, V-VI a’sirlerde Orta Aziya aymag’ında ko’terilgen xalıq qozg’alan’ının’ jolbasshısı Mazdak adamlar ten’ligi haqqındag’ı ta’liymatın ko’rsetken. Xoshim ibn Xoshim (Muqanna) onın’ pikirlerinin’ dauamshısı edi. IX-X a’sirlerde jasag’an Abu Nosir al-Farabiy aqıllı ma’mleket duziu haqqındag’ı pikirlerge salmaqlı ules qostı. Onı Gegel’ Shıg’ıstın’ Aflotunı dep atag’an edi.

Farabiy o’zinin’ “Fazıl adamlar shahri”, “Qonunlar haqida kitob”, “Baxt-saodatga erishish yullari hiqidagi risola”, “Shaharni boshqarish”, “Fazilatli xulqlar” miynetlerinde ja’miyet ha’m ma’mleket mashqalaları haqqında pikir juritedi.

Ma’mleket ha’m huqıq ta’liymatı onın’ kelip shıg’ıuı haqqınd ag’ı jan’a bilimler menen bayıuı dauam etpekte, ma’mleket ha’m huqıqtın’ ma’nisi ha’m funktsiyalarında klasslıq ha’m ulıuma sotsiallıq qaraslardın’ qosılıuı juz bermekte. Ha’zirgi zaman ma’mleket ha’m huqıq ta’liymatın bahalaug’a jan’asha jaqınlasıular za’rur. Respublikanın’ rauajlanıu basqıshında onda juz berip atırg’an ma’mleket ha’m huqıqıy jag’daylar, huqıqıy ma’mlekette puqaralıq ja’miyet mashqalaları o’z sheshimin tappaqta.

## 2. Ja’miyet tusinigi.

Ja’miyet ondag’ı adamlardın’ o’z-ara baylanıslıg’ı, birge islesiui tiykarında sho’lkemlesedi. Bul birge islesiu ha’r bir ja’miyettegi shaxstın’ kamal tabıuına ko’meklesiui lazım. Adamlardı birlesip jasauları pikirleui ushın qandayda bir ideya birlestirip turadı. Mısalı, O’zbekstanda jasaushı ha’r bir millet ua’kilinin’ o’z qarasları, ha’r qıylı tusinikleri bolıuı ta’biyiy, lekin olardın’ ha’mmesin birlestiretug’ın ideya - usı ma’mlekettin’ keleshegi ushın, pa’rahanlıg’ı ushın o’z ulesin qosıu, Uatanım dep O’zbekstandı suyiu sıyaqlı ma’plerin o’z ishine aladı.

Ja’miyet tusinigi o’z ishine aqıl ha’m oylı ra’uishte adamlardın’ birlesiui, olar ortasında ulıuma qızıg’ıuı bolıuı, bul qızıg’ıu olardı birge islesiui, rauajlanıug’a alıp keliui, adamlar qatnasıqları belgili qag’ıydalar, ta’rtibler menen baylanıslıg’ı, bul g’ag’ıydalarg’a a’mel qılıu ushın ishki ha’m sırtqı kush xukmranlıq quralları bolıuın, ja’miyet jan’alanıuı ushın sha’rt-sharayatlar kelip shıg’ıuı lazımlıg’ın aladı.

Insaniyat ha’r qıylı ja’miyette birlesip ja’ma’a’, sho’lkem bolıp jasap kelgen. Bir da’uirlerde ja’miyet bolmag’an, adamlar topar-topar bolıp jasag’an. Insanlar sırttan kelgen hujimlerge qarsı shıg’ıu, jasau ushın azıq-auqatlardı qıdırıp tabıug’a birlesip ha’reket qılıuları sha’rtligin tusingen halda topar-topar bolıp jasar edi. Miynet quralları ulıuma bolıuı, birgelikte ja’ma’a’ bolıp ha’reket qılınıuı na’tiyjesinde tabılg’an azıq-auqatlar ten’ bo’linip ja’ma’a’ ag’zalarına bo’listirilgen.

Birinshi sho’lkemlesken ja’ma’a’lar gruppa, qa’uim, birlespeler formasında duzile baslang’an edi. Urıu bul jeke birlespe bolıp, kim, qaysı aymaqta jasauı anıqlanbag’an. Bul ja’miyet ag’zaları tuuısqanlıq qa’siyetleri tiykarında birlesken edi. Olar bul aymaqtan ol aymaqqa kirip juriui mumkin edi.

A’ste-sekin urıular ken’eyip, birlesip qa’uimler uyımın sho’lkemlestire baslag’an. Qa’uimlerdin’ ulıuma islerin ken’es basqarar edi. Ken’es aqsaqal ha’m a’skeriy baslıqlardan sho’lkemlesken.

Ja’miyet shan’araqlarg’a, shan’araqlar - baylar ha’m kambag’allarg’a bo’liniui, miynet bo’listiriliuinin’ kelip shıg’ıuı ma’mleketti sho’lkem-lestirdi. Ha’mme ja’miyet ag’zaların ta’rtip shegerasında tutıp turatug’ın arnaulı uyım - ma’mleket kelip shıg’a basladı. Demek, ma’mleket insanlardın’ ja’miyettegi ornı, rauajlanıuı na’tiyjesinde kelip shıg’a basladı.

## 3. Ma’mlekettin’ kelip shıg’ıuı ha’m formaları.

En’ a’yyemgi da’uirde a’ste-sekin o’zgerisler juz bere basladı. Adamlar o’z-ara au qılıu, azıq-auqatlardı tabıu maqsetinde ha’r qıylı qurallar islep shıg’a basladı. Tropik, subtropik jaylardan shıg’ıp jer juzi aymag’ına tarqala basladı, jasau ushın gures insandı ha’r qıylı miynet penen shug’ıllanıug’a ma’jbur qıla basladı.

Adamlar egin egiu, mal bag’ıu qa’sibin uyrendi. Miynettin’ bo’listir-iliui urıu arasında o’z ta’sirin ko’rsetedi basladı. Erkeklerdi miynetkesh, ha’zirgi tusinik penen aytqanda, isbilermenleri a’ste-sekin artıqsha malmulk arttıra basladı. Bul bolsa o’zinin’ mulkine iye bolıu qa’leuin a’melge asırdı. Ja’miyette shaxslar ha’r qıylı qa’uimge bo’liniui na’tiyjesinde onı endi basqarıu qıyın bolıp qaldı. Bir-birine qarama-qarsı, bir-birine boysınıudı qa’lemegen gruppalardı, shaxslardı ta’rtip shegerasında tutatug’ın kush kerek bolıp qaldı. Erkekler o’zlerine jeke hayal, onnan tuuılg’an perzent bolıuın, tapqan mal-mulkine miyrasxorı bolıuın talap qıla basladı.

Ma’mlekettin’ kelip shıg’ıuı haqqında ha’r qıylı tusinikler bolıuı ta’biyiy. Lekin tiykarg’ı sebep bul insan, onın’ ıntılıuı, o’siui, aqılı, oylauı, ruuxıy qa’leui ha’m ta’biyat nızamlılıg’ı.

Ma’mleket bul putin ma’mleket aymag’ında tolıq hukmranlıqqa iye sho’lkem,ma’mleket ja’miyette jasaushı ha’r bir shaxstın’ erkin sa’ulelendiriu jolların anıqlap beredi, ja’miyettin’ ishki, sırtqı rauajlanıuın ko’rsetip beriushi, ja’ha’n ma’mleketlerine tanıtıushı arnaulı ua’kil bolıp esaplanadı.

Ma’mleket kelip shıg’ıuı menen birge og’an ta’n qa’siyetler payda boldı. Olar,

1. Ma’mleket o’z aymag’ına iye bolıuı, shegera qol qatılmaslıg’ı,
2. Ma’mleket apparatının’ kelip shıg’ıuı (armiya, politsiya h.t.b.),
3. Huqıqıy formalanıu
4. Salıq jıyıu.

Ma’mleket basqarıu, duzilis ha’m siyasiy rejim formalarına bo’linedi.

Basqarıu forması monarxiyalıq ha’m respublikalıq bolıp bo’linedi.

Respublika parlamentar yaki prezidentlik bolıuı mumkin. Parlamentar respublikada joqarı orında parlament turadı. Bul ma’mlekette ma’mleket baslıg’ı parlament ta’repinen saylanadı yaki arnaulı kollegiya tamanınan sho’lkemlesedi.

Prezidentlik respublikada - Prezident parlament penen bir qatarda ma’mleketti ha’m atqarıu ha’kimiyatın basqaradı.Prezidentlik respublika to’mendegi qa’siyetlerge iye. Prezident xalıq ta’repinen saylanadı, ma’mleket hukimetin duzedi, ol Prezidentge esabat beredi, onın’ aldında juuapker.

Ma’mleket duzilis formasına ko’re, unitar, federativ, konfederativ, imperiya bolıuı mumkin.

Federatsiya - birlesken, auqam ma’nisin bildiredi. Federativ ma’mleket bolsa bir neshe siyasiy-huqıqıy g’arezsiz ma’mleket duzilmeleri-nen sho’lkemlesken quramalı ma’mleket esaplanadı.

Unitar so’zi jeke degen ma’nini bildirip, ma’mleket duziminde a’piuayı oblast’, qala, rayon h.t.b. bo’linbelerge iye boladı. Bul bo’linbeler suveren huqıqqa iye emes. Unitar ma’mlekettin’ federativ ma’mleketten parqı onda jeke Konstitutsiya, jeke Joqarı ma’mleket organı ha’m t.b. barlıg’ında.

Konfederativ ma’mleket bul belgili maqsetlerge erisiu ushın duzilgen tolıq g’arezsiz ma’mleketlerdin’ ko’n’illi auqamı bolıp esaplanadı.

Imperiya - zorlıq penen sho’lkemlesetug’ın quramalı ma’mleket bolıp, sostavlı bo’limlerinin’ joqarı ha’kimiyatqa baylanıslıq da’rejesi juda’ ha’r qıylı.

## 4. Huqıqtın’ kelip shıg’ıuı. Huqıq formaları.

Insaniyat kelip shıg’ıuı menen o’zin ja’miyette tutıu qag’ıydaları da kelip shıg’a basladı. Bir so’z benen aytqanda, ja’miyettegi qz-ara qatnasıqlardı formalanıuın a’melge asırıu jolın ko’rsetip beriushi qag’ıydalar, normalar kelip shıg’a basladı. Bul normalar huqıq, huqıqıy aktler dep atala basladı.

Huqıqtın’ kelip shıg’ıuı haqqında ha’r qıylı ta’liymatlar, pikirler bar. TSitseron, Lokk, Russo, Montesk’e, Gol’bax, Radishev huqıqtı ta’biyiy uaqıya dep tusingen. Bul ta’liymat tiykarında ta’biyiy huqıq - jasau, rauajlanıu, ka’sip penen shug’ıllanıu, ja’miyet ha’m ma’mleket ishinde qatnasıu huqıqları jatıptı.

Huqıqtın’ kelip shıg’ıuı ta’liymatının’ ja’ne bir forması qag’ıydalı jo’nelis bolıp, onın’ ta’repdarları huqıq dizimin basqıshpa-basqısh, bir dizimnen ekinshi dizimge o’tedi dep analiz qıladı.

Materialistlik huqıqıy ta’liymatı tiykarında huqıq ekonomikalıq xukmran klasstın’ qa’leuin sa’ulelendiredi degen tusinik bildiredi.

Joqarıda bir neshe huqıq kelip shıg’ıuı haqqındag’ı ta’liymattan kelip shıqqan halda huqıqqa ta’n to’mendegi belgilerdi ko’rsetiu mumkin:

1. Huqıqıy normalar ja’miyette ma’mleket tamanınan arnaulı hujjet sıpatında bo’listiriledi,
2. Huqıqıy norma ma’mleket tamanınan qorg’alıp, ayırım uaqıtta orınlaudı ma’jburleuge talap qıladı,
3. Huqıq usı ja’miyette, ma’mlekette jasaushı shaxslar ushın sha’rt bolg’an huqıq dizimi bolıp xızmet qıladı,
4. Huqıq usı ma’mleket puqaralarının’ ulıuma ha’m jeke ıqtıyajları-nın’ o’z-ara baylanıslı quralı bolıp esaplanadı.

Demek, huqıq ja’miyet ag’zaları rauajlanıuın, ja’miyette ta’rtip ornatılıuın sho’lkeslestiriu, sotsiallıq qatnasıqlardı ta’rtipke salıu quralı. Huqıq bul - ma’mleket tamanınan ornatılg’an ha’m qorg’alatug’ın ja’miyettin’ sotsiallıq qatnasıg’ınan kelip shıqqan, putin ja’miyettin’ oyın sa’ulelendiriushi, orınlanıuı sha’rt bolg’an minez-hulıqtın’ yuridikalıq qag’ıydalarının’ jıynag’ı.

Huqıqıy normalardın’ o’z ko’rinisin tabıuı ha’m sa’ulelendiriui tiykarları huqıq forması dep ataladı.

Huqıq formaları - huqıqıy a’det, sud pretsedenti, normativ-huqıqıy akt ha’m xalıq aralıq sha’rtnamalarg’a bo’linedi. A’det minez-hulıq qag’ıydası bolıp, uzaq da’uirlerden beri bar. Ma’mleket tamanınan tastıyıqlang’an a’det huqıq deregi esaplanadı.

Sud pretsedenti - sudtın’ ulıuma ma’jburiy a’hmiyetke iye anıqbir is boyınsha qararı.

Normativ akt - huqıq normalarının’ belgileniui, o’zgertiliui yaki biykar qılınıuına qaratılg’an, ma’mlekettin’ sho’lkemlesken organı tamanınan shıg’arılatug’ın huqıqıy aktti o’z ishine aladı.

Normativ aktler eki gruppag’a bo’linediU’ nızamlar ha’m nızamlı aktlerge.

Nızamlarg’a – O’zbekstan Respublikası Konstitutsiyası ha’m Oliy Majilis nızamları kiredi. Nızamlı aktlerge - O’zbekstan Respublikası Prezidentinin’ pa’rmanları, pa’rmayıshları, Ministrler Kabinetinin’ qararları, pa’rmayıshları, ministrlikler ha’m ma’mleket komitetlerinin’ buyrıqları, ko’rsetpeleri, jergilikli o’zin-o’zi basqarıu organlarının’ qararları ha’m basqalar kiredi.

Normativ aktler uzaq muddetke bag’darlang’an ha’m uaqtınshag’a bo’linedi. Nızamlardı qabıl qılıu jag’dayı nızamlı aktlerden keskin parıq qıladı. Nızamlar tek O’zbekstan Respublikası Oliy Majilisi tamanınan yaki Referendum arqalı qabıl qılınadı. Nızamdı qabıl qılıu, onı o’zgertiu, biykar qılıu O’zbekstan Respublikası Konstitutsiyasına muuapıq O’zbekstan Respublikası Oliy Majilisi tamanınan a’melge asırıladı. Nızamlarda O’zbekstan Respublikası xalqının’ qa’leui sa’ulelenedi. Nızam joqarı huqıqıy kushke iye bolıp, qalg’an ha’mme huqıqıy normalar bug’an qarsı bola almaydı. Nızamlı aktler nızamlardan kelip shıqqan halda ha’m olarg’a a’mel qılıu, orınlau maqsetinde qabıl qılınadı.

## 5. Huqıq tarauları.Huqıqbuzarlıq tusinigi. Huqıqıy ma’mleket.

Ja’miyettegi sotsiallıq qatnasıqlardı huqıqıy ta’rtipke salıp turıushı huqıq tarauları bar. Huqıq tarauları to’mendegilerge - Konstitutsiyalıq huqıq, puqaralıq, ha’kimshilik, jınayıy, jer huqıqı, miynet, shan’araq, jınayat-orınlau, auıl xojalıg’ı, ekologiya, finans, puqaralıq atqarıu ha’m tag’ı basqalarg’a bo’linedi.

Huqıq tarauları taraushalarg’a, institutlarg’a bo’linedi. Mısalı, puqaralıq huqıq tarauı - ma’jburiyat, intellektual’ huqıq, miyrasxorlıq huqıqı tarauların o’z ishine aladı.

Shaxslardı arnaulı huqıqqa iye bolıu ha’m minnetlerdi orınlau sistemasın huqıq normaları arqalı ta’rtipke salıp turıushı sotsiallıq ta’rtipke huqıqıy qatnasıq dep ataladı. Huqıqıy qatnasıqlar Konstitutsiyalıq, ha’kimshilik, puqaralıq, jınayıy h.t.b. bo’linedi. Huqıqıy qatnasıqlardı keltirip shıg’arıushı tiykarlar materiallıq-mulkiy yaki yuridikalıq turlerge bo’linedi. Shaxslardın’ sotsiallıq-ekonomikalıq, ma’deniy ha’m basqa uaqıtlarda a’melge asırılg’an qatnasıqları materiallıq turge kiredi. Yuridikalıq qatnasıqlar - huqıqıy normalar, yuridikalıq faktler tiykarında a’melge asırılıuı mumkin.

Huqıqıy qatnasıqlardı keltiriushi faktler yuridikalıq faktler dep ataladı. Huqıqıy qatnasıq sub’ektler arqalı a’melge asırıladı. Sub’ektler O’zbekstan Respublikası puqaraları, puqaralıg’ı bolmag’an shaxslar, shet elli puqaralarg’a bo’linedi. Sub’ektler qatarına ma’mleket, ma’mleket sho’lkemleri, ma’mleketlik emes, kommertsiyalıq emes sho’lkemlerde kiredi.

Sub’ektler huqıq uqıplılıg’ına, qatnasıq uqıplılıg’ına iye boladı. Huqıq uqıplılıg’ı shaxstın’ huqıq ha’m minnetlerge iye ekenligin bildiredi. Qatnasıq uqıplılıg’ı shaxstın’ o’z qa’leui, istegi menen huqıq ha’m ma’jburiyatlardı orınlauı tusiniledi. Qatnasıq uqıplılıg’ı tolıq 18 jastan, yarım huqıqıy qatnasıq 14-18- jasqa bo’linedi. Eger shaxs 16 jastan miynet sha’rtnaması tiykarında, isbilermenlik penen shug’ıllansa ol tolıq qatnasıqqa uqıplı dep tanılıuı mumkin. Bunday jag’day - emansipatsiya dep ataladı.

Shaxs ruuhıy kesel, miynetke jaramsız ha’m alkogolik dep ta’n alıng’an bolsa, ol qatnasıqqa uqıpsız dep esaplanadı.

Yuridikalıq faktler - huqıqtı sho’lkemlestiriushi, keltirip shıg’arıushı, huqıqtı o’zgertiushi, huqıqtın’ tamam bolıuına bo’linedi.

Ja’miyetge, ma’mleketge ha’m shaxsqa qarsı qaratılg’an ayıplı qılmıs huqıqbuzarlıq dep ataladı. Huqıqbuzarlıq, qılmısqa (ha’reket yaki ha’reketsizlik), ayıpqa, huqıqqa qarsı jaman aqıbetlikke, qılmıs yaki jaman aqıbettin’ baylanıslılıg’ına, yuridikalıq juuapkerlik tiykarlarına bo’linedi. Bul qılmıslar jınayat ha’m ta’rtip buzıu dep ataladı. Jınayat - o’zinin’ sotsiallıq qa’uipliligi menen ayırılıp turadı. Ta’rtip buzıu - puqaralıq, ha’kimshilik, intizamiy bolıp bo’linedi.

Jınayat en’ auır qılmıs esaplanadı. Sebebi ol ayıplı sotsiallıq, qa’uipli ha’reket yaki ha’reketsizlik na’tiyjesinde islenip shaxsqa, ja’miyet ha’m ma’mleket ma’pine, mulkke, tınıshlıq ha’m basqa nızam tiykarında qorg’alatug’ın, huqıqqa qarsı ha’reketten kelip shıg’adı. SHaxstın’ is-ha’reketinde huqıqtı buzıu sostavı bolsa, ol is-ha’reket an’lı shaxs tamanınan islenip sotsiallıq qa’uipli ha’reket keltirse g’ana jınayat dep tanıladı. Jınayat sostavı sub’ekt, sub’ektiv ta’rep, ob’ekt, ob’ektiv ta’replerge bo’linedi.

Ta’rtip buzıu yaki orınsız is-ha’reketlerge puqaralıq nızamın buzıu, ma’jburiyatlardı orınlamaslıq, uaqtında qarızdı bermeslik, mulk huqıqı qag’ıydaların buzıu h.t.b. kiredi. Bunday orınsız ha’reket ushın ma’mleket tamanınan ko’n’ilsiz aqıbetlerdi saplastırıu jolları qollanıladı.

Ha’kimshilik huqıqtı buzıug’a mısal qılıp, ko’shede juriu qag’ıydalarına a’mel qılmaushılıq, transportta juriu qag’ıydaların buzıu, sanitariya, veterinariya, tog’ay xojalıg’ı, balıq tutıu, an’ an’lau sıyaqlı qag’ıydalardı buzıudı ko’rsetiu mumkin. Intizamıy ta’rtip buzıug’a - miynet haqqındag’ı nızamda ko’rsetilgen qag’ıydalarg’a a’mel qılmaushılıq, ka’rxanada ornatılg’an ishki miynet qag’ıydaların buzıu, jumısqa kesh keliu, uazıypanı orınlamaslıq h.t.b. kiredi.

Usınday qılıp, huqıqbuzarlıqtın’ ush turi, jınayıy, puqaralıq, ha’kimshilik ha’m intizamiy turleri bar. Ha’r bir turine ta’n jınayıy, puqaralıq, ha’kimshilik, intizamiy juuapkerlikler bar.

Huqıqıy ma’mleketke uzaq-uzaq jıllardan beri ulamalarımız o’z qatnasıqların bildirip kelgen. Spinoza, Gobbs, Lokk, Aristotel’, TSitseron, Beruniy, Amir Temur ha’m basqalar huqıqıy ma’mlekette xalıq ha’kimiyatın sho’lkemlestiriliuinin’ teoriyalıq tiykarların jaratıp, nızam hukim qılatug’ın ma’mleket ko’rinisin ha’kimiyat bo’liniui haqqındag’ı ideyalar dizimin islep shıqqan. Huqıqıy ma’mleket ta’liymatının’ filosofiyalıq tiykarın I. Kand usınday qılıp ta’riypleydi: “Ma’mleket bul huqıqıy nızamlarg’a boysındırılg’an juda’ ko’p adamlardın’ birlesiui”.

Danıshpanlarımız ol yaki bul da’uirde huqıqıy ma’mleket haqqında o’z pikirlerin, oylauların, ko’rinislerin miyras qılıp qaldırar eken, bugingi kunde ha’m olardın’ qarasları o’z ornına iye.

Huqıqıy ma’mleketke ha’zirgi alımlarımız to’mendegi belgilerdi ta’n dep biledi. Huqıqıy ma’mlekette ha’kimiyat islerin a’melge asırıuda shaxs qatnası ha’m ha’r qıylı auqamlar iskerligi huqıqıy tiykarda a’melge asırıladı. Huqıqıy ma’mlekettin’ ekonomikalıq tiykarların ha’r qıylı mulk turleri sho’lkemlestiredi. Uzaq jıllar burıng’ı Auqam duziminde jeke mulkke qarsı turılg’an edi, ha’zirgi kunde bolsa jeke mulk basqa mulkler qatarında ma’mleket qorg’auında ekenligi respublikamız Konstitutsiyasında o’z sa’uleleniuin tapqan. Huqıqıy ma’mlekettin’ sotsiallıq tiykarın o’zin-o’zi basqara alatug’ın puqaralıq ja’miyeti sho’lkemlestiredi ha’m bul ja’miyet erkin shaxslardı birlestiredi. Ruuxıy ta’repten bul ma’ma’leket - insanıylıq, haqıyqatlıq, ten’ huqıqlılıq, insan erkinligi sıyaqlı oylaularının’ rauajlanıuına jag’day jaratadı. Bul ma’mlekettin’ siyasiy ta’biyatın onın’ suverenligi sho’lkemlestiredi.

Huqıqıy ma’mlekette nızamlılıq ha’mme ja’miyet turmısında orın iyeleydi, nızam ustinligi a’mel qılınadı. Ha’r bir shaxstın’ real huqıq iyesi bolıp, onı a’melge asırıuı ta’miynlenedi. Ma’mleket puqaralar aldında, puqaralar ma’mleket aldında o’z minnetlerin orınlauı, huqıq ta’rtibi tuurı jolg’a qoyılıuı sıyaqlı isler a’melge asırıladı. Huqıqıy ma’mleketke ta’n joqarıda ko’rsetilgen qa’siyetlerdin’ ko’bi respublikamızda a’melge asırılmaqda.

==============================================

**Tayanısh tusinikler.** Ja’miyet, puqaralıq ja’miyet, ma’mleket, demokratiyalıq huqıqıy ma’mleket, huqıq, qadag’an etiushi, ua’killik beriushi, miynnetleushi normalar, huqıqbuzarlıq, er jetpegenlerdin’ huqıqbuzarlıqları, huqıqıy ma’mleket, demokratiya, puqaralıq ja’miyet, nızamlılıq.

**Ta’kirarlau ushın sauallar:**

1. Ja’miyet, puqaralıq ja’miyet tusinigi ?
2. Ja’miyet ha’m ma’mleket ortasındag’ı o’z-ara qatnasıqlar ?
3. Ma’mleke’t ne, ma’mlekettin’ qanday belgileri bar ?
4. Huqıq tusinigi ha’m mazmunı ne ?
5. Huqıq derekleri nelerden ibarat ?
6. Huqıqbuzarlıq ne, yuyridikalıq juuapkerlik ne ?
7. Huquqıy ma’mleket ne ?
8. Huqıqıy ma’mlekettin’ tiykarg’ı belgileri ne ?
9. O’zbekstanda huqıqıy ma’mleket qurıudın’ tiykarg’ı jo’nelislerin aytıp berin’ ?

=============================================

## 2-Lektsiya: Ha’kimshilik huqıq tiykarları

**Reje:**

**1. Ha’kimshilik huqıq tusinigi, maqseti ha’m uazıypası.**
**2. Ha’kimshilik huqıqıy qatnasıqlar.**
**3. Ha’kimshilik huqıq buzarlıq. Ha’kimshilik juwapkerlik.**
**4. Ha’kimshilik jaza turleri.**
**5. Er jetpegenlerdin’ ha’kimshilik juwapkershiligi.**

### 1. Ha’kimshilik huqıq tusinigi, maqseti ha’m uazıypası.

Ha’kimshilik huqıqıy qatnasıqlar huqıqıy pa’nlerdin’ ken’ tarauların - respublikanın’ ekonomikası, sotsiallıq-ma’deniy, ruuxıy qurılısın, O’zbekstan qorg’alıuın basqarıu, ja’ma’a’t ta’rtibin qorg’au islerin sho’lkemlestiriuge baylanıslı tarauların o’z ishine aladı.

Ha’kimshilik huqıq ma’mleket basqarıuın sho’lkemlestiriu ha’m a’melge asırıu jag’dayında juz beretug’ın qatnasıqlardı ta’rtipke salıp turıushı huqıqıy normalar dizimi. “Ha’kimshilik” so’zi “basqarıu yaki basqarıushı”, yag’nıy usı isti, uazıypanı orınlaushı shaxs boladı.

Ha’kimshilik huqıq basqarıu organlarının’ sho’lkemlesiui, iskerlik ta’rtibi, printsipleri, forma ha’m usılların, ma’mleket xızmeti, ma’mleket xızmetkerlerinin’ huqıq ha’m minnetleri, ja’ma’a’t sho’lkemleri, puqaralardın’ ma’mleket basqarıu tarauındag’ı huqıq ha’m minnetlerin belgileydi.

Ha’kimshilik huqıq ma’mleket basqarıu tarauındag’ı qatnasıqlardı, ulıuma, ma’mleket basqarıu organlarının’ o’z-ara qatnasıqların, sonday-aq, olardıq ja’ma’a’t sho’lkemleri ha’m puqaralar menen qatnasıqların ta’rtipke salıu ushın ha’kimiyattın’ arnaulı organları belgilegen is-ha’reketi qag’ıydaları basqarıu jag’dayın sho’lkemlestiriude a’hmiyetli jag’day sa’ulelenedi.

Ha’kimshilik-huqıqıy normalar imperativ qag’ıydalardan: 1) qadag’an etiletug’ın qag’ıyda (mısalı, ko’shede juriu qag’ıydasına a’mel qılıu), 2) ma’jbur qılatug’ın qag’ıyda (pasport dizimi qag’ıydasın orınlau) yaki tan’lau huqıqın beretug’ın ua’killik qag’ıydaları bolıuı mumkin (mısalı, qandayda bir oqıu ornı iskerligin tekseriudi tiyisli ministrlik tamanınan a’melge asırıu).

## 2. Ha’kimshilik huqıqıy qatnasıqlar.

Ha’kimshilik huqıqıy qatnasıqlar - bul ha’kimshilik huqıq normalarına tiykarlang’an qatnasıqlar. Olardın’ mazmunı sub’ektler-din’ huqıq ha’m ma’jburiyatları esaplanadı. Prezident, onın’ sostavlı bo’linbeleri, lauazımlı shaxslar ha’m ma’mleket apparatının’ basqa xızmetkerleri, ka’rxanalar, mekemeler, sonday-aq, respublika puqaraları, shet ellikler ha’m puqaralıg’ı bolmag’an shaxslar, payda alıudı maqset qılıp almag’an puqaralardın’ birlespeleri sub’ektler bolıp esaplanadı.

Respublika Konstitutsiyasına ko’re, Prezident ma’mleket baslıg’ı esaplanadı ha’m usı uaqıtta atqarıushı ha’kimiyatqa ha’m tek onın’ oraylıq buuınına, ba’lki respublikanın’ barlıq atqarıushı dizimine basshılıq qıladı.

Ma’mleket basqarıu organları - bular nızam menen belgilengen ta’rtipte sho’lkemlesken ha’m onın’ funktsiyaları ha’m de uazıypaların a’melge asırıu ushın ma’mleket ta’repinen ua’killik berilgen, bul maqsette ma’mleket ha’kimiyat ua’killigi menen ta’miynlengen ha’m belgilengen ta’rtipte is ko’riushi puqaralar toparı.

Iskerliklerinin’ aymaqlıq ko’lemlerine ko’re ma’mleket basqarıu organları joqarı, oraylıq ha’m jergilikli organlarg’a bo’linedi. Joqarı organlarg’a O’zbekstan Respublikası Ministrler Kabineti, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken’esi kiredi. Oraylıq organlarg’a ministrlikler, ma’mleket komitetleri, basqarmalar kiredi. Jergilikli basqarıu organlarına ha’kimler, sonday-aq ayırım ministrlikler, ma’mleket komitetleri, bir neshe ha’kimshilik-aymaqlıq birlikler aymaqtag’ı ob’ektler, sanaat birlespeleri, basqarmaları, temir jollar ha’m usı sıyaqlılar kiredi.

Duzilis ta’rtibine ko’re ma’mleket basqarıu organları tamanınan tuurıdan-tuurı duziletug’ın, ma’mleket ha’kimiyatı joqarı atqarıushı, basqarıushı organları, ministrlikler, basqarmalar, ha’kimler tamanınan duziletug’ın ma’mleket basqarıu organlarına bo’linedi.

Duzilis usılına kere ma’mleket basqarıu organları da’ziletug’ın ha’m tayınlanatug’ın - barlıq qalg’anları ma’mleket basqarıu organlarına bo’linedi.

Ko’lemi ha’m huqıqıy tusine ko’re ma’mleket basqarıu organları ulıuma, tarmaq, tarmaqlar aralıq huqıqıy organlarg’a bo’linedi. Birinshi toparg’a Ministrler Kabineti, ha’kimlikler kiredi. Ekinshisine - ministrlikler, basqarmalar,

ha’kimliklerdin’ bo’linbeleri ha’m basqarmaları kiredi. Ushinshisine - ma’mleket komitetleri kiredi.

Ma’mleket basqarıuının’ ulıuma respublikalıq organlarına to’mendegiler kiredi, O’zbekstan Respublikası Ministrler Kabineti, ol Oliy Majlis benen kelisilgen halda Prezident tamanınan sho’lkemlesedi ha’m o’z huqıq shegerasında O’zbekstan Respublikasının’ basqarıuına tiyisli barlıq ma’selelerdi sheshiuge uakillikli.

Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken’esi Joqarg’ı Ken’esi tamanınan duziledi ha’m o’z huqıq shegerasında Qaraqalpaqstan Respublikasına tiyisli ma’selelerdi sheshiu ushın ua’killikli.

Oraylıq basqarıu organlarına O’zbekstan Respublikası ha’m Qaraqalpaqstan Respublikası ministrlikleri ha’m ma’mleket komitet-leri kiredi.

Jergilikli basqarıu organlarına

- oblast’lar, rayonlar, qalalarda uakillik qılıu ha’m atqarıu, basqarıudı o’zinde bekkemlestirgen ha’kimlikler,
- jaylarda xojalıq, sotsiallıq-ma’deniy ha’m ha’kimshilik-siyasiy qurılıstın’ ayırım tarmaqların basqarıu ushın ha’kimler tamanınan duziletug’ın ha’kimliklerdin’ bo’limleri, basqarmaları ha’m xızmetleri kiredi.

Ma’mleket xızmeti, ma’mleket apparatındag’ı lauazımdı belgilengen ta’rtipte iyeleytug’ın ha’m ma’mleket uazıypaları ha’m de funktsiyaların a’melge asırıug’a baylanıslı o’zlerine jukletilgen ma’jburiyatlardı xoshametleu ushın orınlaushı shaxslar tamanınan orınlanadı.

Miynettin’ turine ko’re, ma’mleket xızmetkerleri, baslıqları, qa’niygeleri ha’m texnik qa’niygelerine bo’linedi.

Baslıqlarg’a ma’mleket organları, sonday-aq, ka’rxanalar, mekemeler, sho’lkemler, olardın’ sostavlı bo’limlerinin’ baslıq qa’niygeleri kiredi.

Ha’kimshilik-huqıqıy qatnasıqlarda qatnasıu ushın puqara ha’kimshilik huqıq uqıplılıg’ına ha’m qatnasıq uqıplılıg’ına iye bolıuı kerek.

Ha’kimshilik huqıq uqıplılıg’ı - bul ha’kimshilik-huqıqıy ta’rtiptegi huqıq ha’m ma’jburiyatqa ia’e bolıu qa’bileti. Ol adam dun’yag’a kelgen payıtta payda bolıp, o’mirinin’ aqırına shekem dauam etedi.

Ha’kimshilik qatnasıq uqıplılıg’ına iye bolıu - bul o’z is-ha’reketleri menen belgili huqıqtı iyeleu ha’m ma’mleket basqarıuı tarauında o’zine juklengen ma’jburiyatlardı orınlau qa’bileti. Qatnasıq uqıplılıg’ı a’dette, puqarar 18 jasqa tolg’anda payda boladı. Lekin ayırım jag’daylarda ol erte ha’m payda bolıuı mumkin. Mısalı, 16 jasqa jetken shaxslar ha’kimshilik huqıq buzıushılar sub’ektleri bolıuları mumkin.

### 3. Ha’kimshilik huqıq buzarlıq. Ha’kimshilik juwapkerlik.

O’zbekstan Respublikası Ha’kimshilik juuapkershilik haqqındag’ı Kodekstin’ 10-stat’yasına muuapıq, ha’kimshilik huqıqbuzarlıq degende nızam hujjetlerine muuapıq ha’kimshilik juuapkershikke tartıu na’zerde tutılg’an, shaxsqa, puqaralardın’ huqıqları ha’m erkinliklerine mulkshilikke, ma’mleket ha’m ja’ma’a’t ta’rtibine, ta’biyiy ortalıqqa qarsılıq ko’rsetiushi nızamsız, ayıplı islengen ha’reket ha’m ha’reketsizlik tusiniledi.

Ha’kimshilik huqıqbuzarlıqtın’ en’ a’hmiyetli belgilerinen biri nızamg’a qarsılıq. Bul nızamg’a qarsılıq ha’reket sıyaqlı nızamsız ha’reketsiz bolıuı mumkin. Mısalı, ko’sheden o’tiu qag’ıydasının’ pıyada tamanıınan bulızılıuı - nızamsız ha’reket. A’skeriy xızmetke shaqırılıushı sebepli sebeplersiz qorg’anıu isleri ministrligi organlarına kelmese - bul nızamsız ha’reketsizlik.

Respublikanın’ 16 jasqa tolg’an puqaraları, puqaralıg’ı bolmag’an shaxslar ha’m diplomatik immunitetke iye bolmag’an shet el puqaraları ha’kimshilik huqıq

buzılıushılıqtın’ sub’ektleri bolıuı mumkin. Usınday huqıq buzıular boladı, tek 18 jasqa tolg’anda g’ana juuapker bolıuı mumkin.

Ha’kimshilik huqıq buzarlıqtı islegen 16 jastan 18 jasqa shekem bolg’an shaxslarg’a er jetpegenler isleri boyınsha komissiyalar haqqında nızamda na’zerde tutılg’an sharalar qollanıladı.

Ayırım ha’kimshilik huqıqbuzarlıqlar ushın tek belgili ka’sip penen shug’ıllanıushı shaxslar (tazalau imaratlarının’ buzılg’anlıg’ı sebepli suuı pataslang’an suu ha’uizlerine tusiu, elektr ha’m ıssılıq energiyasınan parıqsız paydalanıu) juuapkershiliklerge tartılıuı mumkin.

Za’rurli qorg’anıu, aqırg’ı ha’rurlik, aqılı kemisler islegen ha’kimshilik huqıqbuzarlıq kem a’hmiyetli bolg’anda nızam ha’kimshilik juuapkerlikten azat qılıu tiykarın na’zerde tutadı.

Ha’kimshilik huqıqbuzarlıqlar haqqındag’ı islerdi ko’rip shıg’ıushı organlar to’mendegiler esaplanadı:

- xojalıq sudlari,
- rayon (qala) sudının’ ha’kimshilik isleri boyınsha sud’yası
- qalasha, auıl ha’m qıshlaq puqaralarının’ o’zin-o’zi basqarıu organları qasındag’ı ha’kimshilik komissiyalar,
- er jetpegenler isleri menen shug’ıllanıushı rayon (qala) komissiyaları,
- ishki isler (militsiya) organları (lauazımlı shaxsları), ma’mleket inspektsiyaları organları ha’m de ua’killik berilgen basqa organlar (lauazımlı shaxslar)

Nızam menen ha’kimshilik buzıular to’mendegilerge bo’linedi:

- shaxstın’ qa’dir-qımbatın, uy-jayının’ ha’m jazılmalar sırının’ qol qatılmas-lıg’ı ushın huqıqlardı qorg’au tarauındag’ı,
- miynetti ha’m den-saulıqtı qorg’au tarauında,
- mullke qarsılıq qılıu tarauında,
- ta’biyiy ortalıqtı qorg’au ha’m ta’biyattan paydalanıu tarauında,
- sanaat qurılısındag’ı, ıssılıq ha’m eılektr eınergiyası tarauında,
- auıl xojalıg’ındag’ı huqıqbuzarlıq, veterinariya-sanitariya tarauında,
- transportta, jol xojalıg’ı ha’m baylanıs tarauında,
- puqaralardın’ turar jay huqıqlarına tiyisli, kommunal xızmet ha’m abadanlastırıu tarauında,
- sauda isbilermenlik ha’m finans tarauında,
- a’dil sudlaug’a qarsılıq qılıu tarauında,
- ja’ma’a’t ta’rtibine qarsılıq qılıu tarauında,
- basqarıudın’ belgilengen ta’rtibine qarsılıq qılıu tarauında.

## 4. Ha’kimshilik jaza turleri.

O’zbekstan Respublikasının’ “Ha’kimshilik juuapkerlik haqqında”g’ı Kodekstin’ 23-stat’yasına muuapıq ha’kimshilik huqıqbuzarlıq islegenligi ushın to’mendegi ha’kimshilik jaza sharaları qollanıuı mumkin.

1. Ja’riyma,
2. Ha’kimshilik huqıqbuzarlıqtı islegen quralı esaplang’an yaki tuurıdan-tuurı usınday na’rse bolg’an zattı haqın to’leu sha’rti menen alıp qoyıu,
3. Ha’kimshilik huqıqbuzarlıqtı islegen quralı esaplang’an yaki tuurıdan-tuurı usınday na’rse bolg’an zattı konpiskatsiya etiu,
4. Belgili shaxstı og’an berilgen arnaulı huqıqtan ayırıu,
5. Ha’kimshilik qamaqqa alıu.

Ja’riyma ha’kimshilik huqıqbuzarlıq islegen ayıpdar shaxstın’ ma’mleket esabına pul o’ndiriui bolıp tabıladı.

Ha’kimshilik huqıqbuzarlıqtı islegen quralı esaplang’an ha’m tuurıdan-tuurı usınday na’rse bolg’an zattı haqın to’leu sha’rti menen alıp qoyıu, onı keyinshelik

satıp jiberiu ha’m de satıudan tusken puldı zattın’ burıng’ı iyesine tartıp alıng’an zattı satıu ha’rejetlerin shegirip taslang’an halda tapsırıudan ibarat.

Ha’kimshilik huqıqbuzarlıqtı islegen quralı esaplang’an yaki tuurıdan-tuurı usınday na’rse bolg’an zattı konpiskatsiya qılıu usı zattın’ haqın to’lemesten ma’jburiy ta’rizde ma’mleket mulkine o’tkiziuden ibarat.

Belgili shaxstı og’an berilgen arnaulı huqıqtan (transport quralların basqarıu huqıqınan, an’ aulau huqıqınan) ayırıu sharası rayon (qala) sudının’ ha’kimshilik isler boyınsha sud’yası tamanınan ush jılg’a shekem muddetke qollanıladı. Bunday huqıqtan ayırıu muddeti on bes kunnen kem bolmaslıg’ı kerek.

Ha’kimshilik qamaqqa alıu ush sutkadan on bes sutkag’a shekem muddetke, ayırıqsha jag’day sharayatında bolsa, ja’ma’a’t ta’rtibine qarsılıq qılg’anlıg’ı ushın - otız sutkag’a shekem muddetke qollanıladı. Ha’kimshilik qamaqqa alıu rayon (qala) sudının’ ha’kimshilik isleri boyınsha sud’yası tamanınan, ayırıqsha jag’dayda bolsa a’skeriy komendant yaki ishki isler organı baslıg’ı tamanınan belgilenedi.

Ha’kimshilik qamaqqa alıu sharası ha’mledar hayallarg’a, ush jasqa shekemgi balası bolg’an hayallarg’a, on to’rt jasqa shekem bolg’an balasın jeke o’zi ta’rbiyalap atırg’an shaxslarg’a, on sekiz jasqa tolmag’an shaxslarg’a, birinshi ha’m ekinshi gruppa invalitlerine qollanıuı mumkin emes. Jazanı qollau da’uirinde islengen huqıqbuzarlıq qa’siyeti, huqıqbuzarlıqtın’ shaxsı, onın’ ayıpdarlıq da’rejesi, mulkiy ahualı, juuapkerlikti jen’illestiriushi ha’m auırlastırıushı jag’daylar esapqa alınadı.

Ha’kimshilik huqıqbuzarlıq haqqındag’ı islerdi juritiu uazıypaları ha’r bir istin’ jag’dayın o’z uaqtında, ha’r tamanlama, tolıq ha’m halıs anıqlau, onı nızamg’a muuapıq anıq sheshiu, shıg’arılg’an qarardıq orınlanıuın, sonday-aq, huqıqbuzarlıq isleniu sebepleri ha’m og’an alıp kelgen sha’rt-sharayatlardı anıqlaudan huqıqbuzarlıqtın’ aldın alıudan, O’zbekstan Respublikası Konstitutsiyası ha’m nızamlarına a’mel qılıu ruuxında ta’rbiyalaudan, nızamlılıqtı bekkemleuden ibarat.

Ha’kimshilik huqıqbuzarlıqlar haqqındag’ı islerdi a’melge asırıu ta’rtibi ha’kimshilik huqıqbuzarplıqlar haqqındag’ı kodeks penen belgilenedi.

## 5. Er jetpegenlerdin’ ha’kimshilik juwapkershiligi.

Er jetpegenler on altı jastan ha’kimshilik juuapkershilikke tartıladı. 16 jastan 18 jasqa shekem ha’kimshilik huqıqbuzar shaxslarg’a qarata Er jetpegenler isleri menen shug’ıllanıushı komissiyalar haqqındag’ı Nızamda na’zerde tutılg’an sharalar qollanıladı.

Er jetpegenler to’mendegi huqıqbuzarlıqlardı islegenlikleri ushın juuapkerlikke tartıladı.

1. Az mug’darda talan-taraj qılıu.
2. Transport qurallarınan paydalanıu qag’ıydaların buzıu.
3. Aynag’a uqsas ha’m tusi o’zgertilgen standartsız aynalar ornatılg’an transport qurallarınan paydalanıu.
4. Transport qurallarının’ dauıs shıg’arıushı ha’m jaqtılandırıushı qurılmalarınan paydalanıu qag’ıydaların buzıu.
5. Transport quralları aydaushılarının’ ha’reket tezligin asırıp jiberiu, jol belgileri ha’m jol ha’reketinin’ basqa qag’ıydaları talaplarına a’mel qılmaslıg’ı.
6. Transport quralları aydaushılarının’ ha’reket qa’uipsizligine qarsılıq ko’rsetiushi topar bolıp ha’reket qılıuda qatnasıuı.
7. Transport qurallları aydahshılarının’ temir joldın’ o’tiu jaylanınan o’tiu qag’ıydaların buzıuı.
8. Transport qurallarin ma’s halda basqarıu.
9. Keme aydaushılarının’ kishi ko’lemli kemelerin ma’s halda basqarıuı.
10. Transport qurallları aydaushılarının’ jol ha’reketi qag’ıydaların buzıuı ja’birleniushige jen’il ta’n jaraqatın yaki az mug’darda materiallıq zıyan jetkiziliuine alıp keliui.

11. Aydaushılardın’ jol ha’reketi qag’ıydaların buzıuı transport qurallarının’ yaki basqa mal-mulktin’ zınyalanıuına alıp keliui.

12. Basqarıu huqıqın beriushi hujjetleri bolmag’an shaxslardın’ transport qualların basqarıuı.

13. Transport qualları aydaushılarının’ ma’stligi yaki ma’s emesligin anıqlau ushın tekseriuden o’tiuden bas tartıuı.

14. Pıyadalar ha’m jol ha’reketi basqa qatnasıushılarının’ ha’reket qag’ıydaların buzıuı.

15. Mayda biyzarılıq.

16. Ja’ma’a’t qa’uipsizligi ha’m ja’ma’a’t ta’rtibine qarsı bolatug’ın materiallardı tayarlau ha’m tarqatıu maqsetinde saqlau.

17. Puqaralardın’ ja’ma’a’t jaylanırda ibadat kiyimlerinde juriui.

18. Oq atar qurallardan belgilengen ta’rtipti buzg’an halda atıu.

19. militsiya xızmetkerinin’ nızamlı talapların orınlamaslıq.

20. Massalıq xabar qualları o’nimlerin nızamg’a qarsı ra’uishte tayarlau ha’m tarqatıu.

21. Oq atar qurallar ha’m oq-da’rilerdi saqlau ha’m tasıu qag’ıydaların buzıu.

22. Oq atar qurallardı dizimnen o’tkiziu muddetlerin yaki olardı esaptan o’tkizip qoyıu qag’ıydaların buzıu.

Joqarıda ko’rsetilgen huqıqbuzarlıqtı islegen jag’dayda, er jetpegenler ulıuma tiykarlarda ha’kimshilik juuapkershilikke tartıladı. Islengen huqıqbuzarlıq qa’siyetin ha’m huqıqbuzarlıqtın’ shaxsın esapqa alg’an halda bul shaxslarg’a baylanıslı isler er jetpegenler isi menen shug’ıllanıushı qala, rayon, qalalardag’ı rayon komissiyaları ıqtıyarına beriliui mumkin.

Az mug’darda talan-taraj qılg’an shaxslardın’ isleri bolsa usı komissiyalarg’a beriliui lazım.

Militsiya xızmetkerinin’ nızamlı talapların orınlamaslıq turindegi er jetpegenlerdin’ ha’kimshilik huqıqbuzarlıg’ın ha’kimshilik isler boyınsha sud’yalar ko’rip shıg’adı.

Er jetpegenlerdin’ ha’kimshilik huqıqbuzarlıg’ı kem a’hmiyetli bolsa, ayıpdar o’z qılmısınan shın keulinen pushayman bolsa, o’z qılmısının’ aldın alıug’a ha’reket qılsa ha’m basqa jen’illestiriushi halatlar tiykarında islense huqıqbuzardı ha’kimshilik juuapkershilikten azat etip, onı eskertiu menen shegeralanıu mumkin.

Ha’kimshilik huqıqbuzar er jetpegenlerge ha’kimshilik jaza qollaudan aldın ol shaxs kimligin, qanday sharayatta ta’rbiya alg’anlıg’ın, ne sebepten ta’rtip buzıug’a jol qoyg’anlıg’ın teren’irek uyrenip shıg’ıp ilajı barınsha tusindiriu, ta’rbiyalaudı qollau maqsetke muuapıq.

===========================================

**Tayanısh tusinikler:** Ha’kimshilik, ha’kimshilik huqıq, ha’kimshilik huqıqıy qatnasıqlar, ha’kimshilik huqıq sub’ektleri, lauazımlı shaxslar, xızmetkerler, er jetpegenler, er jetpegenler komissiyaları, er jetpegenler juuapkershiligi.

**Ta’kirarlau ushın sauallar:**

1. Ha’kimshilik huqıq nelerdi retlestiredi ?
2. Ha’kimshilik huqıqının’ sub’ektleri kimler ?
3. Ha’kimshilik huqıqıy qatnasıqlar nelerden ibarat ?
4. Ha’kimshilik huqıqbuzarlıq ne ?
5. Ha’kimshilik huqıqbuzarlıqlar qaa’sı organlar arqalı qaraladı ?
6. Ha’kimshilik juuapkershilikke neshe jastan tartıladı ?
7. Er je’tpegenlerdin’ huqıqbuzarlıqları neler ?
8. Er jetpegenlerdin’ huqıqbuzarlıqların qarıushı organlar ?
9. Er jetpegen shaxslar kimler ?

=================================================

## 3-Lektsiya: Finans huqıqı tiykarları

**Reje:**

**1. Finans ha`m O`zbekstan ma`mleketinin` finanslıq xızmeti**
**2.Finans huqıqı dizimi ha`m derekleri**
**3. Finanslıq -huqıqıy normalar ha`m finanslıq-huqıqıy qatnaslar**
**4.O`zbekstan Respublikasında finanslıq baqlaw ha`m onın` huqıqıy tiykarları.**
**5. O`zbekstan Respublikası ma`mleketlik byudjeti ha`m byudjet huqıqı**

### 1. Finans ha`m O`zbekstan ma`mleketinin` finanslıq xızmeti

Finans ha`m finanslıq xızmetlerinin` payda bolıw tariyxı mın` jıllar aldın payda bolg`an. Ayyemgi Bobil ma`mlneketinde ha`reket etken Xmaaurapi nızamları, yamasa a`yyemgi Indiya ma`mleketinin` Manu nızamları. Rim imperiyası nızamları h.t.b. bul nızamlardın` ha`mmesinde bajı, salıq to`lew, ma`mleket xa`ziynesin esap-kitap etiw sıyaqlı ma`seleler o`z ornın tapqan.

XVII-XVIII a`sirlerdegi Evropada sanaattın` rawajlanıwı, ma`mleketler ha`m xalıqlar ortasındag`ı tu`rli baylanıslardın` ken`eyiwi orta a`sirlerdegi jer iyeleri, ja`miyette sawdagerler, fabrikashılar, bankirlerdin` keliwin, ma`mleket turmısında esap-kitap ha`m finanıslıq islerdin` o`sip ketiwine sebep boldı.

Finans ha`m finanslıq dizimler ha`r qanday ma`mleketke qarjılardı salıqlar, bajı ha`m basqa jıyımlar sıyaqlı puqaralardan jıyıp alıw, bir jerge toplaw ja`nede olardan ko`zlengen maqsetke muwapıq paydalanıw imkanın beredi. Finans qatnasıqlarının` rawajalanıwı ja`miyette gi miynet o`niminin`, mu`lktin` formaları, xojalıq ju`rgiziwshi sub’ektlerinin` huqıqıy xızmetlerinin` ekonomikalıq jaqtan ayrıqshalıg`ı ja`nede sırtqı ekonomikalıq baylanıslar menen de baylanıslı.

Finans dizimine to`mendegi buwınlar kiredi. O`zbekstan Respublikası ma`mleketlik byudjeti, Qaraqalpaqstan Respublikası ma`mleketlik byudjeti, wa`liyatlar ha`m jergilikli byudjetler.

- Byudjetten tısqarı maqsetli fondlar.
- Karxanalar, birlespeler, sho`lkemler, mekemeler ha`m xalıq xojalıg`ının` basqa tarmaqlar finansı.
- Mu`lkiy ha`m jeke qamsızlandırıw
- Kredit ma`mleket ha`m bank ta`repinen beriletug`ın

Ma`mlekettin` finanslıq xızmeti, bul ma`mleket moynındag`ı funktsiyalardın` orınlanıwın ta`miynelew jolında aqsha qarjıların toplaw, bo`listiriw qayta bo`listiriw tarawındag`ı tadbirlardan biri. Ma`mleket o`zinin` finanslıq dawamında bo`listiriw rejeli ra`wishte qarjılardı toplaw ha`m bo`listiriw ha`m baqlaw finanslıq qarjılardın` nızamlılıg`ı ha`m maqsetke muwapıq saplanıwı u`stinen wazıypalardı orınlaydı. Ma`mlekettin` finanslıq xızmeti tu`rli usıllarda a`melge asırıladı. Olardın` qarjıların toplaw ja`ne de bo`listiriw usıllarına to`mendegishe bo`linedi.

Finanslıq qarjılardın` toplaw usılları.
-salıqqa tartıw.
-ulıwma ma`mleketlik ha`m jergilikli a`hmiyetke baylanıslı salıqlar ha`m salıqtan tısqarı tu`simler.
-tu`rli ma`jbu`riy jıyımlar.
-miyras, sawg`a ha`m basqa mu`lklerdi nızamg`a tiykarlang`an jag`dayda ma`mleket biyligine o`tkiziw -ma`mleket qarızları.
-granlar.

-aqsha qarjılarının` ıqtıyarlı tiykarda toplanıwı xılıqtın` amanatı, qımbat bahalı qag`azlar, loteriya biletleri h.t.b.
-ma`mleketlik bajı jıyımı.
-byudjetten tısqarı fondlarg`a pul to`lew sotsiallın` ha`m basqa tu`rdegi qamsızlandırıwlar.

Bo`listiriw usılları.
-rejeli, maqsetke, qaytarmaslın` sha`rti menen ma`mleket n`arjıların byudjet esabınan beriw-fananslastırıw.
-rejeli, maqsetli, qaytarıp beriw sha`rti menen qarjılardı beriw-kreditlew.

Finanslastırıw ha`m kreditlew-finanslıq qarjılardı bo`listiriwdin` tiykarg`ı usılları bolıp esaplanadı. Finanslıq xızmetlerdi ta`rtipke salıwda en` ta`sirshen` qural huqıq. Bul finanslıq xızmetti a`melge asırıwdın` yuridik forması finanslıq-huqıqıy hu`jjetler shıg`arıwdan ibarat. O`zbekstan Respublikası finans xızmetinin` ha`zirgi basqıshındag`ı xızmetinde shet el ta`jiriybeleri de esapqa alınbaqta, byudjetten tısqarı tu`rli maqsetli fondlar du`zilmekte. Finans du`ziminin` ha`r bir buwını finans qatnasıqlarının` ma`lim bir ta`replerin esaplap olar ja`rdeminde ja`miyettin` ma`lim iqtiyajların qandırıw ushın pul fondların payda etedi. Bul fondlar oraylastırılg`an ha`m oraylastırılmag`an tu`rge bo`linedi.

Oraylastırılg`an fondlar-respublika, ha`liyatlar, rayonlar fondlarınan ibarat bolıp, olar tek g`ana usı aymaqlardın` ıqtıyajarı ushın g`ana paydalanadı.

Oraylastırılmag`an fondlar-ka`rxana, mekemeler pul fondları bolıp, olar islep shıg`arıw ha`m basqa sotsiallıq maqsetlerge isletiledi.

O`zbekstan finans diziminde oraylıq orındı respublika byudjeti dizimi iyeleydi ha`m ol ha`kimshilik aymaqlıq bo`linbelerdin` pul fondları ja`ne de ulıwma ma`mleketlik oraylastırılg`an pul fondlarınan ibarat boladı. Bul fondlar ulıwma ma`mleketlik, aymaqlıq sotsiallıq ekonomikalıq reje ha`m da`stu`rlerdi a`melge asırıw, ma`mlekettin` armiyasın ta`miyinlew sıyaqlı ıqtıyajlardı qandarıwg`a sarplanadı. Sonın` menen bir qatarda olar jaylarda o`zin-o`zi basqarıw islerin rawajlandırıwg`a isletiledi. Byudjet diziminin` qarjıları tiykarınan yuridikalıq ha`m fizikalıq shaxslardan alınatug`ın salıqlar esabına toplanadı.

Byudjetten tısqarı maqsetli fondlar. O`zbekstan finans diziminde jaqa finans dizimi, ol oraylastırılg`an ha`m aymaqlıq ja`ne de basqa da`rejedegi finans buwını bolıp, tiykarınan 1981 jıldan baslap belgilene basladı. Bul fondlar napaqa fondı. Olar tiykarınan fizikalıq ha`m yuridikalıq shaxslar ta`repinen beriletug`ın ma`jbu`riy to`lemlerden ibarat boladı.

Ka`rxanalar finansı-bul barlıq finans diziminin` buwını baslang`ısh zvenosı bolıp esaplanadı. Ol materiallıq islep shıg`arıw menen tikkeley baylanıslı bolıp, islep shıg`arıw jag`dayında milliy da`ramad payda bolıp, sotsiallıq finans dizimi arqalı bo`listiriledi ha`m qayta bo`listiriledi.

Mu`lkiy ha`m jeke qamsızlandırıw a`dette qamsızlandırıw fondlarına finanslıq ha`m yuridikalıq shaxslardın` tu`rli ta`biyiy apatlardan qorg`aw ha`m basqa qolaysız sebepler keltirgen zıyanlardı qaplaw ushın isletiw maqsetinde du`ziledi. Bul fondlardın` tiykarg`ı deregi bolıp yuridikkalıq ha`m fizikalıq shaxslardan tu`setug`ın qarjılar ha`m ayırım jag`daylarda ma`mleketlik byudjeti qarjıları esaplanadı.

Kredit-degenimizde ma`mlekettin` bos turg`an qarjılardan yuridikalıq ha`m fizikalıq shaxslardın` qarjıların belgilep, qaytarıp beriw sha`rti tiykarında isletiliwi aytıladı.

Ma`mleketlik krediti yuridikalıq ha`mm fizikalıq shaxslar qarjılarının` ma`mleket ta`repinen waqtında isletip turılıwı.

## 2.Finans huqıqı dizimi ha`m derekleri

Finans huqıqı degende ma`mleket ta`repinen finanslıq qatnasıqlardı payda etiw, ta`rtipke salıw tarawında qatnasıwshılardın` ha`reketlerin ta`ertipke salıwshı nızıщamlar jıyındısı na`zerde tutıladı.

Finans huqıqı O`zbekstan Respublikasındag`ı huqıq tarmaqlarınan biri sıpatında ma`mleket byudjeti islep shıg`ıw, qabıl etiw, da`ramatlar ha`m qa`rejetler boyınsha orınlanıwın ta`miyinlew, finans tarawındag`ı oraylıq ha`m jergilikli ma`mleketlik organları dizimi, wa`killiklerin belgilew, finans tarawında yuridikalıq ha`m fizikalıq shaxslardı ma`mleket ha`m ja`miyet'liu organları xızmetin baqlaw, qag`ıydaları ja`ne de ta`rtiplerin anıqlaw sıyaqlı wazıypalardı orınlaydı. Bank xızmeti, pul-kredit, salıq xamsızlandırıw, ekonomikalıq tarawlardı finanslastırıw, valyuta qatnasıqların ta`rtipke salıw, finans organları menen basqa yuridikalıq shaxslar ortasındag`ı qatnasıqların ta`rtipke salıwda finans huqıqının` ob'ekti qatarına kiredi.

Finans huqıqı pa`ni ma`mlekettin` oraylastırılg`an ha`m basqa oraylastırılmag`an pul frndların rejeli ra`wishte belgilew, bo`listiriw ha`m paydalanıw menen baylanıslı bolg`an o`z wazıypaların orınlawda payda bolatug`ın sotsiallıq qatnasıqlardan ibarat.

Finans huqıqı, basqa huqıqıy pa`nlerden ayırmashılıg`ı, bul finanslıq qatnası qatnasıwshısı bolg`an shaxslar ha`reketi qag`ıydaların belgilep beredi, bul qatnasıqlar bir ta`rtiptin` ekinshi ta`rtipke boysınıwg`a tiykarlang`an ha`kimniyat qatnasıqları.

Finans huqıqı pa`ninin` mazmunı finans huqıqı tarmag`ı ha`m ma`mleket finans xızmetin ta`rtipke salıwshı basqarıw ma`selelerdegi bilimler diziminen ibarat.

Finans huqıqı ma`mleket huqıqı menen ma`mleket byudjetin silep shıg`ıw ha`m orınlawda ja`nede ha`kimshilik huqıq penen(ma`jbu`riy buyrıqlar beriw, olardın` orınlanıwın ha`kimniyat ku`shi menen ta`miyinlew) tıg`ız baylanıslı.

Finans huqıqı-huqıq tarmag`ı sıpatında ulıwma ha`m tiykarg`ı bo`limnen ibarat bolıp, ulıwma bo`limde onın` mazmunı, wazıypaları, derekleri, finanslıq-huqıqıy qavtnasıqları ja`nede olardın` qatnasıwshıları, finanslıq xızmetlerdi a`melge asırıwshı ma`mleket wyımlarının` huqıqıy ataması u`yretiledi.

Al, tiykarg`ı bo`limde, finanslıq- huqıqıy qatnasıqlardın` ayırım tu`rleriYU olardı huqıqıy ta`rtipke salıwdın` ma`nisleri u`yretiledi. Finanslıq huqıqıy qatnasıqlardın` ayrım tu`rlerine O`zbekstan Respublikası ma`mleket byudjeti ha`m byudjet huqıqı, salıq qatnasıqları ha`m onı ta`rtipke salıw, qamsızlandırıw qatnasıqları, xalıq xrjalıg`ın finanslastırıw,bank, esap-kitap qatnasıqların huqıqıy ta`rtipke salıw kiredi.

Finans huqıqının` derekleri- finanslıq qatnasıqlardı ta`rtipke salıwshı nızamlılıq hu`jjetlerinen ibaratyu Bularg`a huqıqıy normativ hu`jjetler, nızamlar, nızamlılıq hu`jjetleri, jergilikli organlardın` normativ hu`jjetleri kiredi.

Barlıq huqıq tarawları sıyaqlı finans huqıqının` tiykarg`ı deregi O`zbekstan Respublikası Konstitutsiyası O`zbekstan Respublikası Konstitutsiyası finanslıq qatnasıqlardı ta`rtipke slawdın` bas qag`ıydaların,bul tarawdag`ı ma`mleket organları xızmetinin` tiykarların belgilew menen usı huqıq tarawının` ja`nede rawajlanıwına ja`rdem beredi.

Finans huqıqının` tiykarg`ı dereklerinen O`zbekstan Respublikası Oliy Ma`jlisi ta`repinen qabıl etilgen nızamlar esaplanadı. (Mıs. O`zbekstan Respublikası Oraylıq banki haqqındag`ı Bank ha`m bank xızmeti haqqındag`ı O`zbekstan Respublikası salıq kodeksi, buxgalteriya esabı haqqındag`ı, ka`rxanalar haqqındag`ı mu`lk haqqındag`ı nızamlar kiredi.

O`zbekstan Respublikası Prezidenta ta`rerepinen shıg`arılg`an pa`rmanlar finanslıq qatnasıqlardı basqarıwda u`lken orın tutadı. Bunnan basqa respublika hukimeti ta`repinen shıg`arpılg`an qararlar, finans ministrligi, ma`mleket salıq komiteti, Oraylıq banki, ma`mleket mu`lkti basqarıw komiteti, a`dillik ministrligi

ta`repinen shıg`arılg`an tu`rli normativ hu`jjetler (buyrıqlar, biylikler, h.b.) finans huqıqının` en` za`ru`r derekleri esaplanadı.

## 3. Finanslıq -huqıqıy normalar ha`m finanslıq-huqıqıy qatnaslar

Finans qatnasıqların ta`rtipke salıw ma`mleket ta`repinen belgilengen yuridikalıq normalar, hu`jjetler shıg`arıw jolı menen a`melge asırıladı. Al, finanslıq normalardın` mazmunı, ma`mlekettin` finanslıq xızmeti dawamında payda bolatug`ın ja`miyetlik qatnasıqlardın` ta`rtip qag`ıydalarınan ibarat boladı.

Finans huqıqı normalarınıq diziminende tiykarınan u`sh bo`limnen ibarat bolıp, olar

1. gipoteza
2. disprzintsiya
3. sanktsiya

1) Gipoteza-finanslıq normalardın` ha`reketin belgileydi.

2) Dispozitsiya-finans qatnasıg`ındag`ı qatnasıwshılardın` ha`reket qag`ıydaların belgileydi. Olardın` huqıq ha`m minnetlerin ko`rsetedi, olardan ma`lim ta`rtip qag`ıydalarg`a qatan` boysınıwdı talap etedi ha`m bul qag`ıydadardan shetke shıg`ıwg`a jol qoymaydı.

3) Sanktsiya-finanslıq huqıqıy normalardı buzıwshılarg`a juwapkershilik sharaların belgileydi. Finanslıq huqıqıy normalar jaza sharalar basqa huqıqıy jaza normalarınan to`mendegishe ayırılıp turadı.

a) aqsha formasında, materiallıq qarshılar formasında juwapkershilikti belgileydi ha`m ma`jbu`riy tu`rge iye boladı.

b) anıq ko`rsetilip, jarima salıq salıw, finanslastırıwdı toqtatıw sıyaqlı sharalardan ibarat boladı.

v) ayırım jag`daylarda ha`kimshilik ha`m jınayıy juwapkeoshilikte na`zerde tutıladı.

Finans huqıq normaları ha`r qanday basqa nızamlılıq normalarg`a sa`ykes ma`nisl er (ma`mlekettin` wa`killik organları ta`repinen qabıl etilgenligi) belgili formada (nızam, biylik qarar, h.t.b.) ko`rsetilgenligi, gipoteza, dispozitsiya, sannktsiya sıyaqlı bo`limlerden ibaratlıg`ı h.t.b. sa`ykes bolg`an xa`reketlerine de iye, en` aldı menen bul huqıq tarmag`ının` ha`kimshilik-biylik beriw tu`rine iye ekenligi menen ko`rsetiledi. Olar to`mendlegilerden ibarat. -Olar tiykarg`ı qollanıwtarawına-ma`mlekettin` finanslıq hızmetin ta`rtipke salıwg`a, finanslıq-huqıqıy qatnasıg`ının` qatnasıwshılarının` ha`reketlerin ta`rtipke salıwg`a qaratılg`an. -finanslıq huqıqıy normalar imperativ (buyırıw) tu`rine iye bolıp, bul normalardın` qollanıw sha`riyatların, qollanıw ta`rtibi ha`m ha`reketinin` o`zgertiliwine, ta`rtipler huqıq ha`m minnetleri, qollanılatug`ın jaza (kanktsiya)lardın` ken`eyiwine,yaki shegeralanıwına jol qoyılmaydı.

Finanslıq-huqıqıy normalar finanslıq qatnaslar qatnasıwshılarına ta`sir ko`rsetiw usıllarına qarap to`rt tu`rge bo`linedi.

1. Minnetlerdi belgilewshi normalar.

Bunday huqıqıy normalarda finans qatnasıqlarının` qatnasıwshıları (ma`mleketlik ka`rxanalar, sho`lkemler, puqaralar ha`m t.b) o`z-ara qatnasıqlarında ma`mleke’tlik ha`reketlerdi orınlaw menen baylanıslı bolg`an minnetler belgilenedi.

2. Qag`ıydalawshı huqıqıy normalar.

Bunda finanslıq qatnasıqlar qatnasıwshıları ma`mleketlik bir ha`reketlerdi a`melge asırıwların qadag`alaydı. Qag`ıydalawshı huqıqıy normalar O`zbekstanda basqa normalarg`a qarag`anda kemirek isletiledi.

3. Wa`killik beriwshi finanslıq huqıq

Edette finanslıq qatnas qatnasıwshılarına g`a`rezsiz ra`wishte belgili bir finanslıq ha`reketler etiw ushın wa`killik belgileydi. Ko`binese jergilikli organlarg`a

finanslıq resurslardı belgilew ha`m olardan paydalanıwg`a g`a`rezsiz qararlar qabıl etiwge huqıq berilgen.

4.Orınlanıwın ta`miyinlewshi normalar.

Bunda finanslıqqatnaslar qatnasıwshılarının` belgili finanslıq-huqıqıy normalar boyınsha belgilengen wazıypalardı a`melge asrıwda ta`rtip qag`ıydaların belgileydi. Bular basqa finanslıq-huqıqıy normalardın` orınlanıwına u`lken ja`rdem beredi. Solay etip, finanslıq huqıqıy normalar ma`mlekettin` oraylastırılg`an ha`m oraylastırılmag`an pul fondların du`ziw, bo`listiriw ha`m olardan paydalanıwdan kelip shıg`atug`ın ja`miyetlik finanslıq qatnasıqlardı ta`rtipke salıwda paydalanatug`ın, ma`mleket ta`repinen ornatılg`an ta`rtiplerdin` huqıq ha`m minnetlerin belgilewshi, ma`jbu`riy tu`rge iye bolg`an ta`rtip- qag`ıydalardan ibarat.

Finanslıq-huqıqıy qatnas tu`sinigi, kelip shıg`ıw tiykarları.

Ma`mleket ta`repinen finanslıq xızmetti a`melge asrıwda o`zi wa`killik bergen organlar arqalı xızmet qatnasıwshısı bolg`an tu`rli shaxslar menen qatnasıqqa kirisedi ha`m bul qatnaslar finanslıq qatnaslar bolıp esaplanadı.

Finanslıq qatnasıqlardın` maqseti ma`mleket aldında turg`an wazıypalardın` orınlanıwın ta`miyinlewshi qarjılardın` toplanıwı ha`m maqsetke muwapıq ja`ne de nızamlarg`a tiykarlanıp sarplanıwı, ma`mlekette pul- kredit siyasatın ju`rgiziwin ta`miyinlewden ibarat.

Inanslıq huqıqıy qatnaslar n`zine sa`ykes ha`reketleri menen basqa tu`rdegi huqıqıy qatnasıqlardan ajıralıp turadı.

-finanslıq huqıqıy qatnasıqlarda ma`mleket o`z wa`killikli organları arqalı (finans, salıq,bank) qatnasadı ha`m bul jag`day qatnasıwshılardın` ten`siz ekenligin ko`rsetedi.

-finanslıq-huqıqıy qatnas ob’ekti bolıp pul, yaki pul ma`jbu`riyatları esaplanadı. ja`nede olar pul fondlarının` payda bolıwı ha`m olardan paydalanıwı menen baylanıslı boladı.

-finanslıq huqıqıy normalar buzılg`an jaqdayda ma`mleket ta`repinen (onın` wa`killikli organları arqalı) huqıqıy qatnasıqtın` ekinshi qatnasıwshısına tiyisli sanktsiyalar qollanıladı. Finanslıq huqıqıy qatnaslar tek g`ana ma`mlekettin` o`zi ta`repinen o`zgertiliwi, yaki biykar etiliwi mu`mkin.

Finanslıq huqıqıy qatnas ob’ektleri ha`m sub’ektleri. Finanslıq-huqıqıy qatnaslar o`z ob’ek’lerine iye. Bul ob’ektler en` aldı menen pul ha`m pul ma`jbu`riyatları, bunnan tısqarı pul qarjılarının` toplanıwın wa`m sarplanıwın ta`miyinlewshi ta`rtip-qag`ıydalar, finanslıq qatnasıqtın` qatnasıwshılarının` nızamlı ha`reketleri kirgiliziwi mu`mkin.

Finanslıq-huqıqıy qatnaslar eki ta`repleme qatnaslar bolıp, onda ha`mme waqıt minnetlemelerdin` orınlanıwın ha`mmeden ha`m ha`mme waqıt talap teiw wa`killigine iye bolg`an ma`mleket (onın` finans, salıq, kredit organları) al ekinshi ta`repten finanslıq- huqıqıy normalarg`a qaratılg`an basqa shaxslar(ma`mleket ha`m ja`ma`a`tlik uyımlar, yuridik ha`m fizikalıq shaxslar) qatnasadı. Ekinshi ta`rep, yag`nıy finans organları menen baylanısqa kirisip atırg`an shaxslar o`z minnetlemelerin bir ta`repleme, so`zsiz orınlanıwı sha`rt boladı.

Bul qatnasıqlardın` ekinshi ta`repi bolg`an shaxslar tek g`ana minnetlerge iye boladı ha`m bul minnet mazmunı huqıqıy qatnasıqtı ju`zege keltiretug`ın belgili huqıqıy hu`jjet bolıp belgilenedi.

Finanslıq -huqıqıy qatnasıqlar sub’ekt quramına qaray.

1. ma`mleketlik ha`kimniyat organları ortasındag`ı
2. ma`mleketlik ha`kimniyat organları ha`m ulıwma wa`killikli ma`mlekelik basqarıw organları ortasındag`ı
3. joqarı turıwshı ha`m to`mengi ma`mleketlik basqarıwı ortasındag`ı, yag`nıy finans-kredit organları menen.

4. ka`rxanalar, mekemeler, birlespeler, sho`lkemler menen olardın` joqarg`ı organları ortasındag`ı.
5. finanslıq organlar menen ka`rxanalar ha`m birlespeler ortasındag`ı
6. finans organları menen puqaralar ortasındag`ı
7. finans-kredit organlarının` tikkeley o`zleri ortasındag`ı qatnaslar.

Finanslıq huqıqıy qatnaslar o`zinin` mazmunına qaray byudjet tarawındag`ı, salıqlar boyınsha, qamsızlandırıw ma`selelrindegi, kredit tarawındag`ı h.b tu`rlerge bo`linedi.

Finanslıq-huqıqıy qatnasıqlar sub’ektlerinin` huqıqın qorg`aw.

Finanslıq- huqıqıy qatnasıqlarda qatnasıwshı sub’ektlerdin` nızamlı ma`plerin qorg`awdın` tiykarınan eki tu`ri bar.

1. Ha`kimshilik ta`rtipti qorg`aw.
2. Sud arqalı qorg`aw.

Ha`kimshilik ta`rtipte finanslıq qatnasıqlar sub’ektlerinin` huqıqların qorg`aw, tiykarınan ma`mleket, jergilikli organlar, ka`rxanalar, mekemeler, sho`lkemler ha`m birlespelerge ma`mlekettin` ma`jbu`rlew sharaları qollanılg`an jag`daylarda isletiledi.

Sud arqalı finanslıq-huqıqıy ma`plerin qorg`awdın` tiykarg`ı O`zbekstan Respublikası konstitutsiyasının` 22-babında puqaralardın` huqıq ha`m erkinligin sudlar ta`repinen qorg`aw kepilligi menen belgilengen. Finanslıq- huqıqıy ma`plerdi sudlar arqalı qorg`aw ta`rtibi ma`mlekettin` puqaralar menen bolatug`ın finanslıq qatnasıqlardın` buzılıwı, yag`nıy salıq organları ta`repinen salıq o`ndiriw, ma`mleketlik ma`jbu`riy qamsızlandırıw to`lemlerin to`letiw, ma`lim jag`daylarda finanslıq sanktsiya (jaza) belgilengende kelip shıg`adı. Sud ta`repinen qorg`alıwdın` za`ru`rligi sonda, yag`nıy ma`mleketlik organlar dın` nızamg`a qarsı ha`reketleri sebepli puqaralar ha`m yuridikalıq shaxslardın` huqıqları buzılg`anda keltirilgen zıyanlardı to`leniwi nızamlar menen tiykalanıp, tolıq kepillenedi. Qa`te o`ndirilgen salıqlar ha`m basqa to`lemler ornı tolıq qaplanadı.

Sud arqalı huqıqlardı qorg`aw ta`rtipleri ha`m usılları O`zbekstan Respublikasının` puqaralıq protsessual ha`m xojalıq protsessual kodekslerinde ja`nede basqa nızamlılıq hu`jjetlerinde belgilep qoyılg`an.

Finanslıq-huqıqıy normalardın` buzılıwının` aldın alıw buzılg`an jag`daylarda sub’etlerdin` nızamlı ma`plerin qorg`awdın` za`ru`r sharaları, en` aldı menen puqaralar ha`m barlıq finanslıq qatnaslar qatnasıwshıların finanslıq qatnasıqlar ta`rtibin buzbawg`a isendiriw.

Lektsiya№. O`zbekstan Respublikası ma`mleketlik oraylıq ha`m jergilikli organlardın`finanslıq xızmetinin` huqıqıy tiykarları.

O`zbekstan Respublikası Konstitutsiyasına ha`m onın` tiykarında shıg`arılg`an basqa nızamlarg`a muwapıq ma`mlekettin` xızmeti onın` ha`kimniyat, basqarıw ja`ne de jergilikli ha`kimniyat uyımları ta`repinen a`melge asırıladı. O`zbekstan Respublikası Konstitutsiyası ha`m basqa nızamlarg`a muwapıq ma`mleketlik organlar ta`repinen finanslıq xızmet ma`mleket ha`m ja`miyet ma`plerine xızmet etiwshi bir qatar tamoyillarga jetekshi qag`ıydalarg`a muwapıq ra`wishte alıp barılıwı lazım. Bul tamoiylar finans, kredit salıq ha`m bank tarawındag`ı nızamlar dı belgilep qoyılg`an. 1993jıl 6-mayda qabıl etilgen O`zbekstan Respublikası Vazirler Maxkamması haqqındag`ı nızamının` 10 statyasında Vazirler maxkammasının moynına finans ha`m finanslıq xızmet tarawında to`mendegi wazıypalar ju`klengen.

1. O`zbekstan pul-kredit siyasatın bekkemlew sharaların ko`riw.
2. Respublika byudjetin islep shıg`arıw ha`m orınlanıwıu` sho`lkemlestiriw.
3. Ma`mleketti sotsiallıq ha`m ekonomikalıq rawajlandırıw da`stu`rlerin islep shıg`ıw ja`ne de olardın` orınlanıwın sho`lkemlestiriw.

O`zbekstan Respublikasının`1993 jıl 2-sentyabrdegni jergilikli ma`mleketlik lrganlar haqqındag`ı nızamında, usı nızamnın`3 babı jergilikli ma`mleketlik ha`kimniyat uyımlarının` finanslıq xızmet tiykarları belgilep qoyılg`an.

Ma`mleketlik organlar ta`repinen finanslıq xızmettin` a`melge asrılıwında to`mendegishe printsipler ko`rsetilgen.

-Ma`mleketlik finans organları menen o`z-ara qatnasıqlar dawamında bardlıq ka`rxanalar, birlespeler, puqaralar da nızamlarg`a qatan` ha`reket etiwi kerek.

Nızamlılıq printsipine boysınıw finanslıq qatnasıqlar bekkemligin ta`miyinlew, ma`mleketlik finans xızmetin ko`zlengen maqset ha`m wazıypalardın` orınlanıwına erisiw, na`tiyjede ma`mleketlik finanslıq ha`m ekonomikalıq qudretinin` bekkemleniwine xızmet etedi.

O`zbekstan Respublitkası Ministrler kabineti finanslıq xızmetin a`melge asırıw wa`killiklderi ja`ne de huqıqıy jag`dayı O`zbekstan Respublikası Minstrler Kabineti haqqındag`ı nızamda belgilengen ha`m bul xızmet ma`mleketlik byudjetin islep shıg`ıw ja`ne de onın` orınlanıwın sho`lkemlestiriw, ma`mleketinde ekonomikalıq rawajlanıw ha`m bekkemlewin ta`miyinlew, pul-kredit tarwında sapalı siyasat islep shıg`ıwdan ibarat.

O`zbekstan Respublikası aymag`ında ma`mleketlik finans xızmetinin` tikkeley a`melge asırılıwında, ma`mleketlik byudjettin` islep shıg`arıwı ha`m onın` orınlanıwında, pul-kredit siyasatının` a`melge asırılıwında finans ministrligi jetekshi orında iyeleydi.

O`zbekstan Respublikası Oliy Ma`jilis ta`repinen 1997-jıl 29-avgustta tastıyıqlang`an O`zbekstan Respublikası Ma`mleketlik salıq xızmeti haqqındag`ı nızam ja za`ru`r orın iyeleydi. Bul nızamnın` 4-stat'yası bolıp salıqlar haqqındag`ı nızamlarg`a ha`reket etiwin ta`miyinlew, barlıq salıq ha`m salıqtan tısqarı to`lemlerdi tolıq ha`m anın` esapqa alıw, salıqlardın` tuwrı esaplanıwı ha`m tolıq to`leniwin ta`miyinlewden ibarat. Finanslıq xızmet O`zbekstan Respublikası Orayılq banki ha`m basqa tu`rdegi bankler ta`repinen de alıp barıoadı. Bank tiykarlarının` finans ha`m finanslıq xızmet tarawındag`ı huqıqıy jag`dayları, wa`killikleri, huqıq ha`m minnetleri O`zbekstan Respublikasının` Oraylıq banki haqqındag`ı, O`zbekstan Respublikasının` ,Bankler ha`m bank xızmeti haqqındag`ı, Valyutanı ta`rtipke salıw haqqındag`ı nızamlarda belgilep qoyılg`an.

O`zbekstan Respublikası ha`m Qaraqalpaqstan Respublikası Parlamenti finanslıq xızmetin, finans salıq, pul-kredit ha`m basqa tarawlarda nızamlar tayarlaw, jg`ne de qabıl etiw, orınlanıwın tekseriw, ma`mleket jalg`ız finans sıyasatına tiyisli basqa qararlar qabıl etiw, ma`mleketlik organlar lawazımlı shaxslardın` bul ma`seleler ju`zesinen esabatların tın`law, za`ru`r jag`daylarda tekseriwlerdi sho`lkemlestiriw formaların a`melge asıradı.

O`zbekstan Respublikası hukimetinin` finanslıq xızmeti jalg`ız finans, pul-kredit siyasatın islep shıg`ıw, a`melge asırıw, bul tarawda tu`rli da`rejedegi ma`mleketlik organlar ha`reketin muwapıqoastırıw, ruspublika aymag`ındag`ı ta`dbirlerdi a`melge asrırıwg`a qararlardı qabıl etiw, finans, pul-kredit syaisatının` a`melge asrırılıwın gu`zetip barıw, a`ne usı maqsetke tarmaq basshılarının` esabatlarıne tın`law, da`stu`rlerdi islep shıg`ıw ha`m a`melge asırıwda orınlaydı.

Respublika finans Ministrligi ma`mleketlik finans xızmetin a`melge asrıwshı tiykarg`ı uyım sıpatında tn`mengdegi formada jumıs alıp baradı.

Salıq to`lewshilerdin` salıq nızamlılıg`ı tarawındag`ı huqıqıy sapası ha`m yuridikalıq isler de salıq organları xızmet formalarınan biri sanaladı.

Jergilikli ha`kimniyat organları ha`kimler, xalıq deputatları ken`esleri o`z wa`killiklerinde ma`mleketlik finans xızmetin a`melge asıradı.

### 4. O`zbekstan Respublikasında finanslıq baqlaw ha`m onın` huqıqıy tiykarları.

Finanslıq baqlawdın` payda bolıwı og`an tek g`ana ekonomikalıq kategoriya sıpatında bo`listiriw wazıypasın g`ana emes, al baqlaw wazıypası da ju`klengenligi menen belgilengen. Sol sebepli ma`mlekettin` finanslıq baqlawdan o`z aldına qoyılg`an wazıypalardı sheshiwde paydalanıwı ekonomikamızg`a xızmet etedi. Finanslıq baqlaw ma`mleketlik ha`kimniyat ha`m jergilikli organlardın` barlıq dizimi ta`repinen, sonın` ishinde tiykarg`ı baqlaw organları ta`repinen ja`miyetlik birlespeleri, miynet ja`ma`a`tleri qatnasıwında nızamda belgilengen ta`rtipte a`selge asırıladı.

Finanslıq baqlawdın` a`hmiyeti sonnan ibarat, onın` ja`rdeminde birinshiden, ma`mleketlik ha`m ja`miyetlik birlespeler, ka`rxanalar, finanslar, mekemeler, sho`lkemler, puqaralar ta`repinen o`zinin` finanslıq xızmetinde huqıqıy ta`rtipte boysınıwın gu`zetip barıw, ekinshiden, a`melge asırılıp atırg`an finanslıq ha`reketlerdin` ma`mleket aldında turg`an wazıypalarg`a muwapıq keliwin a`melge asıradı. Solay etip, finanslıq islerdi a`melge asırıw payıtında nızamlılıqqa boysınıw, ha`reketlerdi maqsetke muwapıqlıg`ın ta`miyinlewdin` za`ru`rquramı bolıp xızmet etedi.

Finanslıq baqlaw bul-pul qarjıların payda etiw, bo`listiriw, olardan paydalanıwdan ma`mleketlik ha`m jergilikli ha`kimniyat sub’ektleri a`melge asırıp atırg`an ha`reketlerdin` nızamlılıg`ı, ja`ne de maqsetke muwapıqlılıg`ı u`stinen ma`mlekettin`, onın` sapalı sotsial-ekonomikalıq ta`miyinlew maqsetinde a`melge asırılıwın baqlaw.

Finanslıq baqlaw a`emlge asırılatug`ın qatnasıqlardı tekseriw waqtında.

a) sho`lkemler ha`m puqaralar ta`repinen o`zinin` xızmetleri dawamında ma`mleketlik, jergilikli ha`kimniyat uyımları aldındag`ı finanslıq minnetlerdin` orınlanıwın baqlaw,

b) ma`mleketlik ha`m jergilikli ka`rxana, birlespe, shu`lkemler ta`repinen olardın` ıqtıyarında yaki operativ basqarıwda bolg`an pul qarjılarınan durıs paydalanıp atırg`anlıg`n baqlaw.

v) ka`rxanalar, mekemeler ha`m sho`lkemler ta`repinen finanslıq operatsiyalar, esap-kitap ha`m pul qarjılarn saqlaw ha`m sarplaw qag`ıydalarına boysınıwdı gu`zetip barıw.

g) ka`rxanalar sapalılıg`ı, miynet o`nimdarlıg`ı, materiallıq ha`m basqa resurslardan o`nimli paydalanıw ushın qosımsha imkaniyatlardı tabıw.

d) nızam buzılg`an jag`dayları anıqlang`an jag`d ayda, ka`rxana ha`m birlespelerge, olardın` lawazımlı shaxslarına nızamda ko`rsetilgen sharalardı ko`riw maqsetleri na`zerde tutıladı.

Finans intizamı, bul-jergilikli basqarıw sub’ektleri ka`rxanalar, mekemeler, sho`lkemler ta`repinen ma`mleketlik qarjılardı belgilew, bu`listiriw, olardan paydalanıw waqtında belgilengen ta`rtiplerge anıq ha`m qatan` boysınıwdan ibarat. Finans intizamına baylanıslı talaplar tek g`ana ka`rxana, mekmeler, sho`lkemlerge g`ana emes, al sonın` menen birge ma`mleketlik ha`kimniyat ha`m jergilikli basqarıw organlarına da tolıq tiyisli.

### 5. O`zbekstan Respublikası ma`mleketlik byudjeti ha`m byudjet huqıqı

Ma`mleket o`z wazıypaların orınlaw barısında bir qatar ha`reketler islewi za`ru`r. Bul qa`rejetler, en` aldı menen, ma`mleket ekonomikasın rawajlandırıw ushın tu`rli tarmaqlarg`a investitsiya etiw ushın mo`lsherlengen, xalıqtın` turmıs da`rejesin ko`teriwge mo`lsherlengen sotsiallıq wazıypalardı orınlawg`a ajıratılg`an, ma`mleketti basqarıw, armiyalı ta`miyinlew sıyaqlı anıq maqsetlerge qaratılg`an, rejelestirilgen hu`jjetlerden ibarat boladı. Bul ulıwma ma`mleket qa`rejetleri byudjet arqalı finanslastırıladı.

Respublika nızamlarında byudjet ma`mleketlik byudjetke ha`m jergilikli byudjetlerge bo`liniwi na`zerde tutılg`an. Byudjettin` qaysı da`reje ekenliginen qatan` og`an u`sh tu`rde jandasıw mu`mkin;

-ekonomikalıq kateogriya -

materiallıq ma`nide -huqıqıy

kategoriya sıpatında

Ekonomikalıq kategoriya sıpatında byudjet tu`rli byudjet fondların belgilew, bo`listiriw, paydalanıw waqtında payda bolatug`ın ekonomikalıq qatnasıqlar.

Materiallıq ma`nide byudjet-tiyisli da`rejedegi ma`mleket ha`m jergilikli ha`kimniyat organları xızmetin ta`miyinlewshi olar aldına qoyılg`an siyasiy, ekonomikalıq, sotsiallıq wazıypalardı orınlaw imkanın beriwshi oraylastırılg`an pul qarjıları fondınan ibarat.

Huqıqıy kategoriya sıpatında byudjet tiyisli aymaqta oraylastırılg`an pul qarjıların belgilew, bo`listiriw, paydalanıwg`a qaratılg`an ha`m tiyisli ma`mleket, yamasa jergilikli ha`kimniyat organı ta`repinen tastıyıqlang`an tiykarg`ı finanslıq reje, yuridikalıfq normalardan ibarat.

Belgilengen ta`rtipte ko`rip shıg`ılg`an ha`m tastıyıqlang`an byudjet tiykarg`ı ma`mleket, yamasa jergilikli finanslıq rejege, ma`mleket hu`jjetlerine aylanadı.

Byudjet finanslıq tiykarı sıpatında to`mendegi belgiler menen belgilenedi - byudjet universal finanslıq reje sıpatında tiyisli aymaqtın` ekonomikalıq ha`m sotsiallıq taraqqietinin` barlıq tarawları ha`m bag`darlamasın tolıq qaplap aladı.

-byudjet basqa tu`rdegi finanslıq rejelerge nisbatan muwapıqlastırılıwshı wazıypanı orınlaydı.

Byudjet, bul-tu`rli da`rejedegi oraylastırılg`an pul qarjılarının` fondın payda etiw, bo`listiriw ha`m paydalanıwg`a baylanıslı tiykarg`ı finanslıq reje bolıp, ol tiyisli ma`mleket, yamasa jergilikli organ ta`repinen islep shıg`arılg`an ja`ne de tastıyıqlang`an yuridikalıq hu`jjetten ibarat.

Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`es ta`repinen Qaraqalpaqstan Respublikası Ma`mleketlik byudjeti tastıyıqlanadı.

Byudjet huqıqı finanslıq dizimnin` bir quramı sıpatında byudjetti payda etedi, bo`listiriw ja`ne de paydalanıwdan payda bolıwshı ja`miyetlik qatnasıqlardı ta`rtipke saladı.

Byudjet huqıqı mazmunına to`mendegiler kiredi; -O`zbekstan Respublikası byudjeti du`zilisi ha`m byudjet tizimleri tarawındag`ı qatnaslar;

1. O`zbekstan Respublikası byudjeti ha`m jergilikli byudjet da`ramatları ha`m qa`rejetler du`zilisi, olar dın` tu`rli byudjet buwınları ortasında bo`listiriw tarawındag`ı qatnaslar.

-Respublika byudjeti ha`m jergilikli byudjetler wa`killiklerin belgilewge baylanıslı qatnaslar.

2. Byudjet protsessi menen baylanıslı qatnaslar.

-Byudjettin` orınlanıwı u`stinen qadag`alawdı sho`lkemlestiriw ha`m a`melge asırıw menen baylanıslı qatnaslar.

Byudjet huqıqı qatnasıg`ının` subъektleri;

-ma`mleket, ha`kimshilik-aymaqlıq du`zilmeler;

3. ma`mlekettin` wa`killik, jergilikli atqarıw organları.

-ma`mleket ha`m munitsial birlespeler.

Birinshi gruppag`a O`zbekstan Respublikası organları, wa`liyat, rayon, qala ha`kimniyatları kiredi.

Ekinshi gruppag`a hu`kimet, wa`liyat, qala, rayon maъmuriyati, finanslıq organlar dizimi (Finans Ministrligi, finans basqarmaları, salıq organları, bank dizimleri) kiredi.

U`shinshi gruppag`a ma`mleket ha`m munitsinal ka`rxanalar, mekemeler ha`m ma`mleketlik byudjet esabınan qarjı menen ta`miyinlenetug`ın basqa dizimler kiredi. Respublikalıq byudjet du`zilisi tu`sinigi degende byudjet dizimlerin sho`lkemlestiriw ha`m onın` du`zilis qag`ıydaları ko`zde tutıladı.

Ha`r qanday ma`mlekettin` byudjet du`zilisi onın` ma`mleket ha`m ha`kimshilik- aymaqlıq du`ziliske qaray belgilenedi. Sol sebepli fedrativ, konfederativ yamasa unitar ma`mleketlerde ol o`zine sa`ykes mazmunlarg`a iye boladı.

O`zbekstan Respublikasının` byudjet du`zilisi onın` quramındag`ı Qaraqalpaqstan Respublikasının` barlıg`ı, wa`liyatlarg`a, respublikag`a boysınıwshı qalalarg`a bo`lingenligi menen belgilenedi. Bul jag`day esapqa alıng`an jag`dayda O`zbekstan Respublikası byudjeti dizimi to`mendegilerden du`ziledi;

-respublika byudjeti;

-Qaraqalpaqstan respublikası byudjeti;

-Tashkent qalası byudjeti,

-jergilikli (wa`liyat, qala, rayon) byudjetleri, O`zbekstan Respublikası byudjet du`zilisinin` ekinshi quramındag`ı bo`lim bolıp, byudjet dizimi du`ziliwi printsipleri esaplanadı. Bul printsipler qatarına;

-byudjet diziminin` birligi,

-byudjet diziminin` tolıqlıg`ı,

-byudjettin` tayınlıg`ı -

byudjettin` g`a`rezsizligi -

ja`riyalılıq kiriedi.

Sotsiallıq-ekonomikalıq belgilerge ko`re da`ramatlar;

-xojalıq ma`kemelerinin` xızmetinen alınatug`ın,

-sırtqı ekonomikalıq xızmetinen alınıwshı,

-aktsizlar,

-mekemeler ta`repinen brokerlik xızmetinen alınatug`ın -

menshiklestiriwden alınatug`ın,

-resurslar ushın to`lemlerden,

-puqaralar da`ramatlarınan,

-basqa da`ramatlardan alınatug`ın byudjet da`ramatlarına bo`linedi.

To`leniw ta`rtibi ha`m o`tkiziw sha`rtlerine qaray da`ramatlar bekkemlengen, basqarılatug`ın dotatsiya, subventsiya, o`z qarjıları ha`m qarızg`a alınatug`ın qarjılarg`a bo`linedi.

Bekkemlengen daramadlar protsentler, yaki basqa qatan` belgilengen mug`darlarda byudjetke kelip tu`sedi.

Basqarılatug`ın da`ramatlar joqarı turıwshı ma`mleket, yaki jergilikli ha`kimniyat organı qararı menen to`mendegi organlar ıqtıyarına n`tkiziledi.

Byudjettin` daramat bo`limi, sonday-aq datatsiya ha`m subventsiyalar esabına, yag`nıy joqarı turıwshı byudjet ta`repinen to`mengi turıwshı byudjetke qa`rejet ajıratıwdan ibarat.

Yuridikalıq formasına qaray, byudjet daramatları salıq ha`m salıqtan tısqarı to`lemlerge bo`linedi. Byudjet dizimlerinin` qa`rejetleri ma`mleketlik ha`m jergilikli qa`rejetlerdin` tiykarg`ı bo`limin payda etedi. Byudjet tizimlerinin` qa`rejetleri quramı to`mendegi bag`darlarda sarp-qa`rejetlerin o`z ishine aladı; -xalıq xojalıg`ın finanslastırıw,

-sotsiallıq ma`deniy tadbirlarni finanslastırıw,

-fundamental ilimiy-texnikalıq tadqiqotlar, ma`mleketlik ha`m jergilikli ilimiy-texnikalıq da`stu`rlerdi finanslıq jaqtan ta`miyinlew,

-mudafaa qa`rejetleri,

-ma`mleketlik ha`m jergilikli ha`kimniyat ja`ne de organlardı, huqıq qorg`aw, sud, prokuratura organların saqlaw qa`rejetleri;

-sırtqı ekonomikalıq xızmetinin` qa`rejetleri,

-puqaralarg`a tu`rli napaqalar to`lew qa`rejetleri,

-datatsiya ha`m subventsiyalar to`lew ha`rejetleri ha`m basqalar.

Byudjet dizimleri ha`m qa`rejetlerin bo`listiriw waqtında eki za`ru`r wazıypa qaraladı;

1. O`zbekstan Respublikası, jergilikli byudjetlerdi olar aldında turg`an wazıypalardı orınlaw ushın jeterli bolg`an qarjı menen ta`miyinlewlerine erisiw;

2. byudjetlerge olardın` xızmetine muwapıq keletug`ın qa`rejetlerdi ju`klew;

Daramat ha`m qa`rejetlerdi byudjetler ortasında bo`listiriw protsessi to`mendgi printsipler tiykarında a`melge asırıladı.

-ornalastırılg`an jag`dayda basqarıw.

-byudjetlerdi en` ko`p muwapıqlastırılıwına erisiw, olar ortasında tuwrı ornatılıwın ta`miyinlew;

-finanslıq ta`miyinleytug`ın obъekttin` tolıqlıg`ı ha`m a`hmiyetliligi. -

daramatlardı o`tkiziwde aymaqlıqqa ha`reket etiw.

-respublika ha`m jergilikli ha`kimniyat organlarının` ayrım tu`rdegi daramatları bo`listiriw waqtındag`ı g`a`rezsizlikleri.

Byudjet belgileniwi protsessinde to`mendegi u`sh basqıshtı basıp o`tedi;

1. Byudjet joybarın du`ziw,
2. Joybardı ko`rip shıg`ıw
3. Tastıyıqlaw.

Byudjettin` orınlanıwı onın` to`rtinshi basqıshın payda etedi. Besinshi juwmaqlawshı basqısh bul onın` orınlanıwındag`ı esabatlardın` beriliwi.

## 4-Lektsiya: Puxaraliq huqıqı tiykarları

**Reje:**

**1. Puqaralıq huqıq tusinigi.**
**2. Puqaralıq huqıqıy qatnasıqlar.**
**3. Puqaralıq huqıqında pitimler tusinigi.**
**4. Mulk huqıqı. Ma'jburiyat huqıqı.**
**5. Zıyan keltirgenlikten kelip shıg'atug'ın qatnasıqlar.**

### 1. Puqaralıq huqıq tusinigi.

Puqaralıq huqıqı - huqıq tarauının' bir bo'legi bolıp, en quramalı huqıqıy dizim normaların o'z ishine aladı.

Puqaralıq huqıqı eki - ulıuma ha'm arnaulı bo'limlerden ibarat. Ulıuma bo'limde puqaralıq huqıqına tiyisli tiykarg'ı qag'ıydalar, puqaralıq nızam hujjetlerinin' maqsetleri, puqaralıq huqıqıy qatnasıqlar kelip shıg'ıu tiykarları, puqaralıq huqıqıy qatnasıqlar sub'ektleri, ob'ektleri tusinigi, turleri, pitimler haqqında mag'lıumatlar, daua muddetleri tusinigi, turleri, mulk huqıqına tiyisli mag'lıumatlar beriledi. Arnaulı bo'lim o'z ishine ma'jburiyat huqıqın, ma'jburiyat huqıqınan kelip shıqqan huqıqıy qatnasıqlar turlerin, sub'ektlerdin' huqıq ha'm minnetlerin, intellektual mulk tiykarların, miyrasxorlıq huqıqı tiykarların, xalıq aralıq huqıq qatnasıqları menen baylanıslı ma'selelerdi o'z ishine aladı.

Puqaralıq huqıqı - puqara degen so'zden kelip shıqqan bolsa da onın' tiykarg'ı maqseti, sheshiu qatnası shaxslar ortasındag'ı mulkiy ha'm bul qatnasıqlar menen baylanıslı, mulkiy xarakterge iye bolmag'an shaxsıy qatnasıqlardı ta'rtipke salıu.

Puqaralıq huqıqı ha'r kuni turmısta ushıraytug'ın qatnasıqlar menen baylanıslı. Ha'r bir shaxs mulkke iye bolıu, onnan paydalanıu, onı biylik etiu huqıqına iye. Demek kun baslanıuı menen qa'legen-qa'lemegen halda biz ol yaki bul puqaralıq huqıqıy qatnasıqlarda bolamız. Mısalı, aldı-sattı, saug'a qılıu, qarız beriu yaki alıu - ma'jburiyat huqıqın, do'retiushilik qılıu, maqala, do'retpe, qosıq jazıu - intellektual huqıqın, miyrastı iyeleu - miyrasxorlıq huqıqın keltirip shıg'aradı.

Bul qatnasıqlar tiykarınan mulkiy esaplanadı, sebebi olar tiykarında mulk jatıptı. Endi bul qatnasıqlar menen baylanıslı, lekin mulkiy xarakterge iye bolmag'an - insannın' hujdanı, erkinligi, qa'dir-qımbatı-ne degen saual tuuadı. Bug'an, aldı-sattı qatnasıg'ında alıushını yaki satıushını ha'reket qılıu, intellektual mulk iyesinin' do'retiushilik o'nimin o'zlestirip alıu, onı tuurı emes atau, avtorlıq haqqında jalg'an ko'rsetpeler beriu, miyrasxorlıq huqıqında - miyrasxordı tuurı emes ayıplau, ol haqqında jalg'an mag'lıumatlar beriu h.t.b. Shaxsg'a jetkizilgen ruuxıy zıyan - mulkiy emes dep tanıladı.

Shaxs degende tek puqaralar tusinilmeydi. Puqaralıq huqıqıy qatnasıqta puqaralar menen bir qatarda basqa shaxslarda qatnasadı.

Puqaralıq huqıqıy qatnasıq qatnasıushıları bir-birleri menen baylanıslı bolsa da o'z-ara g'arezsiz. Olar o'z istekleri menen bul qatnasıqqa kiredi. Eger puqaralıq huqıqıy qatnasıqtag'ı shaxslar ortasında dau kelip shıqsa, bunday halatlardı sud, puqaralıq sudı ko'rip shıg'adı ha'm dauagerge keltirilgen zıyandı qaplau haqqında qarar qabıl qıladı.

Puqaralıq huqıqı dereklerine O'zbekstan Respublikası Konstitutsiyası, puqaralıq huqıqına tiyisli nızam hujjetleri, Prezident Pa'rmanları, Ministrler Kabineti qararları ha'm basqalar kiredi.

Puqaralıq huqıqının' tiykarg'ı deregi O'zbekstan Respublikası Puqaralıq Kodeksi bolıp tabıladı. Bul kodeks eki bo'limnen ibarat bolıp, birinshi bo'limi 1995 jıl 21-dekabr'de, ekinshisi 1996 jıl 29-avgustta qabıl qılıng'an. Respublikamızda bar bolg'an puqaralıq huqıqıy qatnasıqlar derlik usı nızam tiykarında ta'rtipke salınadı.

Puqaralıq huqıqıy deregine O'zbekstan Respublikasının' isbilermenlik haqqındag'ı, mulk haqqındag'ı nızamları da kiredi. “Huqıqtanıu” pa'ninde “Puqaralıq huqıqı”na ajıratılg'an saat bul huqıqtı tolıq uyreniuge imkan bermeydi. Mısalı, tek puqaralıq kodeksinde 1199-stat'ya bolıp, ol ko'p huqıqı institutların o'zinde qamırap alg'an. Bizin' maqsetimiz, puqaralıq huqıqıy qatnasıq tiykarlarınan turmısta tolıq ushıraytug'ının, ulıuma tusiniklerin, bilimlerin uyretip qa'niygelik boyınsha kerekligin a'meliyatta paydalanıu imkaniyatın uqtırıu, tusindiriu.

## 2. Puqaralıq huqıqıy qatnasıqlar.

Ja'miyette puqaralar ortasında ol yaki bul turdegi ha'r qıylı qatnasıqlar, baylanıslar bar. Bular ekonomikalıq, materiallıq ha'm basqa turde bolıuı mumkin. Puqaralıq huqıqıy qatnasıqlar huqıqıy formag'a, xarakterge iye bolıuı kerek.

Puqaralıq huqıqıy qatnasıqta huqıq sub'ektleri huqıq ha'm minnetlerge iye bolıuı, bir ta'rep huqıqın orınlanıuın talap qılıuı, ekinshisi o'z ma'jburiyatın orınlauı lazım. Puqaralıq huqıqıy qatnasıq sub'ektleri o'z ıqtıyarı menen bul huqıq ha'm minnetleri keltirip shıg'aradı. Puqaralıq huqıqıy qatnasıq degende qatnasıushılardın' puqaralıq nızam-hujjetleri normaları tiykarında qatnasıqlardı a'melge asırıuı tusiniledi.

Puqaralıq huqıqıy qatnasıq sub'ektleri puqaralar ha'm yuu'ridikalıq shaxslar bolıuı mumkin. Puqaralıq huqıqıy qatnasıq na'tiyjesinde sub'ektler qanday bir na'rsege ta'sir etedi. Puqaralıq huqıqıy qatnasıq sub'ektinin' is-ha'reketi (ha'reket yaki ha'reketsizlik) ob'ekt bolıp esaplanadı. Sub'ekttin' ha'reketi (ha'reketsizligi) nege qaratılg'an bolsa ol ob'ekt dep ataladı.

Puqaralıq huqıqları ob'ektlerine zatlar, usının' ishinde pul ha'm qımbatlı qag'azlar, basqa buyımlar, mal-mulk, usının' ishinde mukliy huqıqlar, isler ha'm xızmetler, oylap tabıushılıq, sanaat ulgileri, pa'n, a'debiyat, sanaat do'retpeleri ha'm intellektual iskerliktin' basqa na'tiyjeleri, sonday-aq shaxsıy mulkiy emes huqıqlar ha'm basqa materiallıq ha'm de materiallıq emes baylıqlar kiredi.

Puqaralıq huqıqı ob'ektleri erkin turde basqa shaxslarg'a beriliui yaki bir shaxstan ekinshi shaxsqa o'tiui mumkin. Puqaralıq huqıqıy qatnasıqtın' mazmunın sub'ektiv huqıq ha'm ma'jburiyat duzedi. Sebebi olar (huqıq ha'm ma'jburiyat, minnet) bolmasa huqıqıy qatnasıqta kelip shıqpaydı. Sub'ektiv puqaralıq huqıq degende nızam menen ruqset etilgen huqıqıy qatnasıq qatnasıushılarının' is-ha'reketi tusiniledi. Nızam puqaralıq huqıqıy qatnasıq sub'ektine juda' ken' huqıq beredi. Mısalı, mulk iyesi o'z qa'leui menen mulkti iyeleui, onnan paydalanıuı, onı biylik etiu huqıqın a'melge asıradı. Basqa shaxslardan mulkine zıyan jetkizbesligin, nabıt qılmaslıg'ın talap qılıu huqıqına iye. O'z mulkine bolg'an huqıqtı buzıushılar ustiden sudqa arız qılıuı mumkin.

Puqaralıq huqıqıy qatnasıqlar o'z sostavına ko're mulkiy ha'm mulkiy emes bolıuı mumkin. Mulkiy huqıqıy qatnasıqlar, mulk penen baylanıslı, sha'rtnamalar, ma'jburiyatlar tiykarında mal-mulk bir mulk iyesinen ekinshisine o'tkiziliui, saug'a qılınıuı, qarızg'a beriliui h.t.b. YAki mulkti qaytarıp alıu ha'm basqa mulkiy qatnasıqlar menen baylanıslı tiykarlardan kelip shıg'adı.

Shaxsıy mulkiy emes puqaralıq huqıqıy qatnasıqlar shaxslardın' ar-namısı, qa'dir-qımbatı, sha'ni-shuhratı menen baylanıslı. Mısalı, bireudin' do'retpesin ko'shirip o'z atınan baspadan shıg'arıu (plagiatlıq) da avtor o'z atın tikletiu, huqıq buzıushı shaxs ustinen arza menen sudg'a mura'ja'a't qılıuı mumkin. Puqaralıq huqıqıy qatnasıq a'piuayı ha'm quramalı bolıuı mumkin. A'piuayı huqıqıy qatnasta bir ta'rep huqıqqa, ekinshi ta'rep minnetge iye bolıuı mumkin. Quramalı huqıqıy qatnasıqta ha'r bir ta'rep ha'm huqıqqa ha'm minnetke iye bolıuı mumkin. Mısalı, aldı-sattı sha'rtnamasında alıushı pul to'leui menen og'an na'rseni (mashinanı, turar-jaydı, buyımlardı h.t.b.) beriudi talap qılsa, satıushı puldı alıuı

menen ekinshi ta’repkesatıp alıng’an na’rseni beriui sha’rt. Mısaldan ko’rinip turıptı alıushı ha’m, satıushı ha’m bir uaqıtta huqıqqa ha’m minnetke - ma’jburiyatqa iye.

**3. Puqaralıq huqıqında pitimler tusinigi.**

Puqaralıq huqıqıy qatnasıq pitimler arqalı kelip shıg’adı. Pitimler o’z ta’biyatına ko’re eki na’rsege qaratılg’an. Birinshiden bul nızam tiykarında ruqsat etiliui, ekinshi ta’repten arnaulı huqıq ha’m minnetlerge iye bolıuı, bunın’ na’tiyjesinde huqıqıy aqıbet kelip shıg’adı.

Pitimler dep puqaralar ha’m yuridikalıq shaxslardın’ puqaralıq huqıq ha’m minnetlerin belgileu, o’zgertiu yaki biykar qılıug’a qaratılg’an ha’reketlerge aytıladı.

Pitimler bir tamanlama, eki tamanlama ha’m ko’p tamanlama bolıuı mumkin.

Bir tamanlama pitimdi onı duzgen shaxstın’ huqıq ha’m ma’jburiyatları keltirip shıg’aradı.

Eki tamanlama yaki ko’p tamanlama pitimler - eki yaki onnan ko’p puqaralar, u’ridikalıq shaxslar ortasında duziledi.

Pitimler auız eki yaki jazba formada duziledi.

Notarial tastıyıqlanıuı talap etiletug’ın pitimlerden tısqarı, to’mendegi pitimler a’piuayı jazba formada duziledi.

1. Yuridikalıq shaxslardın’ o’z-ara ha’m puqaralar menen pitimleri,

2. Puqaralar ortasındag’ı belgilengen en’ kem aylıq is haqının’ on barabarınan artıq summadag’ı pitimler.

To’mendegi hallarda pitimlerdi notarial tastıyıqlau sha’rt.

1. nızamda ko’rsetilgen jag’daylarda,

2. ta’replerdin’ birinin’ talabı boyınsha.

Puqaralar, yuridikalıq shaxslar puqaralıq huqıqıy qatnasıqlardı ornatılg’an, belgilengen muddetlerde a’melge asıradı.

Daua muddeti - shaxs o’zinin’ buzılg’an huqıqın daua qozg’atıu jolı menen qorg’au mumkin bolg’an muddet.

Ulıuma daua muddeti ush jıl. Ayırım turdegi talaplar ushın nızamlarda ulıuma daua muddetine qarag’anda qısqartılg’an yaki uzayttırılg’an arnaudı daua muddetleri belgileniui mumkin.

**4. Mulk huqıqı. Ma’jburiyat huqıqı.**

Mulk huqıqı shaxstın’ o’zine qaraslı mal-mulkke o’z qa’leui menen ha’m o’z ma’plerin go’zlep iyelik qılıu, onnan paydalanıu ha’m onı biylik etiu, sonday-aq, o’zinin’ mulk huqıqın, kim tamanınan bolmasın, ha’r qanday buzıudı sheshiudi talap qılıu huqıqınan ibarat.

Mulk huqıqı muddetsiz. O’zbekstan Respublikasında mulk jeke mulk ha’m massalıq mulk formalarında boladı. Puqaralar, yuridikalıq shaxslar ha’m ma’mleket mulk huqıqının’ sub’ektleri. Jer, jer astı baylıqları, suular, haua boslıg’ı, o’simlik ha’m hayuanatlar dun’yası ha’m de basqa ta’biyiy resurslar, ka’rxanalar, zatlar, sonın’ ishinde, imaratlar, kvartiralar, binalar, a’sbap-uskeneler, shiyki zat ha’m o’nim, pul, qımbatlı qag’azlar ha’m basqa mal-mulk, sonday-aq intellektual mulk ob’ektleri mulk bolıuı mumkin.

Jeke mulk huqıqı shaxstın’ nızam hujjetlerine muuapıq ta’rizde qolg’an kiritken mal-mulkke iyelik qılıu, onnan paydalanıu ha’m onı biylik etiu huqıqı.

Respublika mulki ha’m ha’kimshilik-aymaqlıq duzilmeler mulkinen (munitsipial mulk) ibarat bolg’an ma’mleket mulki massalıq mulk bolıp tabıladı.

Ma’mleket ha’kimiyatı jergilikli organlardın’ mal-mulki, jergi-likli byudjet qarjıları, munitsipial uy-jay fondı ha’m kommunal xojalıq, ka’rxanalar ha’m basqa mulkiy kompleksler, xalıq ta’limi, ma’deniyat, den-saulıqtı saqlau mekemeleri, sonday-aq basqa mal-mulk munitsipial mulk boladı.

Eki yaki onnan artıq shaxstın’ iyeliginde bolg’an mal-mulk olarg’a ulıuma mulk huqıqı tiykarında tiyisli boladı.

Mulkdar o’z mal-mulkin basqa shaxstın’ nızamsız iyeliginen talap qılıp alıug’a haqılı. Bul vindikatsiya dep ataladı.

Mulkdar o’z huqıqlarının’ ha’r qanday buzılıuın, bunda bul buzıu iyelik qılıudan ayırıu menen baylanıslı bolmasa da, sheshiudi talap qılıuı mumkin. Bul negator daua dep ataladı.

O’zbekstan Respublikası Puqaralıq Kodeksinin’ 234-stat’yasına muuapıq ma’jburiyat - puqaralıq huqıqıy qatnasıq bolıp, og’an tiykar bir shaxs (qarızdar) basqa shaxs (kreditor) paydasına belgili ha’reketti a’melge asırıug’a, bunda: mal-mulkti tapsırıu, isti orınlau, xızmetler ko’rsetiu, pul to’leu h.t.b. yaki belgili ha’reketten o’zin saqlaug’a ma’jbur boladı, kreditor bolsa - qarızdandan o’zinin’ ma’jburiyatların talıp qılıh huqıqına iye boladı.

Ma’jburiyat huqıqının’ ta’repleri kreditor ha’m qarızdar boladı. Kreditor huqıqqa iye shaxs esaplanadı. Qarızdar o’z moynına juuapkerlik alg’an, minnetti orınlaytug’ın shaxs esaplanadı.

Ma’jburiyatlar sha’rtnamadan, zıyan jetkiziuden ha’m puqaralıq nızamlarında ko’rsetilgen basqa tiykarlardan kelip shıg’adı.

Ma’jburiyatlardıq orınlanıuı neustoyka, gireu, qarızdardın’ mal-mulkin uslap qalıu, kepillik, kafalat, zakalat ha’m de nızam hujjetleri yaki sha’rtnamada na’zerde tutılg’an basqasha usıllar menen ta’miynleniui mumkin

Nızam hujjetleri yaki sha’rtnama menen belgilengen, qarızdar ma’jburiyattı orınlamag’an yaki lazım da’rejede orınlamag’an jag’dayda kreditorg’a to’leui sha’rt bolg’an pul summası neustoyka esaplanadı. Neustoyka ja’riyma yaki penya formasında boladı.

Ma’jburiyattı orınlaudı ta’miynleude gireu, keillik, kafolat, zakalatlar da a’hmiyetli orın tutadı.

Bir shaxstın’ basqa shaxsqa mal-mulkti yaki og’an bolg’an huqıqtı ma’jburiyatlardı ta’miynleu ushın beriui gireu esaplanadı.

Gireu zakalat, ipoteka, sonday-aq huqıqlar gireu sıyaqlı a’mel qılıuı mumkin.

Kepillik sha’rtnaması boyınsha qepil basqa shaxs o’z ma’jburiyatın tolıq yaki bo’lek orınlauı ushın onın’ kreditorı aldında juuap beriudi o’z juuapkerligine aladı. Kepillik sha’rtnaması jazba formada duziliui kerek. Jazba formag’a a’mel qılmaushılıq kepillik sha’rtnamasının’ haqıyqıy bolmaslıg’ına alıp keledi.

Sha’rtnama duzip atırg’an ta’replerdin’ biri sha’rtnama duzilgenligin ta’riypleu ha’m onın’ orınlanıuın ta’miynleu juzesinen beretug’ın pul summası zakalat esaplanadı.

Ma’jburiyat tolıq yaki bo’lek biykar bolıuı mumkin. Ma’jburiyat to’mendegi tiykarlarda, ma’jburiyat orınlanıuı menen, esapqa o’tkiziu menen, qarızdar menen kreditor bir shaxs bolıp qalg’anda, ma’jburiyattın’ jan’alanıuı menen, kreditor qarızdardan uaz keshiui menen, ta’replerdin’ bireui de juuap bermeytug’ın jag’day kelip shıqqanlıg’ı sebepli, ma’mleket organı hujjeti tiykarında, puqara qaytıs bolıuı menen, yuridikalıq shaxs toqtatılıuı ha’m basqa nızamda ko’rsetilgen sebeplerge ko’re biykar bolıuı mumkin.

## 5. Zıyan keltirgenlikten kelip shıg’atug’ın qatnasıqlar.

Zıyan jetkiziu - bul nızamsız ha’reket (ha’reketsizlik) sebepli puqara-lardın’ shaxsına yaki mal-mulkine zıyan jetkiziu dep tanıladı.

Zıyan jetkiziu bir neshe turlerge bo’linedi.

- Zqruriy qorg’anıu halatında zıyan jetkiziu,,
- Aqırg’ı za’rurlik halatında zıyan jetkiziu,
- Yuuridik shaxs tamanınan jetkizilgen zıyan,
- Xızmetker tamanınan jetkizilgen zıyan,
- Huqıq qorg’au organları tamanınan jetkzilgen zıyan,

- Zıyan o’z juuapkerligin qamsızlandırg’an shaxs tamanınan to’leniui,
- On to’rt jasqa shekem bolg’an er jetpegenler tamanınan keltirilgen zıyan
- On to’rt jastan on segiz jasqa shekem bolg’an er jetpegenler tamanınan jetkizilgen zıyan,
- Ata-analıq huqıqlarınan ayırılg’an ata-ananın’ er jetpegen balaları tamanınan jetkizilgen zıyan ushın juuapkershilik,
- Qatnasıqqa uqıpsız dep tanılg’an qatnasıq uqıplılıg’ı sheklengen puqaralar tamanınan jetkizilgen zıyan ushın juuapkershilik,
- Qorshag’an ortalıqtag’ılarg’a ashıqsha qa’uip tuudıratug’ın iskerlik sebepli jetkizilgen zıyan,
- Uy haquanları tamanınan jetkizilgen zıyan ha’m basqalar.

Ha’r bir jaza ushın qollanılatug’ın jaza sharaları O’zbekstan Respublika-sının’ puqaralıq kodeksinde bo’lek-bo’lek belgilengen.

Mısalı, za’rurli qorg’anıu halatında jetkizilgen zıyan, eger bunday qorg’anıu shegerasınan shıg’ılmag’an bolsa, to’lenbeydi.

Eger nızamsız qarsılıqtan qorg’anıu payıtında qorg’anıushı ushinshi shaxsqa zıyan jetkizgen bolsa, bul zıyan qarsılıq qılg’an shaxs tamanınan to’leniui lazım.

Shaxsqa onın’ jınayıy ha’reketlerinin’ payın g’ırg’ıu yamasa onı uslau ha’m tiyisli organlarg’a alıp barıu sebepli jetkizilgen zıyan to’lenbeydi.

Aqırg’ı za’rurlik halatında jetkizilgen zıyan, yag’nıy zıyan jetkizgen shaxstın’ o’zine yaki basqa shaxslarg’a qa’uip salg’an qa’uipti sheshiu ushın aqırg’ı ha’rurlik halatında jetkizilgen zıyan, eger bul qa’uip bul halatlarda basqa qurallar menen sheshiliui mumkin bolmasa, zıyan jetkizgen shaxs tamanınan to’leniui lazım (Piqaralıq kodeksi, 988-stat’ya).

Uridikalıq shaxs yamasa puqara o’z xızmetkeri (xızmet, lauazım) ma’jburiyatların orınlap turg’an uaqıtta jetkizilgen zıyandı qaplaydı.

Ma’mleket organlarının’, puqaralar o’zin-o’zi basqarıu organlarının’ yaki bul organlar lauazımlı shaxslarının’ nızamg’a qarsı ha’reketleri (ha’reketsizligi) na’tiyjesinde, sonın’ ishinde ma’mleket organları yaki puqaralardın’ o’zin-o’zi basqarıu organları tamanınan nızam hujjetlerine tuurı kelmeytug’ın hujjetler shıg’arılıuı na’tiyjesinde puqarag’a yaki yuridikalıq shaxsqa jetkizilgen zıyan, olar lauazımlı shaxslardın’ ayıbına qaramastan, sudtın’ qararı tiykarında qaplanıuı lazım.

Nızamg’a qarsı ra’uishte ha’kim etiu, nızamg’a qarsı ta’rizde jınayıy juuapkerlikke tartıu, ıqtıyat sharaları sıpatında qamaqqa alıudı yaki muna’sip minez-xulıqta bolıu haqqında til xat alıudı nızamg’a qarsı qollau, qamaq sıpatında ha’kimshilik jazanı nızamg’a qarsı ta’rizde beriu na’tiyjesinde puqarag’a jetkizilgen zıyan sorastırıu, da’slepki tergeu, prokuratura organları ha’m sudtın’ lauazımlı shaxsları ayıbına qaramastan, nızamda belgilengen ta’rtipte ma’mleket tamanınan tolıq to’lenedi.

On to’rt jasqa shekem bolg’an er jetpegen tamanınan jetkizilgen zıyan ushın onın’ ata-anası (perzentlikke alıushıları) yaki qa’uenderleri, eger zıyan olardın’ ayıbı menen jetkizilmegenligin da’lilley almasa, juuapker boladı.

On to’rt jastan on segiz jasqa shekem bolg’an er jetpegenler jetkizilgen zıyan ushın ulıuma tiykarlarda g’arezsiz juuapker boladı.

Sud ata-analıq huqıqlarınan ayırılg’an ata-anag’a olardın’ er jetpegen balaları tamanınan ata-anası o’z huqıqlarınan ayırılg’annan keyin ish jıl ishinde islengen zıyan ushın, eger balanın’ zıyan jetkiziliuine sebep bolg’an minez-xulıq olar balanı ta’rbiyalau boyınsha o’z ma’jburiyatların lazım da’rejede orınlamag’anlıqlarının’ aqıbeti bolsa, juuapkerlikti jukleu mumkin.

Qatnasıqqa uqıpsız yaki qatnasıq uqıplılıg’ı sheklengen dep tabılg’an puqara tamanınan jetkizilgen zıyandı onın’ qa’uenderi yaki onın’ ustinen qadag’alauın

a’melge asırıuı sha’rtbolg’an sho’lkem, eger zıyan olardın’ ayıbı menen jetkizilmegenligin da’lilley almasa, to’leydi.

Iskerligi qorshag’an-ortalıqtag’ılarg’a ashıqsha qa’uip tuudıratug’ın uyuridik shaxslar ha’m puqaralar (transport sho’lkemleri, sanaat ka’rxanaları, qurılıslar, transport qurallarının’ iyeleri ha’m basqalar) ashıqsha qa’uip derek jetkizilgen zıyandı, eger zıyan sheship bolmaytug’ın kush yaki ja’birleniushinin’ qasttan qılg’an ha’reketi aqıbetinde juzege kelgenin da’lilley almasa, to’leuleri sha’rt.

Uy hayuanı tamanınan jetkizilgen zıyan ushın onın’ mulkdarı yaki bul hayuang’a iyelik qılıushı ha’m onnan paydalanıushı shaxs ulıuma tiykarlarda juuapker boladı.

================================================

**Tayanısh tusinikler:** Puqaralıq huqıq, puqaralıq huqıqıy qatnasıqlar, mulk, mulk huqıqı, pitimler, ma’jburiyat, ma’jburiyat sub’ektleri, zıyan, zıyan jetkiziu, ma’jburiyat, zıyan jetkiziu turleri.

**Ta’kirarlau ushın sauallar:**

1. Puqaralıq huqıqında pitim tusinigi ne ?
2. Qanday mulk turleri bar ?
3. Mulk huqıqı degenimiz ne ?
4. Puqaralıq huqıqında ma’jburiyat ha’m ma’jburiyat huqıqın qalay tusinesiz ?
5. Zıyan degenimiz ne ?
6. Zıyan jetkiziudin’ turleri nelerden turadı ?
7. Yuyridikalıq shaxslardın’ zıyan jetkiziui nelerden ibarat ?

==================================================

## 5-Lektsiya: Miynet huqıqı tiykarları

**Reje:**

**1. Miynet huqıqı tusinigi ha’m derekleri.**
**2. Miynet qatnasıqları tusinigi.**
**3. Miynet sha’rtnaması. Jumısqa qabıl etiu ta’rtibi.**
**4. Miynet qatnasıqların biykar etiu.**
**5. Miynetti qorg’au tusinigi. Jaslardın’ miynetin qorg’au.**

### 1.Miynet huqıqı tusinigi ha’m derekleri.

O’zbekstan Respublikası Konstitutsiyasının’ 37-stat’yasına muuapıq ha’r bir shaxs miynet qılıu, erkin ka’sip tan’lau, a’dalatlı miynet sharayatlarında isleu ha’m nızamda ko’rsetilgen ta’rtipte ishsizlikten qorg’anıu huqıqına iye.

Sud hukimi menen tayınlang’an jazanı o’teu ta’rtibinen yaki nızamda kro’setilgen basqa jag’daylardan tısqarı ma’jburiy miynet qadag’an etiledi.

O’zbekstan Respublikası miynet nızamlarının’ tiykarg’ı uazıypaları, xızmetkerler, is beriushiler, ma’mleket ma’plerin itibarg’a alg’an halda, miynet bazarının’ na’tiyjeli a’mel qılıhın, haqıyqat ha’m qa’uipsiz miynet sharayatların, xızmetkerlerdin’ miynet huqıqları ha’m den saulıg’ın qorg’alıuın, is sıpatı jaqsılanıuına materiallıq ha’m ma’deniy turmıs da’rejesi jan’alanıuınan ibarat.

Miynet nızamlarında ha’r bir shaxstın’ miynet huqıqların qorg’au kepilligi tastıyıqlang’an. Miynet nızamlarının’ maqset ha’m uazıypalarına xalıq aralıq sha’rtnamalar, konventsiyalardın’ qag’ıydaları respublikamızda qollanıuı, shet el puqaraları ha’m puqaralıg’ı bolmag’an shaxslardın’ da miynet qatnasıg’ına baylanıslı belgileniui kiredi.

Nızam boyınsha miynet qılıu huqıqına iye shaxslar, eger is beriushi menen miynet sha'rtnamasın duzgen bolsa - miynetke baylanıslı qatnasıqlardın' sub'ekti esaplanadı. Miynet isleu huqıqı 16 jastan baslanadı. Ayırım jag'daylarda 15 jasqa tolg'an shaxslarg'a ata-anasınan birinin' razılıg'ı boyınsha miynet isleu, iske qabıl qılıu huqıqı beriledi. 14 jasqa tolg'an oqıushılar ata-anasınan biri yaki olardın' orının basıushılar razalıg'ı menen jazg'ı dem alıslarda, oqıudan bos uaqıtlarında iske qabıl qılınıuları mumkin. Demek xızmetker 14, 15, 16 jastan miynetke baylanıslı qtnasıqlardın' sub'ekti bolıuı mumkin. Is beriushi to'mendegi tiykarlda miynetke baylanıslı qatnasıqlardın' sub'ekti bolıuı mumkin.

1. ka'rxanalar, sonın' ishinde, olardın' bo'lek sostavlı bo'linbeleri o'z baslıqları tımsalında,

2. mulkdardın' o'zi usı bir uaqıtta baslıq bolg'an jeke ka'rxanalar,

3. on segiz jasqa tolg'an ayırım shaxslar nızam hujjetlerinde na'zerde tutılg'an hallarda.

Miynet nızamlarında xızmetkerdin' ha'm is beriushinin' tiykarg'ı huqıqları ha'm minnetleri ko'rsetilgen. Xızmetker o'z miynetine tiyisli haqı alıu, miynet dem alıslarınan paydalanıu, sotsiallıq ta'miynat alıu, bilimin asırıu ha'm basqa huqıqlarg'a iye. Is beriushi ka'rxananı basqarıu ha'm o'z ua'killikleri shegerasında g'arezsiz qararlar qabıl qılıu, miynet sha'rtnamasın duziu, xızmetkerden o'z uazıypaların orınlaudı talap qılıu ha'm basqa huqıqlarg'a iye.

Xızmetkerdin' ha'm is beriushinin' o'z-ara qatnasıqların ta'rtip shegerasında tutıu, eki ta'reptin' ma'plerin qorg'au maqsetinde xızmetkerler-din' ha'm is beriushinin' ka'rxanadag'ı ua'killik organları saylanıp qoyıladı. Miynet nızamlarında bul ua'killiy organları ua'killikleri ken' ko'rsetilgen.

Miynet huqıqının' dereklerin miynet ha'm onın' menen tuurıdan tuurı baylanıslı qatnasıqlardı ta'rtipke salıushı ha'r qıylı formadag'ı normativ-huqıqıy hujjetler (nızamlar, pa'rmanlar, qararlar h.t.b.) duzedi.

Miynet huqıqının' tiykarg'ı derekleri to'mendegilerden ibarat.

- O'zbekstan Respublikasının' Konstitutsiyası,
- O'zbekstan Respublikasının' 1996-jıl 1-aprel'dep baslap kushke kirgen Miynet kodeksi,
- O'zbekstan Respublikasının' Oliy Majlisinde qabıl qılıng'an ha'm miynet huqıqına tiyis bolg'an nızamlar,
- O'zbekstan Respublikası Prezidentinin' miynet qatnasıqlarının' en' a'hmiyetli ta'replerin ta'rtipke salatug'ın ulıuma ma'jburiy a'hmiyetke iye bolg'an pa'rmanları,
- O'zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin' miynet huqıqının' a'hmiyetli ma'seleleri boyınsha Konstitutsiya, nızamlar, Prezident pa'rmanlarının' orınlanıuın ta'miynleuge qaratılg'an qarar ha'm pa'rmayıshları,
- O'zbekstan Respublikası jergilikli ha'kimiyat organlarının' o'z ua'kil-likleri shegerasında qabıl qılg'an miynetke tiyis qararları.

Bazar ekonomikasına o'tiu da'uirinde eekonomikanı basqarıu tarauında miynet huqıqının' sıpat ta'repten jan'a derekleri kelip shıqtı, bularg'a ja'ma'a' sha'rtnamaları, ja'ma'a' kelisimleri, basqa jergilikli (lokal) normativ hujjetler kiredi.

## 2. Miynet qatnasıqları tusinigi.

Miynet qatnasıqları jumıs beriushi menen jumısshı ortasındag'ı erkinlik negizinde miynet sha'rtnaması formasında huqıqıy qatnasıqqa kiriudi ha'm ja'miyetlik miynet isleu ıqtıyarın bildiredi.

Jumısshı jumısqa kirisuden aldın bir neshe sauallarg'a juuap alıuı kerek. Mısalı, og'an qanday jumıs sharayatı tuudırıladı, qanday jen'illikler beriledi, miynetti qorg'au qay turde a'melge asırıladı h.t.b.

Bul ma’selelerdin’ barlıg’ı ja’ma’a’t sha’rtnamasında o’z sa’uleleniuin tapqan. Bul sha’rtnama menen baylanıslı usınıslar aldın miynet ja’ma’a’ti menen ka’siplik auqamlar komitetinin’ birlesken ken’esinde ka’rxana ha’kimshiliginin’ qatnasıuında dodalanadı. Usınıslar, qosımshalar inabatqa alıng’annan yamasa qayta ko’rip shıg’ılg’annan son’ ja’ma’a’t sha’rtnaması ka’rxananın’ miynet ja’ma’a’tinin’ ulıuma jıynalısına (konferentsiyasına) dodalaug’a kirgiziledi ha’m qabıllau ushın usınıladı.

Miynet kodeksinin’ 29-stat’yasına muuapıq ja’ma’a’t sha’rtnaması ka’rxanalarda jumıs beriushi menen xızmetker arasındag’ı miynet, sotsiallıq-ekonomikalıq ha’m ka’sipke tiyisli qatnasıqlardı ta’rtipke salıushı huqıqıy hujjetler bolıp tabıladı.

Miynet sha’rtnaması ta’replerdin’ kelisiui menen jan’alıqlardı, miynet qatnasıqlarındag’ı o’zgerislerdi esapqa ala otırıp qayta qarap shıg’ılıuı mumkin.

Ja’ma’a’t sha’rtnaması ta’repler qol qoyg’an kunnen yamasa sha’rtnamada ko’rsetilgen muddetten baslap kushke kiredi.

Miynet nızamlarında ka’rxana basshılarının’ ja’ma’a’t sha’rtnamasına bag’ınıp is tutıuı aytılg’an. Eger olar nızamg’a qarsı is tutsa nızamlarda ko’zde tutılg’an ta’rtipte juuapkershilikke tartıladı.

## 3. Miynet sha’rtnaması. Jumısqa qabıl etiu ta’rtibi.

Jumısqa qabıl etiude eki ta’repleme sha’rtnama duziledi. Bul qatnas miynet sha’rtnaması tusinigin bildiredi. Miynet sha’rtnaması erkinlik negizinde duzilip, bir ta’rep - jumıs beriushi o’zine jumısshını tan’laydı, ekinshi ta’rep - jumısshı bolsa o’zine jag’atug’ın jumıstı o’zinin’ qa’leuine tiykarlanıp tan’laydı.

Miynet kodeksinin’ 72-stat’yasına muuapıq miynet sha’rtnaması xızmetkerlar menen jumıs beriushiler arasında duzilgen pitim bolıp, bul pitim boyınsha xızmetkerler belgili bir qa’niygelikke, mamanlıqqa yamasa lauazımg’a tiyisli jumıstı ishki miynet ta’rtibine boysıng’an jag’dayda atqarıudı o’z moynına aladı, al jumıs beriushiler miynet nızamlarına tiykarlanıp ja’ma’a’t sha’rtnamasında ha’m ta’replerdin’ o’z ara pitiminde ko’zde tutılg’an is-haqını xızmetkerlerge to’lep turıu ha’m miynet sharachyatın ta’miynlep beriu minnetlemesin o’z moynına aladı.

Miynet sha’rtnaması eki sha’rtke tiykarlanıp duziledi, za’rurlik ha’m qosımsha. Za’rurlik sha’rtler ta’replerdin’ kelisiui menen belgilenedi. Qosımsha sha’rtler ka’rxananın’ imkaniyatına qaray ha’r qıylı bolıuı mumkin.

Za’rurlik sha’rtlerdin’ qatarına jumısqa kiriu haqqındag’ı kelisim, jumıs ornı, is haqı, jumıstın’ turi, ka’sibi, jumısqa kiriu uaqtı h.t.b. kiredi. Al, qosımsha sha’rtlerge xızmetkerge turaq jay beriu ma’selesi, jumısqa qatnauda transport quralları menen ta’miynleu, sınaq muddetin belgileu, qa’niygelikti arttırıu yamasa jan’a ka’sipke uyretiu h.t.b. kiredi.

Miynet sha’rtnaması jazba turde duziledi.

Miynet kodeksinin’ 75-stat’yasına muuapıq miynet sha’rtnaması to’mendegi muddetlerge duziledi.

1. Belgisiz muddetke.
2. Bes jıldan artıq bolmag’an muddetke.
3. Belgili jumıstı orınlau muddeti ko’zde tutılg’an jag’dayda.

Belgisiz muddetke jumısqa kirgen xızmetker ka’rxanada qa’legen uaqıtqa shekem jumıs isleui mumkin. Ta’replerdin’ kelisiuinde bul ko’rsetiledi ha’m arzada meni usı ka’rxanag’a jumısqa qabıl etiuin’izdi soranaman dep jazsa, ka’rxana basshısı o’zinin’ buyrıg’ında muddetti ko’rsetpeydi.

Bes jıldan artıq bolmag’an belgili muddetke jumısqa qabıl etilgen xızmetkerdi ka’rxana basshısı (yamasa xızmetker) muddet kelgende jumıs isletiudi (isleuin) qa’lemese bir-birin eskertedi.

Belgili jumıstı orınlau muddetine mısalı, kapital remont isleu, jobalastırılg’an ilimiy islerdi orınlau h.t.b. kiredi.

Jumısqa qabıllaudı tiykarsız biykarlau qadag'an etiledi. Jumısqa qabıl etiude jınısı, rasası, milleti, tili, sotsiallıq kelip shıg'ıuı, mulklik jag'dayı, dinge bolg'an qatnası, isenimi ha'm ja'ma'a't birlespelerine tiyisliligi, sonday-aq xızmetkerlerdin' isshen'lik qa'bilietlerine baylanısı joq balg'an basqa jaq-larına qaray, qay bir bag'darda bolmasın, olardın' huqıqların tikkeley yamasa tikkeley emes ra'uishte shekleuge, jen'illikler beriliuge jol qoyılmaydı.

Jumısqa qabıl etiu ka'rxana ha'kimshiliginin' buyrıg'ı menen ra'smiyles-tiriledi. Ka'rxanada bes kunnen artıq islep atırg'an barlıq xızmetkerlerge miynet da'ptershesi duziledi.

Jumısqa qabıl etilip atırg'anda jumıs alıushı to'mendegi hujjetlerdi ko'rsetiui sha'rtU' a) pasport yamasa onın' ornın basatug'ın hujjet, b) miynet da'ptershesin, eger jumısqa birinshi ma'rtebe kirip atırg'an bolsa turaqlı jasap turg'an jerinen mag'lıumatnama, v) miynet sha'rtnamasında arnaulı qa'niygelik, ka'sip penen isleu ko'rsetilgen bolsa, arnaulı bilimi haqqındag'ı hujjeti de talap etiledi, g) a'skeriy minnet yamasa shaqırılıushılar a'skeriy biletlerin, shaqırılıu guualıqların beriuleri kerek.

Jumısqa qabıl etiude sınau muddeti belgileniui mumkin. Sınau muddeti ush aydan aspauı lazım.

Ayırım xızmetkerler ushın sınau muddeti belgilenbeydi. Olardın' qatarına jukli hayallar, ush jasqa shekemgi balası bar hayallar, ka'rxana ushın belgilengen kvota esabınan jumısqa jiberilgen shaxslar, sonday-aq altı ay muddetke jumısqa qabıl etilgen shaxslar kiredi.

Miynet nızamlarına muuapıq ka'rxana basshısı xızmetkerdi basqa jumısqa ko'shiriui mumkin. Basqa jumısqa ko'shiriu eki usıl menen a'melge asırıladı. 1. Turaqlı turdegi, 2. Uaqıtsha basqa jumısqa ko'shiriu.

O'zbekstan Respublikası Miynet kodeksinin' 94-stat'yasına muuapıq xızmetkerdi turaqlı ra'uishte basqa jumısqa o'tkeriu ushın onın' razılıg'ı kerek. Basshı ol xızmetkerdi sol ka'rxananın' o'zinde turaqlı basqa jumısqa o'tkeriui mumkin. Xızmetker basqa jumısqa o'tiuden bas tartqanda miynet sha'rtnaması ulıuma tiykarda biykar etiledi.

O'zbekstan Respublikası MK nin' 89-stat'yası boyınsha o'ndiris za'rurligi menen jumıs isleushi xızmetkerdin' razılıg'ısız-aq miynet sha'rtnamaların o'zgertiuge tek texnologiyadag'ı o'ndiris ha'm miynetti sho'lkemlestiriudegi o'zgerisler bolg'an jag'daylarda g'ana jol qoyıladı.

Adminstratsiya jumıs toqtap qalg'an jag'dayda xızmetkerdin' razılıg'ısız basqa jumısqa o'tkeriu huqıqına iye. Biraq qa'niygeli jumısshını qa'niygesiz islerge o'tkeriui mumkin emes.

## 4. Miynet qatnasıqların biykar etiu.

O'zbekstan Respublikası Miynet kodeksinin' 9-stat'yasına muuapıq miynet sha'rtnaması to'mendegi tiykarlarda biykar etiliui mumkin:

1. Ta'repler keliskende,
2. Ta'replerdin' birinin' intası menen,
3. Muddeti taman bolg'anda,
4. Ta'replerdin' ıqtıyarına baylanıslı bolmag'an jag'daylarg'a muuapıq,
5. Miynet sha'rtnamasında ko'zde tutılg'an tiykarlarg'a muuapıq.

O'zbekstan Respublikası miynet kodeksinin' 99-102-stat'yalarında miynet sha'rtnamasın xızmetkerdin' intası menen, jumıs beriushinin' intası menen biykar etiu tiykarları ha'm usı qatnaslarg'a baylanıslı qag'ıydalar ko'rsetilgen.

Xızmetker jumıstan bosatılıuı haqqında ka'siplik auqam komiteti ta'repinen eskertilgen ha'm onın' razılıg'ı alıng'an bolıuı sha'rt. Keri jag'dayda jumıstan bosatılıushı usı ka'siplik auqam komitetine bildirip, o'zin qorg'audı talap etiu huqıqına iye. Adminstratsiya tek arnaulı ko'rsetilgen ha'kimiyat uazıypaların iyelep

turg’anlar menen, tan’lau boyınsha saylap qoyılatug’ın uazıypalardı iyelep turg’anlar menen ta’rtip haqqındag’ı nızamlarg’a muuapıq jumıstan bosatılatug’ınlar menen ka’siplik auqam komitetinin’ razılıg’ısız miynet sha’rtnamasın biykarlauı mumkin.

Miynet sha’rtnamasın jumıs beriushinin’ intası menen biykar etiu tiykarlarına to’mendegi jag’daylar kiredi,

1. Texnologiyadag’ı, miynet ha’m o’ndiristi sho’lkemlestiriudegi o’zgerisler, xızmetkerlerdin’ sanı qısqang’anda yamasa ka’rxana saplastırılg’anda.

2. Xızmetkerdin’ mamanlıg’ı jetkilikli bolmag’anı yamasa nauqaslıg’ı na’tiyjesinde bul iske ılayıq emes ekenligi anıqlang’an jag’dayda.

3. Xızmetker o’z miynet uazıypaların turaqlı ra’uishte buzg’anda a’uele miynet uazıypaların buzg’anlıg’ı ushın xızmetkerdin’ ta’rtipke shaqırılg’anı yamasa materiallıq juuapkershilikke tartılg’anı yaki ol jo’ninde miynet haqqındag’ı nızamlarda ko’zde tutılg’an ta’sir jasau sharaları qollanılg’an kunnen baslap bir jıl dauamında ta’kirarlı turde ha’reket isleui miynet uazıypaların turaqlı ra’uishte buzıu esaplanadı.

4. xızmetkerdin’ o’z miynet uazıypaların bir ma’rte turpayı ra’uishte buzg’anda,

5. eki jumıstı qatar islemeytug’ın basqa adamdı jumısqa qabıl etkende,

6. mulk myesinin’ almasıuı sebepli ka’rxananın’ basshısı menen miynet sha’rtnamasın biykarlang’anda.

Bunnan tısqarı O’zbekstan Respublikachsı Miynet kodeksinin’ 103, 104, 105, 106-stat’yalarında da ha’r qıylı jag’dayda miynet sha’rtnamalarının’ biykarlanıu sebepleri ko’rsetilgen.

Jumıstan bosatılg’anda yamasa miynet sha’rtnaması biykar etilgende adminsitratsiya buyrıq jazadı ha’m miynet da’ptershesine anau yamasa mınau xızmetker ne sebepli jumıstan bosatılg’anlıg’ı ko’rsetiledi. Jumıstan bosatılg’an xızmetkerge O’zbekstan Respublikası Miynet kodeksinin’ 109, 110-stat’yalarına muuapıq napaqa ha’m is haqı to’lenedi. Miynet da’ptershesi qolına beriledi. Miynet da’ptershesin qolına alg’an kunnen baslap xızmetker jumıstan bosatılg’an bolıp esaplanadı.

O’zbekstan Respublikası Miynet kodeksinin’ 112-stat’yasında miynet sha’rtnamasın nızamg’a qayshı ra’uishte biykarlau ha’m xızmetkerdi nızamg’a qayshı ra’uishte basqa jumısqa o’tkergenligi ushın jumıs beriushinin’ juuapkershiligi ko’rsetilgen.

## 5. Miynetti qorg’au tusinigi. Jaslardın’ miynetin qorg’au.

Respublikanın’ barlıq ka’rxanalarında, vedomstvoları menen sho’lkem-lerinde salamat ha’m qa’uipsiz miynet sharayatının’ duzip beriliui Miynet kodeksinin’ 211-stat’yasında ko’rsetilgen.

Miynetti qorg’au miynet qa’uipsizligin ha’m sanitariyalıq-gigienalıq rauajlandırıudı hayallardın’ ha’m jaslardın’ miynetin qorg’audı, miynetti qorg’au nızamların buzg’an ha’meldar shaxslardın’ juuapkershiligi haqqındag’ı qag’ıydalardı o’z ishine aladı.

Miynetti qorg’au qag’ıydaları ayrıqsha ma’mleket ta’repinen berilgen hujjette ko’rsetilgen bolıp, onda xızmetkerlerdin’ sanı, olardıqn’ mashina - mexanizmlerdi qanshası isleui, avtomat mexanizmlerdi basqarıushılar, auır myinetti qol menen atqaratug’ın hayallar ha’m jası jetpegenlerdin’ sanı ko’rsetilgen.

Bul qag’ıydalarg’a negizinen adminstratsiya, ka’siplik auqam komiteti menen birgelikte orınlarda miynetti qorg’au boyınsha ilajlardı islep shıg’ıp, xızmetkerler arasında tusindiriu jumısların alıp barıuı lazım. Bul jumıslar to’mendegilerden ibaratU’ a) jumısqa jan’a kirgen adamlarg’a ka’rxananın’ jumıs sharayatın ha’m miynetti qorg’au jolların tusindiriu, b) jumısqa jan’a kirgen-lerge jumıs orınlarınan, mashina, a’sbap agregatların basqarıu, arnaulı kiyimlerden paydalanıu qag’ıydaların

uyretiu, v) texnika qa’uipsizligin saqlau haqqında ja’ma’a’t sha’rtnamaları tiykarında joybarlı ra’uishte uaqtı menen jumıs alıp barıu, g) ka’rxana jan’adan uskeneleniuine baylanıslı ornatılg’an mashinalar, agregatlar, a’sbaplar menen islesiu, baxıtsız ha’diyselerdin’ aldın alıu maqsetinde administratsiyanın’ jumısshı ha’m xızmetkerler arasında rejede ko’rsetilgen uaqıtlarda tag’ı miynetti qorg’au haqqında tusindiriu jumısların alıp barıu.

Ka’rxananın’ administratsiyası o’z xızmetkerlerinin’ jumıs turlerine muuapıq miynet sharayatı zıyanlı, ayrıqsha temperatura sharayatında yamasa pataslanatug’ın jumıslarda isleytug’ınlarg’a belgilengen mug’darda arnaulı kiyim-kenshek, ayaq kiyim, sabın, sut, ıssı sharayatlarda isleytug’ınlardı gazli suu menen pulsız ta’miynleui O’zbekstan Respublikası Miynet kodeksinin’ 216, 217, 218, 219-stat’yalarında ko’rsetilgen.

Bunnan tısqarı administratsiya miynetti qorg’audı ta’miynleu boyınsha auır jumıslarda ja’ne miynet sharayatı qa’uipli bolg’an jumıslarda, transport ha’reketi menen baylanıslı bolg’an jumıslarda isleytug’ın xızmetkerlerge tapsırılatug’ın jumısqa olar ja’riyma, ka’siplik keselliklerine shatlıqpauı ushın dıqqat audaratug’ın ma’selelerdi tusindirip, olardı uaqtı menen meditsinalıq ko’zden o’tkerip turıuları sha’rt. Eger salamatlıg’ına ta’sir jasap bul isti bunnan bılay atqara almasa, xvzmetkerdi basqa jen’ilirek jumısqa o’tkeriu haqqında meditsinalıq juumaqqa muuapıq uaqıtsha yamasa muddetin sheklemey o’tkeriuleri sha’rt. Bul jag’dayda xızmetkerdin’ a’uelgi is haqısı eki ha’ptege shekem saqlanıp qaladı.

Tuberkulez keselligi yamasa ka’sibine baylanıslı kesellikke shuırag’an xızmetkerlerge basqa jen’ilirek jumıslarda a’uelgi is haqısınan azlau haqı to’lenetug’ın bolsa, olarg’a eki ay dauamında kesellik qag’azı boyınsha a’uelgi istegi is haqısı mug’darında haqı to’lenedi, biraq jan’a jumısta berilgen is haqı ha’m kesellik qag’azı boyınsha alatug’ın is haqı a’uelgi is haqıdan asıp ketpeui tiyis.

Jumısta mayıp bolıu yamasa densaulıg’ına basqasha zıyan kelgenligine baylanıslı azlau is haqı to’lenetug’ın jumısqa uaqıtsha o’tkerilgen xızmetkerlerge olardın’ densaulıg’ına zıyan kelgenligi ushın juuapker bolg’an ka’rxana a’uelgi is haqısı menen jan’a jumısta alatug’ın is haqısı arasındag’ı parıqtı to’leydi. Bul parıq miynet qa’bileti tiklengenge shekem yamasa xızmetker mayıplıq napaqasına shıqqang’a shekem to’lenedi.

Jaslardın miynetin ta’rtipke salıu Miynet kodeksinin’ 239-247-stat’ya-larında ko’rsetilgen. Ol jerde jas o’spirimlerdi 16 jastan jumısqa qabıl etiu aytılg’an. Ayırıqsha jag’daylarda ka’siplik auqam komitetinin’ razılıg’ı menen 15 jasqa tolg’an jaslarg’a miynet etiu huqıqı berilgen. 1991-jıldan baslap mektep oqıushılarına 14 jastan baslap jazg’ı dem alıslarda miynet isleu mumkinligi nızamlastırılg’an.

18 jasqa tolmag’an ha’r bir jas o’spirimnin’ miyneti qorg’aladı. Olardın’ auır jumıslarda, jer astı jumıslarında, densaulıg’ına zıyan beretug’ın jusılarda isleui qadag’an etiledi. Jaslardın’ auır juk ko’teriui ha’m tasıuı mumkin emesligi nızamlastırılg’an.

Ha’r bir 18 jasqa tolmag’an shaxs jumısqa ornalasıuınan aldın meditsi-nalıq ko’zden o’tkeriliui ha’m ha’r jılı densaulıg’ı haqqında mag’lıumat berip turıuı kerek. Eger islep atırg’an jumısı jas o’spirimpin’ den saulıg’ına tuurı kelmese onı basqa jumısqa o’tkeriu lazım.

16 jastan 18 jasqa shekemgi jaslar ha’ptesine 36 saat 15 jastan 16 jasqa shekemgi bolg’anlar ha’ptesine 24 saat isleui nızamda belgilengen. Oqıushılar jazg’ı dem alısta islese ha’ptelik jumıs uaqtı 24 saattı quraydı.

Jas o’spirimlerdin’ miynetinen tungi jumıslarda, bayram kunleri, dem alıs kunleri, jumıstan tısqarı saatlarda paydalanıu mumkin emes. Olarg’a miynet otpuskası 30 kalendar’ kuni beriledi, bul otpuskanı qa’legen uaqıtlarında - jazda, qısta yamasa oqıu dem alısına qosıp beriliui mumkin.

Erjetpegenlerdi jumıstan bosatıug'a tek jas o'spirimlerdin' isi menen shug'ıllanatug'ın rayon (qala)lıq komissiyanın' razılıg'ı menen jol qoyıladı, olardı basqa jumısqa ornalastırıu sha'rt.

==================================================

**Tayanısh tusinikler:** Miynet, miynet huqıqı, miynet kodeksi, miynet huqıqı sub'ektleri, miynet huqıqı derekleri, miynet huqıqı printsipleri, miynet sha'rtnaması, miynet huqıqı sub'ektleri, lauazımlı shaxslar, xızmetkerler, miynet da'ptershesi, sınau muddeti, otpuska, dem alıs uaqtı, miynet haqı.

**Ta'kirarlau ushın sauallar:**

1. Miynet huqıqı ne ?
2. Miynet sha'rtnaması ne ha'm onın' qanday funktsiyaları bar ?
3. Miynet sha'rtnaması qanday ta'rtipte duziledi ?
4. Miynet huqıqının' derekleri neler ?
5. Miynet huqıqı qa'nasıqları nelerden ibarat ?
6. Miynet sha'rtnaması ne ?
7. Miynet ha'rtnaması qanday ta'rtipte duziledi ?
8. Miynet sha'rtnamasında ta'repler kimler ?
9. Jumısqa qalay qabıl etiledi ?
10. Miynet da'ptershesi qalay duziledi ?
11. Miynet sha'rtnamasın biykar etiu ta'rtipleri ?
12. Miynet sha'rtnaması ta'repler tamanınan qalay biykar etiledi ?
13. Miynet qorg'au tusinigi ne ?
14. Jaslardın' miynetin qorg'au tusinigi ne ?
15. Jaslarg'a beriletug'ın jen'illikler miynet huqıqında nelerden ibarat ?

=================================================

## 6-Lektsia: Semia huqıqı tiykarları

**Reje:**

**1. Semia huqıqı tusinigi, maqseti ha'm uazıypası**
**2. Nekenin' duziliwi ha'm toqtatılıwı.**
**3. Er ha'm hayaldın' huqıq ha'm ma'jburiyatları.**
**4. Ata-ana ha'm de er jetpegen balalardın' huqıq ha'm ma'jburiyatları.**
**5. Perzentlerdin' huqıq ha'm minnetleri.**

### 1. Semia huqıqı tusinigi, maqseti ha'm uazıypası

Belgili a'yyemgi ja'ma'a' duziminen baslap nene qatnasıqları bar. Da'slepki da'uirde adamlar biler-bilmes er-xayal, ata-ana, perzent tuyg'ıların eslep, bir-birleri arasında minnetlerin de orınlar edi. Da'slep, bul qatnasıqlar "topar neke", keyinshelik "jup neke" dep ataldı. Ja'miyette insan sanası rauaj tapqan sayın neke qatnasıqlarında da o'zgerisler juzege kele basladı. Ja'miyettegi urıushılıq duuiri - analıq da'uirinen patriarxat - atalıq da'uirine o'te basladı. Bul da'uirge kelip erkeklerde o'z xatınına, olardan tuuılg'an perzentlerge, tabılg'an da'ramadına o'zi iye bolıu tuyg'ısı kelip shıqtı. Bul da'uir tsvilizatsiya dep atalıp - jeke neke - monogamiyanın' kelip shıg'ıuına tiykar saladı. Usınday qılıp, neke qatnasıg'ındag'ı o'zgerisler, shan'araqda da ulken o'zgeris tuudırdı.

Belgili, adam shan'araqda rauajlanadı, kamal tabadı. "arezsiz respublikamız keljegine o'z ulesin qosatug'ın shaxs eo' da'slep shan'araqta ta'rbiyalanadı. SHan'araq, nekedegilerdin' ortasında inaqlılıq bolsa g'ana, bekkem bola aladı. Sonın' ushın neke ne, qanday duziledi, shan'araq ne, ja'miyetimizde onın' ornın uyreniu a'hmiyetli bolıp sanaladı.

Shan'araq bul ata-ana, er ha'm hayal, perzentler ha'm qarındas-tuuısqanlardan duzilgen auqam bolıp, shan'araq ag'zaları ortasında mulkiy ha'm shaxsıy huqıq, ma'jburiyatlardı keltirip shıg'aradı. Shan'araq ma'mleket qorg'auında.

Shan'araqtın' ma'mleketimizdin' keleshegindegi ornına ken' baha berip, tiykarg'ı nızam Konstitutsiyanın' "Ja'miyet ha'm shaxs" babında shan'araq ja'miyettin' tiykarg'ı buuını ekenligi, ol ma'mleket qorg'auında bolıu huqıqına iye ekenligi tastıyıqlanadı.

Shan'araq qatnasıqları "O'zbekstan Respublikası SHan'araq kodeksi" menen ta'rtipke salınadı. Bul qatnasıqlar neke, er ha'm hayal, ata-ana, perzentler, shan'araqtın' basqa ag'zaları ortasındag'ı qatnasıqlar.

Shan'araq nızamlarının' tiykarg'ı uazıypaları shan'araqtı bekkemleuden, sem'yalıq qatnasıqlardı o'z-ara muhabbat, isenim ha'm hurmet, birge islesiu, bir-birine ja'rdem beriu ha'm de shan'araq aldında onın' barlıq ag'zalarının' juuapkerligi tiykarında qurıudan, birde-bir shaxstın' shan'araq ma'selelerine o'z basımshalıq penen aralasıuına jol qoymaslıq, shan'araq ag'zaları o'z huqıqların tosqınlıqsız a'melge asırıuın ha'm de bul huqıqlarının' qorg'alıuınan ibarat.

## 2. Nekenin' duziliwi ha'm toqtatılıwı.

Neke erkek ha'm hayal ortasında duzilgen ıqtıyarlı pitip bolıp, PXAJda - puqaralıq halatı aktlerin jazıu organı arqalı ra'smiylestiriledi.

Nızam nekeden o'tiudin' ma'jburiy sha'rtleri ha'm ta'rtiplerine a'mel etiliuin talap qıladı.

Nekeden o'tiudin' birinshi sha'rti - nekelesiuge keliskenlerdin' o'z-ara razılıg'ı. Ekinshiden, nızam ushın bolajaq kelin-kuyeudin' neke jasına jetken-jetpegenligi a'hmiyetli. Hayallar ushın 17, erkekler ushın 18 jas neke jası dep belgilengen. Sebepli jag'daylar bolg'anda neke jası bir jılg'a kemeyttiriliui mumkin. Ushinshiden, eger tamanlardın' biri basqa nekede turg'an bolsa, na'silili boyınsha tuurı tutasqan qarındaslar ortasında, tutasqan ha'm o'gey ag'a-iniler menen apa-sin'liler ortasında, sonday-aq, perzentlikke alıng'anlar ortasında neke duziu mumkin emes. To'rtinshiden, nekeleniushi shaxslardın' bireui ruuhıy kesel yaki aqılı zayıl bolsa, bul sud tamanınan qatnasıqqa uqıpsız dep tabılg'an bolsa, neke duziu mumkin emes.

Nekeni dizimnen o'tkiziudin' belgili ta'rtibi bar. Bul ta'rtipke ko're, erkek penen hayal nekeden o'tiuden aldın' arza berip neke dizimnen o'tkiziu organları xızmetkerlerinen nekeden o'tiu sha'rtleri ha'm ta'rtibi menen, er ha'm hayaldın' ha'm de ata-analardın' huqıq ha'm minnetleri menen tanısadı. Son' nekeni dizimnen o'tkiziu kuni belgilenedi. Keminde bir ay o'tkennen son' neke dizimnen o'tkiziledi.

Neke sha'rtnaması jazba formada duziledi ha'm notarial ta'rtipte tastıyıqanıuı lazım.

Sheshim ha'm nekenin' toqtatılıuına to'mendegi tiykar boladı.

1. er ha'm hayaldan birinin' qaytıs bolıuı yaki sud tamanınan o'lgen dep ja'riyalanıuı menen,

2. er-hayaldan birinin' yaki ekeuinin' arzasına muuapıq,

3. sud tamanınan qatnasıqqa uqıpsız dep tabılg'an er yaki hayaldın' qa'uenderi bergen arzag'a muuapıq.

Er-hayal puqaralıq halatı aqtlerin jazıu organlarında yaki sudta ajırasıuları mumkin. Bunday halatlardan er-hayal bir-birinen ajırasıu haqqında arza bergen kunnen baslap ush ay o'tkennen keyin arza ra'smiylestiriledi ha'm er-hayalg'a ajırasqanlıqları haqqında guuahnama beriledi.

Er-hayaldın' birinin' arzasına muuapıq neke biykar qılıng'anda to'mendegi sebepler bolıuı sha'rt.

1. bir ta'rep biyda'rek jog'alg'an dep tabılsa,

2. sud tamanınan ruhiyatı buzılıuı sebepli qatnasıqqa uqıpsız dep tabılg'an dep tabılsa,

3. islegen jınayatı ushın ush jıldan kem bolmag'an muddetke azatlıqtan ayırılg'an bolsa, ortada er jetpegen balaları barlıg'ına qaramastan er-hayaldın' birinin' arzasına muuapıq PXAJda nekeden ajıratadı. Nekeden ajıralıu isleri sudta O'zbekstan Respublikası Puqaralıq kodeksinde daua islerin sheshiu ushın belgilengen ta'rtipte ko'riledi.

Ajırasqanlar ortasında mulkiy ha'm mulkiy emes daular kelip shıg'adı. Mulkiy daular er-hayaldın' birge alg'an mulkine, turar jayına, saug'a mulklerine, amanat kassasında pul ha'm basqa mulklerge qaratılg'an bolıp, o'z-ara kelise almasa sud sheshedi.

Mulkiy emes qatnasıqqa perzent ha'm onın' ta'g'diri menen baylanıslı er (hayal)dın' o'z familiyasın o'zgertiu ma'seleleri kiredi.

Perzent ma'selesi sud qararına muuapıq sheshiledi. Balalardan qaysı biri atası yaki anası menen qalıuı, sonday-aq, balalardın' ta'miynatı ushın ata-analardın' qaysı birinen qansha mug'darda aliment o'ndiriu kerekligi sud qararına muuapıq sheshiledi.

Er jetpegen balalar ushın olardın' ata-analarınan aliment, ata-ananın' is haqısı (da'ramadı)nan, bir bala ushın to'rtten bir bo'limi, eki bala ushın ushten bir bo'limi, ush ha'm onnan ko'p bala ushın yarımı mug'darında o'ndiriledi.

O'zbekstan Respublikası Shan'araq nızamlarında nekeni haqıyqıy emes dep tabıu tiykarları da ko'rsetiledi. Eger neke duziu payıtında, er-hayaldın' o'z razılıg'ı bolmasa, bul razılıg'ın aytıu qa'biletine iye bolmasa, neke duziuge bolajaq er ha'm hayal ma'jbur qılıng'an bolsa, nekeleniushiler nızamda ko'rsetilgen neke jasına jetpegen bolsa, nekeleniushilerdin' biri dizimge alıng'an basqa nekede tursa, na'sili boyınsha tuurı tutasqan qarındaslar ortasında, tuuısqan ha'm o'gey ag'a-iniler menen apa-sin'liler ortasında, sonday-aq perzentlikke alıushılar menen perzentlikke alıng'anlar ortasında, nekedegilerdin' biri ruuxıy buzılıuı sebepli sud tamanınan qatnasıqqa uqıpsız dep tabılsa, sonday-aq, nekeleniushi shaxslardan biri tanasil keselligi yaki adam immuniteti virusı (OITS infektsiyası) barlıg'ın basqasınan jasırg'an bolsa, sonday-aq, qa'lbeki neke, yag'nıy er-hayal yaki olardan biri shan'araq qurıu maqsetin go'zlemey duzgen neke haqıyqıy emes dep tabıladı.

### 3. Er ha'm hayaldın' huqıq ha'm ma'jburiyatları.

Neke puqaralıq halatı aktlerin jazıu organlarında dizimge alıng'an payıttan baslap nekeni duzgenler er-hayal dep esaplanadı ha'm usı uaqıttan baslap olar ortasında er-xatınlın' huqıq ha'm ma'jburiyatlar kelip shıg'adı.

Bul ma'jburiyatlar shaxsıy ha'm mulkiy bolıp bo'linedi.

Shan'araqda er ha'm hayal ten' huqıqlı. Ten' huqıqlıq neke duziu uaqtınan baslap, er ha'm hayaldın' familiya tan'laudag'ı ten'ligi kelip shıg'adı.

Er ha'm hayal balalar ta'rbiyasında ha'm sem'yalıq turmıstın' barlıq ma'selelerinde birgelikte sheshiu huqıqına iye.

Er ha'm hayal ha'r biri o'zi tan'lag'an ka'sibi, qa'niygeligi boyınsha isleu huqıqına iye. Er ha'm hayal jasau jayların tan'lauda ten' huqıqlı.

Mulkiy huqıq ha'm ma'jburiyatlarda er ha'm hayaldın' mulkke bolg'an huqıq ha'm minnetleri ko'rinedi. Er ha'm hayal neke da'uirinde arttırg'an mulkleri, sonday-aq neke duzilgenge shekem, bolajaq er ha'm hayaldın' ulıuma qarjıları esabına alıng'an mal-mulkleri, eger nızam yaki neke sha'rtnamasında basqasha jag'day ko'rsetilmegen bolsa, olardın' birgelikdegi ulıuma mulki esaplanadı.

Er ha'm hayal olardın' birgeliktegi ulıuma mulki bolg'an mal-mulkke iyelik qılıu, onnan paydalanıu ha'm onı biylik etiude ten' huqıqlı.

Er ha'm hayaldın' nekege shekem o'zine tiyisli bolg'an mal-mulki, sonday-aq olardan ha'r birinin' neke dauamında saug'a, miyras sıpatında yaki basqa

biypul pitimler tiykarında alg’an mal-mulki olardan ha’r birinin’ o’z mulki esaplanadı.

Qımbat baha buyımlar ha’m basqa bahalı baylıqlardan basqa jeke paydalanıudag’ı buyımlar, neke dauamında er ha’m hayaldın’ ulıuma qarjısı esabına alıng’an bolsa da, olardan paydalanıp kelgen er ha’m hayaldın’ jeke mulki esaplanadı.

O’zbekstan Respublikası Shan’araq kodeksinde zaman talabınan kelip shıg’ıp er ha’m hayaldın’ mal-mulkinin’ sha’rtnamalıq ta’rtipleri ornatılg’an.

Nekeleniushi shaxslardın’ yaki er ha’m hayaldın’ nekede bolg’an da’uirinde ha’m er ha’m hayal nekeden ajırasqan jag’dayda olardın’ mulkiy huqıq ha’m de ma’jburiyatların belgileushi kelisim neke sha’rtnaması boladı.

**4. Ata-ana ha’m de er jetpegen balalardın’ huqıq ha’m ma’jburiyatları.**

Er jetpegen balalardın’ to’mendegi huqıqları bar, shan’araqda jasau ha’m ta’rbiyalanıu, ata-anası ha’m basqa qarındasları menen ko’risiu, o’z huqıqı ha’m nızamlı ma’plerin qorg’au, o’z pikirin bildiriu, ism, ata ismi ha’m familiya alıu, ism ha’m familiyasın o’zgertiu, shan’araqta ulıuma mulk, o’z jeke mulkine iye bolıu ha’m basqalar.

Bala o’z ata-anası tamanınan ta’rbiyalanıuı, o’z ma’plerin ta’miynleui, ha’r ta’repleme kamal tabıuı insanıy qa’dir-qımbatları hurmet qılınıu huqıqına iye.

Balanın’ huqıqı ha’m nızamlı ma’plerin qorg’au rnın’ ata-anası tamanınan a’melge asırıladı. Bala ism, ata ismi ha’m familiya alıu huqıqına iye.

Balanın’ familiyası ata-ananın’ familiyasına qarap belgilenedi. Ata-ana turli familiyalarda bolg’anda ata-ananın’ kelisiuine muuapıq balag’a atasının’ yaki anasının’ familiyası beriledi.

Puqaralıq halatı aktlerin jazıu organı ata-ananın’ birgeliktegi arzasına muuapıq bala on altı jasqa tolg’ang’a shekem onın’ ma’plerin itibarg’a alıp, ismin o’zgertiuge, sonday-aq og’an berilgen familiyanı ha’m atası yaki anasının’ familiyasına qarap o’zgertiuge haqılı.

Ata-ana o’z balaların ta’rbiyalau huqıqına iye ha’i ta’rbiyalauı sha’rt. Ata-ana o’z perzentleri aldında minnetlerin nızamsız tiykarda orınla-masa, olar atalıq (analıq) huqıqınan sud qararı tiykarında ayırıladı.

Shan’araq kodeksinin’ 78-stat’yasına muuapıq ata-analıq huqıqtan ayırıu to’mendegi jag’daylarda:

- ata-analıq ma’jburiyatların orınlaudan bas tartsa, sonın’ ishinde aliment to’leuden moyın taulasa,
- tiykarsız sebeplerge ko’re o’z balasın tuuıu uyine yaki basqa daualau mekemesinen, ta’rbiya, xalıqtı sotsiallıq qorg’au mekemesi ha’m usıg’an uqsas basqa mekemelerden alıudan bas tartsa,
- ata-analıq huqıqın buzsa, balalarg’a baylagıslı miyrimsiz qatnasıqta bolsa, sonın’ ishinde fizikalıq kush isletse yaki ruuhıy ta’sir ko’rsetse,
- uzliksiz ishkilik yaki narkotikke giribtar bolg’an bolsa,
- o’z balalarının’ o’miri yaki den-saulıg’ına yamasa eri (xatını)nın’ o’miri yaki den-saulıg’ına qarsı qastan jınayat islegen bolsa, ata-analıq huqıqınan ayırılıuı mumkin.

Ata-analıq huqıqınan ayırılg’an ata-ana qaysı balag’a baylanıslı ata-analıq huqıqınan ayırılg’an bolsa, usı balag’a baylanıslı bolg’an qarındaslıq faktine tiykarlang’an barlıq huqıqlardan, sonın’ ishinde onnan ta’miynat alıu, sonday-aq, balalı puqaralar ushın nızam hujjetlerinde belgilengen jen’illikler ha’m napaqalar alıu huqıqınan ayırıladı.

Ata-analıq huqıqınan ayırılıuı ata-ananı o’z balasına ta’miynat beriu ma’jburiyatınan azat qılmaydı.

**5. Perzentlerdin' huqıq ha'm minnetleri.**

Perzentler de ata-analardın' aldında o'z minnetlerin orınlauı sha'rt. Bul minnetler a'sirese miynet qa'biletin jog'altqan, kesel bolg'an, bag'ıushısınan ayırılg'an ata-analarg'a g'amxorlıq qılıudan ibarat. Perzentler minnetlerin orınlauları haqqında O'zbekstan Respublikası Konstitutsiyasının' 66-stat'ya-sında, jınayat, neke ha'm shan'araq nızamlarında ko'rsetilgen.

Nızam sheshim menen birgelikte, eger talap qılsa, er jetpegen perzentke napaqa to'leudi de sheshiu jolların ko'rsetken.

Alimentti ata yaki ana to'leui mumkin. Perzent kimnin' qaramag'ında qalsa usı shaxsqa aliment alıu huqıqı beriledi. Aliment mug'darı joqarıda ko'rsetildi. Er jetpegen perzentler bolsa, o'z na'ubetinde, ata-anaları talap qılsa, olarg'a da aliment to'leydi. Tek aliment sud ma'jilisi belgilegen mug'darda a'melge asırıladı. Ata-anag'a to'lenetug'ın aliment anıq mug'darda ko'rsetilmegen.

Nekede turg'an ata-analardan tuuılg'an perzentlerdin' familiyası ata-anasının' nekesi haqqındag'ı hujjet penen guuahlandıradı.

=============================================

**Tayanısh tusinikler:** Perzent, er ha'm hayal, shan'araq ag'zaları huqıq ha'm minnetleri. aliment.

**Ta'kirarlau ushın sauallar:**

1. Shan'araq huqıqı ne ?
2. Shan'araq huqıqının' tiykarg'ı printsipleri neler ?
3. Neke degenimiz ne ?
4. Neke qalay duziledi ha'm qay ta'rtipte ra'smiylestiriledi ?
5. Neke sha'rtnaması ne ?
6. Ata-ananın' huqıq ha'm ma'jburiyatları nelerden ibarat ?
7. Balalar qanday huqıq ha'm ma'jburiyatlarg'a iye ?

=============================================

## 7-**Lektsiya. Ekologia huqıqı tiykarları**

**Reje:**

1. **Ta'biyattı qorg'au tusinigi.**
2. **Ta'biyattı huqıqıy qorg'au tiykarları.**
3. **O'zbekstan Respublikası puqaralarının' ta'biyattı qorg'au tarauındag'ı huqıqları.**

### 1. Ta'biyattı qorg'au tusinigi.

Ta'biyattı qorg'au en' a'hmiyetli uazıypalardın' biri. Respublikamız Konstitutsiyasında "Puqaralar qorshag'an ta'biyiy ortalıqqa ıqtıyatlın' penen qatnasta bolıug'a ma'jbur", dep tastıyıqlang'an. Insan ta'biyattan paydalana otırıp jan'a sharayat payda qıladı, regografiyalıq ortalıqtı o'zgertedi, ta'biyatta kelip shıg'atug'ın ta'biyiy aylanıs ha'm zat almasıuı jag'dayınına ta'sir ko'rsetedi. Bunday ta'sirdin' passiv aqıbetleri ta'biyattag'ı ten'likke zıyan jetkizedi, insan ha'm biosfera ortalıg'ının' buzılıuına alıp keliui mumkin. Sonın' ushın da ta'biyattan paydalanıuda onın' qorg'alıuına itibar beriu obъektiv za'rurlik bolıp qaladı.

Ta'biyattı qorg'au - insannın' an'lı ha'm anıq bir maqsetke qaratılg'an iskerligi. Ol ta'biyattı qorg'aug'a, onın' resurslarınan maqsetke muuapıq paydalanıudı ta'miynleuge, turmıs ortalıg'ın ha'm insan iskerligin jaqsılaug'a qaratılg'an ma'mleket ha'm sotsiallıq ilajlar dizimi arqalı a'melge asırıladı.

Ta'biyattı qorg'audın' da'slepki formalarınan biri, onı konservatstyalau, yag'nıy insan ta'repinen xojalıq yaki basqa maqsetlerde paydalanatug'ın ta'biyiy obъektler, olardın' komplekslerinen tolıq halda yaki bir bo'legin ajıratıp alıu. Ekinshi

forması - paydalanıp atırg'an ta'biyiy obъektlerge aqılg'a ug'ras qatnasıqta bolıu, ushinshisi bolsa qorshag'an ortalıqtı qorg'au, saulamlastırıu ha'm jaqsılaudan ibarat.

Ta'biyattı qorg'au puqaralardın' a'hmiyetli uazıypası. Bul uazıypa tek ha'zirgi a'ulad ma'plerinen kelip shıg'ıp emes, ba'lki keyingi a'ulad ushın da za'rur. Insan tek o'zi haqqında qayg'ırmay, ba'lki o'zinen keyin jasaytug'ınlar haqqında da oylauı kerek. A'yyemgi Shıg'ıs hikmetlerinde usınday delingen "Eger ha'r bir insan birde balanı ta'rbiya qılmag'an, birde uy qurmag'an, birde terek egip o'sirmegen bolsa onın' o'miri zaya ketken esaplanadı".

Ta'biyattı qorg'au ilajların a'melge asırıuda tiykarg'ı itibar ta'biyattı qorg'au, jer, suu resursları, jer astı baylıqları, hayuanat ha'm o'simlikler dun'yasınan maqsetke muuapıq paydalanıu na'tiyjeliligin asırıug'a, ta'biyiy ortalıq ha'm iplaslıq tarqatıushı derekler ustinen ma'mleket qadag'alauın kusheyttiriuge, bul islerde ja'ma'a't sho'lkemleri ha'm xalıqtın' qatnasıu formaları ha'm usılların ken'eyttiriuge qaratılıuı za'rur.

**2. Ta'biyattı huqıqıy qorg'au tusinigi.**

Ta'biyiy baylıqlardı saqlau ha'm olardan aqılg'a ug'ras paydalanıu, olardı qorg'au tarauındag'ı qatnasıqlar O'zbekstan Respublikasının' "Ta'biyattı qorg'au haqqındag'ı", "Ayırıqsha qorg'alatug'ın ta'biyiy aymaqlar haqqındag'ı" Nızamlarg'a, jer, suu, tog'ay haqqındag'ı, jer astı baylıqları haqqındag'ı, hayuanat ha'm o'simlikler dun'yasın qorg'au ha'm onnan paydalanıu haqqındag'ı, atmosfera hauasın qorg'au haqqındag'ı ha'm qorshag'an ortalıqtı qorg'au nızamları ha'm basqa nızam hujjetleri menen ta'rtipke salınadı. Ta'biyattı qorg'au haqqındag'ı nızam ta'biyiy ortalıq sharayatların saqlaudın', ta'biyiy resurslardan aqılg'a ug'ras paydalanıudın' huqıqıy, ekonomikalıq ha'm sho'lkemlesken tiykarların belgilep beredi. Nızamnın' maqseti - insan ha'm ta'biyat ortasındag'ı qatnasıqlar tıg'ız qatnasıqta rauajlanıuın, ekologiya dizimlerin, ta'biyat jıynaqların ha'm ayırım obъektler qorg'alıuın ta'miynleuden, puqaralardın' qolay qorshag'an ortalıqqa iye bolıuı huqıqın kepillestiriuden ibarat boladı.

Ayırıqsha qorg'alatug'ın ta'biyiy aymaqlar haqqındag'ı O'zbekstan Respublikası Nızamının' uazıypası qa'dirli ta'biyat jıyılmaların, ta'biyat esteliklerin, o'simlikler ha'm hayuanlardın' fondın saqlap qalıudan, ta'biyiy jag'daylardı uyreniuden ha'm de ta'biyiy ortalıqtı guzetiu ha'm xalıqtı ekologiya babında ta'rbiyalauda, ta'biyattı qorg'au a'hmiyetine iye aymaqlar-dan xojalıq maqsetine paydalanıudı shekleuden ibarat. Jer astı baylıqları haqqındag'ı O'zbekstan Respublikası nızamının' uazıypası xalıq xojalıg'ının' mineral shiyki zatqa bolg'an talapları ha'm basqa ıqtıyajları qandırılmag'ı ushın jer astı baylıqlarınan aqılg'a ug'ras, kompleks ra'uishte paydalanıu, jer astı baylıqların qorıqlau, jer astı baylıqlarınan paydalanıu uaqtında isler qa'uip-qa'tersiz bolıuın ta'miynleu maqsetinde ka'nshilik qatnasıqların ta'rtipke salıudan, sonday-aq ka'rxanalar, sho'lkemler, mekemeler ha'm de puqaralardın' huqıqların qorg'au ha'm usı taraudag'ı nızamshılıqtı bekkemleuden ibarat boladı.

**3. O'zbekstan Respublikası puqaralarının' ta'biyattı qorg'au tarauındag'ı huqıqları.**

O'zbekstan Respublikası puqarası o'zinin' den saulıg'ı ha'm keleshek a'uladtın' den saulıg'ı ushın qolaylı ta'biyiy ortalıqta jasau, o'zinin' den saulıg'ın qorshap turg'an ortalıqtın' zıyanlı ta'sirinen qorg'au huqıqına iye. Usı maqsette respublikamızdın' xalqı ta'biyattı qorg'au boyınsha ja'miyetlik sho'lkemlerge birlesiu huqıqına iye. O'zbekstan Respublikasının' puqarası ta'biyiy resurslardan aqılg'a muuapıq paydalanıuı, ta'biyat baylıqlarına abaylılıq penen qatnas jasauı, eeikologiya talaplarına boysınıuı sha'rt. Bul haqqında O'zbekstan Respublikası Konstitutsiyasının' 50-stat'yasında aytılg'anU' "Puqaralar qorshap turg'an ta'biyat ortalıg'ına abaylılıq penen qatnasta bolıug'a ma'jbur".

Jer astı baylıqları, topıraq, suu, atmosfera hauası, o’simlik ha’m hayuanat dyn’yasınan paydalanıu, qayta tikleu sha’rtleri nızam menen belgilengen. Jer astı baylıqları, yag’nıy jer qabıg’ının’ joqarı bo’legin o’z ishine alatug’ın ta’biyiy resurslardan aqılg’a muuapıq paydalanıudın’ ta’miyn etiliui, sonday-aq qorshap turg’an ta’biyat ortalıg’ı ja’ne jer astı baylıqlarının’ pataslanıuının’ aldın alıu lazım. Topıraqtan, yag’nıy jer qabıg’ının’ tirishilik ushın paydalanılatug’ın ha’m o’simlikler menen birge ha’reket etetug’ın betindegi zura’a’tli qatlamnan, ta’biyiy ha’m ma’deniy o’simliklerden zura’a’t alıu ushın paydalanıladı. Topıraqtın’ qurılıs astında qalatug’ın gumusli qatlamı basqa orınlarg’a zura’a’tlilikti asırıu ushın alıp ketiliui kerek.

Suu ha’m suu basseynlerinin’ tazalıg’ın ta’miynleu, suu o’simlikleri menen hayuanların saqlau, suu basseynlerinin’ pataslanıuına jol qoymau kerek.

Ministrlikler ha’m mekemeler, ka’rxanalar, vedomstvolar, sho’lkemler, jeke shaxslar xalıq aralıq pitimge muuapıq atmosfera hauasınan paydalang’anda ozon qatlamına zıyanlı ta’sir etetug’ın ximiyalıq zatlar islep shıg’arıudı ja’ne bunday zatlardan paydalanıudı qısqartıuı lazım.

Ta’biyiy o’simlikler, atap aytqanda tog’ay, ta’biyatta erkin jasaytug’ın hayuanlar ha’m basqa janlı organizmlerdin’ ha’r qıylı turlerin, olardın’ qayta tikleniu qa’biletin saqlau kerek.

Ta’biyiy resurslardan paydalanıu protsesi ma’mleket ta’repinen qadag’alanadı. Qorshap turg’an ta’biyiy ortalıqtın’ jag’dayı haqqındag’ı ma’limleme ja’riyalılıq jag’dayında bolıp, onın’ negizgi ko’rsetkishleri ma’mlekettin’ ta’biyattı qorg’au mekemeleri ta’repinen dag’azalau ushın turaqlı berip jiberiledi.

Qorshap turg’an ta’biyiy ortalıqtın’ jag’dayına zıyanlı ta’sir jasaytug’ın yamasa namaqul taqılette ta’sir ko’rsetiui mumkin bolg’an obъektler, ta’biyiy ortalıqqa tusetug’ın zıyanı zatlardın’ turleri ha’m mug’darı, o’ndiris ja’ne uy ruzıgershilik shıg’ındılarının’ ko’lemi ja’ne quramı da qadag’alanıp otırıladı ha’m ma’mlekettin’ esabına alınadı. O’zbekstan Respublikasının’ Ta’biyattı qorg’au ma’mleketlik komiteti, O’zbekstan Respublikasının’ Densaulıqtı saqlau ministrligi, O’zbekstan Respublikasının’ Ishki Isler Ministrligi arnaulı ua’killikke iye ma’mleketlik ta’biyattı qorg’au mekemeleri esaplanadı.

Ta’biyattan arnaulı paydalang’anlıg’ı ushın to’lemler, ta’biyiy resurslardı qorg’ag’anı ha’m qayta tiklegeni ushın to’lemler respublikamızdın’ nızamları menen belgilenedi ha’m ta’rtipke salınadı.

Ta’biyattı qorg’au ilajların pul menen ta’miynleu ushın O’zbekstan Respuyublikası Ta’biyattı qorg’au ma’mleketlik komiteti ha’m olardın’ orınlardag’ı mekemeleri qasında ta’biyattı qorg’au respublika fondı ja’ne jergilikli fondları sho’lkemlestirilgen.

==============================================

**Tayanısh tusinikler:** Ta’biyat, ta’biyattı qorg’au, ta’biyattı huqıqıy qorg’au, jer-suu-jerastı baylıqları-atmosferalıq haua-qorshag’an ortalıqtı huqıqıy qorg’au.

**Ta’kirarlau ushın sauallar:**

1. Ta’biyattı qorg’auda neni tusinesiz ?
2. Ta’biyattı huqıqıy qorg’auda neni tusinesiz ?
3. Ta’biyattı qorg’aushı uyımlardın’ uazıypaları neler ?
4. Ta’biyattı qorg’au nızamlılıqları haqqında nelerdi bilesiz ?
5. Ta’biyattı qorg’auda puqaralardın’ konstitutsiyalıq huqıqları nelerden ibarat ?
6. Ta’biyattı qorg’auda puqaralardın’ konstitutsiyalıq minnetleri nelerden ibarat ?
7. Ta’biyattı qorg’au nızamlıqların buzg’anlıq ushın juuapkershilik turleri?

===========================================

## 8-Lektsiya. Jinayat huqıqı tiykarları

**Reje:**

**1. Jınayat huqıqı tusinigi, maqseti ha'm uazıypası.**
**2. Jınayat tusinigi.**
**3. Jınayiy juwapkershik tusinigi.**
**4. Jaza ha'm onı tayınlau.**

### 1. Jınayat huqıqı tusinigi, maqseti ha'm uazıypası.

Jınayat huqıqı - huqıq pa'nleri diziminin' bir tarauı bolıp, jınayattın' aldın alıu, insanlar qa'uipsizligin jınayıy qarsılıqlardan qorg'au, puqaralardı nızamg'a a'mel qılıu ra'uxında ta'rbiyalau, respublikamızda ushırap atırg'an jınayat turlerin ha'm olarg'a qollanılatug'ın jaza sharaların belgileu sıyaqlı a'hmiyetli ma'selelerdi uyretedi.

Jınayat huqıqı eki bo'limnen turadı. Birinshisi, ulıuma bo'lim. Ol jınayat huqıqının' uazıypaları, jınayat tusinigi, sostavı, jınayıy juuapkerlik tusinigi, turleri, qılmıstın' jınayıylıg'ın ta'riypleytug'ın halatlar, jınayatta qatnasıushılıq tusinigi, turleri, jaza tayınlau tiykarları, juuapkerlikten azat qılıu, sudlang'anlıq tusinikleri, er jetpegenler jınayatı, juuapkerlik tiykarları ha'm meditsinalıq turdegi ma'jburleu sharalarının' tiykarların o'z ishine aladı.

Ekinshisi arnaulı bo'lim. Ol anıq jınayatlar turi ha'm olarg'a beriletug'ın jazalardı ko'rsetedi. Bularg'a shaxsqa qarsı jınayatlar, tınıshlıq ha'm qa'uipsiz-likke qarsı, ekonomika tarauındag'ı, ha'kimiyat, basqarıu ha'm ja'ma'a't birlespeleri organlarının' iskerlik ta'rtibine qarsı, ja'ma'a't qa'uipsizligi ha'm ja'ma'a't ta'rtibine qarsı, a'skeriy xızmetti o'teu ta'rtibine qarsı jınayatlar kiredi.

Jınayat huqıqının' to'mendegi printsipleri bar - nızamshılıq, puqaralardın' nızam aldında ten'ligi, demokratizm, insanparuarlıq, a'dillik, ayıp ushın juuapkerlik, juuapkerliktin' so'zsiz ekenligi.

O'zbekstan Respublikasının' Jınayat kodeksi menen qadag'an n'tilgen, ayıplı sotsiallıq qa'uipli qılmıs (ha'reket yaki ha'reketsizlik) jaza qollanıu qa'upi menen jınayat dep tabıladı.

Ayıplı sotsiallıq qa'uipli qılmıs qastan yaki ıqtıyatsızlıq arqasında isleniui mumkin. Jınayattı islegen shaxs o'z qılmısının' sotsiallıq qa'uiplilik qa'siyetin an'laqan ha'm usınday qılmıstı isleudi qa'legen bolsa, bunday jınayat qastan islengen dep tabıladı.

O'z-o'zine isenim yaki biyparualıq arqasında islengen sotsiallıq qa'uipli qılmıs ıqtıyatsızlıq arqasında mslengen jınayat dep tabıladı.

Jınayatlar o'z qa'siyeti ha'm sotsiallıq qa'uiplilik da'rejesine ko're, sotsiallıq qa'upi ulken bolmag'an, onsha auır bolmag'an, auır, juda' auır jınayatlarg'a bo'linedi. Jınayıy juuapkerlikke tek jınayat islegen ayıpdar dep tabılg'an shaxslar tartıladı. Qılmıstın' jınayat dep tabılıuı ushın onda jınayat sostavı barlıg'ı anıqlanadı. Jınayat sostavına jınayat ob'ekti, ob'ektiv taman, sub'ekti, sub'ektiv tamanlar kiredi.

Jınayat ob'ekti - bul jınayat nızamı menen qorg'alatug'ın sotsiallıq qatnasıqlar.

Jınayat sub'ekti dep, fizikalıq aqılı duziu, jınayıy nızamda belgilengen belgili jasqa jetken shaxsqa aytıladı. Jınayattın' sub'ektiv tamanı dep - shaxstın' o'zi islegen sotsiallıq qa'uipli qılmısına ha'm onın' aqıbetlerine onın' ruuhıy qatnasın ko'rsetedi.

### 2. Jınayat tusinigi.

Jınayat kodeksinde jazalau mumkin bolg'an ja'ma'a't ushın sotsiallıq qa'uipli,ayıplı ha'reket (ha'reket yakei ha'reketsizlik) jınayat dep belgilengen.

O’zbekstan Respublikasının’ jınayat nızamları menen qorg’alatug’ın ob’ektlerge zıyan tiygizgen yamasa tiygiziui mumkin bolg’an ha’reket ja’ma’a’t ushın qa’uipli dep esaplanadı.

Jınayattı o’zinin’ o’zgesheligi ha’m sotsiallıq qa’uiplilik da’rejesine qaray to’mendegilerge bo’liu mumkin.

1. Ja’miyet ushın qa’uipli bolmag’an jınayatlar qatarına azatlıqtan ayırıu jazası qollanılmaytug’ın ha’reket yamasa ha’reketsizlikler jatadı.

2. Auır aqıbeti az jınayatlar qatarına nızam boyınsha bes jıldan ko’p bolmag’an uaqıtqa azatlıqtan ayırıu jazası qollanılatug’ın yamasa abaylamaushılıq sebepli zatalıqtan ayırıu jazası qollanılatug’ın jınayatlar kiredi.

3. Bes jıldan kem bolmag’an ko’p degende on jılg’a shekem azatlıqtan ayırıu jazsı ushın jaza qollanılatug’ın bilqastan islengen jınayat auır aqıbetli jınayat dep esaplanadı.

4. O’lim jazsına yamasa on jıldan artıq muddetke jaza qollanıuı mumkin bolg’an bilqastan islengen jınayat og’ada auır jınayat dep esaplanadı.

Demek, jınayat sotsiallıq qa’uipli, nızamg’a qılaplıq, bilqastan yamasa abaylamaushılıqtan islengen ha’reket yaki  ha’reketsizlik bolıp tabıladı.

Jınayattın’ nızamg’a qılaplıg’ı - jınayattın’ yuridikalıq uqıplılıq belgisi bolıp tabıladı.

Bunnan tısqarı jınayat islegen shaxstın’ ayıplı bolıuı jınayattın’ a’hmiyetli belgilerinin’ biri. Sonda g’ana ayıpkerge jınayat  jashzası qollanıladı.

Jınayatta ha’reket - shaxstın’ sanası, minez-qulqının’ ha’m erkinliktin’ ko’rinisi bolıp esaplanadı. Shaxs o’z islegen sotsiallıq ha’rketin sanalı ra’uishte isleydi.

Ha’reketsizlik - shaxstın’ sotsiallıq qa’uipli passiv minez-qulqı bolıp, isleniui lazım bolg’an ha’reketti islemegenliginde ko’rinedi. Ma’selen, aliment to’lemeushilik, ja’rdem bermeushilik.

### 3. Jınayiy juwapkershik tusinigi.

Jınayat juuapkershiligi degende jınayacht isleude ayıpker bolg’an shaxsqa sud ta’repinen O’zbekstan Respublikası Jınayat kodeksinde ko’zde tutılg’an qılmıs ushın juuapkershilikke tartıu tusiniledi.

Jınayat juuapkershiligine o’zinin’ ja’miyet ushın qa’uipli bolg’an ha’reketlerin islegen shaxslar tartıladı. Bunday jaza ma’mleket ta’repinen sud ha’kimi tiykarında qollanıladı.

Jınayat juuapkershiligine ja’ma’a’t ushın qa’uipli ha’reket islegen uaqıtta ruuhıy kesel jag’dayında bolg’an shaxslar, aqılı zayıl yamasa basqa turde keselligi sebepli o’z ha’reketleri ushın esap bere almaytug’ın shaxslar tartılmaydı. Bunday shaxslarg’a sudtın’ belgileui boyınsha meditsinalıq ma’jburiy emleu sharaları qollanıladı.

Aqıl-esi putin jag’dayında jınayat islegen, biraq sud ta’repinen ha’kim shıg’arılg’ansha o’z ha’reketleri ushın esap beriu imkaniyatınan ayırılg’an ruuhıy jag’dayg’a jolıqqan shaxslar da jınayat jazasına tartılmaydı. Sud qararı menen bunday shaxslarg’a meditsinalıq ma’jburiy sharalar qollanıu, saualg’annan soq olardı jınayat jazasına tartıu mumkin. SHaxs ma’s halında sonday-aq giyabentlik na’tiyjesinde jınayat islegende jınayat juuapkershiliginen azat etilmeydi.

Jınayat juuapkershiligine tartıuda jınayattın’ kim ta’repinen islengenligi, qanday jag’dayda juz bergeni, ko’pshiliktin’ qatnasıuında ma, bilqastan ba yamasa abaylamaushılıq aqıbetinde me, mine bul ulken a’hmiyetke iye.

Eki yamasa onnan ko’p adam jıynalıp bilqastan jınayat isleude qatnasıu qatnasıushılıq dep aytıladı.

Qatnasıushılar jınayat isleushiler, sho’lkemlestiriushiler, da’lalatshılar ha’m ja’rdemshilerge bo’linedi.

Jınayachttı tikkeley islegen shaxs orınlaushı dep esaplanadı.

Jınayat isleudi sho'lkemlestirgen yamasa onı isleuge basshılıq etken shaxs sho'lkemlestiriushi dep ataladı.

Jınayat isleuge qızıqtırıushı shaxs da'lalatshı dep ataladı.

Jınayat isleuge o'z ma'sla'ha'tları ko'rsetpeleri menen, a'sbap penen ta'miynleu, tosqınlıqlardı joq etiu menen ja'rdem bergen, sonın' menen bir qatarda jınayat izlerin joq etiuge ua'de bergen shaxs ja'rdemshi dep juritiledi.

Sud ta'repinen jaza berilgende joqarıda ko'rsetilgen ha'r bir qatnasıushı islegen jınayatına qaray jazalanadı.

Solay etip, qatnasıushılardın' ha'r biri o'z shen'berinde is tutıp, jınayattı aqırına jetkeriuge ko'meklesedi. Nızam aldında olardın' islegen jınayatı, ayıbı ha'm istegi basqa jag'daylarg'a qarap juuapkershilikke tartıladı.

## 4. Jaza ha'm onı tayınlau.

Jaza jınayat islengende ayıplı dep tabılg'an shaxslarg'a baylanıslı ma'mleket atınan sud hukimi menen qollanılatug'ın ha'm ayıpkerdi nızamda na'zerde tutılg'an belgili huqıq ha'm erkinliklerden ayırıu yaki olardı shekleuden ibarat ma'jburleu sharaları.

O'zbekstan Respublikası JK nin' 43-stat'yasına muuapıq to'mendegi tiykarg'ı jazalar dizimi bar,

a) ja'riyma,
b) belgili huqıqtan ayırıu,
v) miynet duzetiu isleri,
g) xızmeti boyınsha shekleu,
d) qamaq,
e) intizamıy bo'limge jo'neltiu,
j) azatlıqtan ayırıu,
z) o'lim jazası.

Ayıpkerlerge tiykarg'ı jazalardan tısqarı qosımsha jazalar da qolanılıuı mumkin, a'skriy yaki arnaulı ataqtan ayırıu, xızmet boyınsha shekleu yaki intizamıy bo'limge jo'netiu sıyaqlı jazalar tek a'skeriy xızmetkerlerge g'ana qollanıladı.

Ja'riyma ayıpdardan ma'mleket da'ramadına pul o'ndiriu. Ja'riyma en' kem aylıq is haqının' bes barabarınan altı juz barabarına shekem mug'darda belgilenedi.

Belgili huqıqtan ayırıu belgili lauazımdı iyeleu yaki belgili iskerlik penen shug'ıllanıudan ayırıudı bildiredi.

JK nin' 46-stat'yasında miynet duzetiu isleri shaxs is haqının' on payızınan otız payızına shekem mug'darın ma'mleket da'ramadı esabına uslap qalg'an halda onı miynetke ma'jburiy tartıudan ibarat bolıp, jaza sudtın' hukimine muuapıq ayıpkerdin' o'z is jayı yaki bul jaza orınlanıuın baqlaushı organlar belgilep beretug'ın basqa jaylarda o'tiledi.

Qamaq - shaxstı tolıq ajıratqan sharayat astında saqlaudan ibarat bolıp, bir aydan altı ayg'a shekem muddetke belgilenedi.

O'lim jazası ayırıqsha jaza sharası bolıp, atıp o'ltiriu sıpatında a'melge asırıladı. O'lim jazası hayalg'a, on segiz jasqa tolmastan jınayat islegen shaxslarg'a ha'm 60 jastan asqan erkeklerge baylanıslı qollanılmaydı. O'lim jazası a'piu etiu ta'rtibinde 25 jıl muddetke azatlıqtan ayırıu menen almastırılıuı mumkin.

Jınayat nızamlarında juuapkerlikten ha'm jazadan azat qılıu turleri ko'rsetilgen. Islengen qılmısı ushın jınayıy juuapkerlikten azat qılıudın' imkaniyatı ma'selesi eki ilajdan ibarat boladı,

a) shaxstın' jınayat belgilerin sa'ulelendirgen qılmıstı islegende, sonday-aq onı jınayıy juuapkerlikke tartıu ushın barlıq tiykarlar bar bolg'anda,

b) bul shaxstı jınayıy juuapkerlikten azat etiu ushın barlıq nızamlı tiykar ha'm sha'rt-sharayatlar bar bolg'an jag'daylarda.

Juuapkerlikten azat qılıu juuapkerlikke tartıu muddetinin’ o’tip ketkenligi qatnası menen, qılmıs yaki shaxs sotsiallıq qa’uipliligin jog’altqanlıg’ı qatnasıg’ı menen, ayıpdar o’z qılmısına shın keulinen pushayman bolg’anlıg’ı qatnasıg’ı menen, keselligi sebepli, amnistiya akti tiykarında a’melge asırıladı.

==============================================

**Tayanısh tusinikler**. Jınayat, jınayat huqıqı, jınayat juuapkershiligi, jaza, jaza turleri, sud, militsiya, prokuratura, jınayat huqıqı printsipleri, jınayat nızamı, jaza, jınayıy juuapkershilik.

**Ta’kirarlau ushın sauallar:**

1. Jınayat huqıqı huqıq diziminde qanday uazıypalardı orınlaydı ?
2. Jınyat nızamı ne ?
3. Jınayıy jaza degenizim ne ?
4. Jınayat ne onın’ qanday belgilerin ajıratıu mumkin ?
5. Jınayatlar qanday kvalifikatsiyalanadı ?
6. Jınayıy juuapkerlik ne ?
7. Jınayıy juuapkerlikke neshe jastan tartıladı ?
8. Er jetpegenlerdin’ jınayıy juuapkerligi nelerden ibarat ?

================================================

## 9-Lektsiya. Xaliq-araliq huqıq tiykarları

**Reje:**

**1.Xalıqaralıq huqıq tu’sinigi.**
**2. Xalıqaralıq huqıqtın’ tiykarg’ı derekleri**
**3. Xalıqaralıq huqıq sub’ektleri tu’sinigi**
**4. Xalıqaralıq huqıq printsipleri ha’m o’zine ta’n qa’siyetleri**
**5. Ma’mleketlerdin’ ishki huqıqı ha’m xalıqaralıq huqıqta suverenitet**

### 1.Xalıqaralıq huqıq tu’sinigi.

‘‘Xalıqaralıq huqıq’‘ tu’sinigin anıqlaw ha’m onı ta’riplew xalıqaralıq huqıq pa’ninin’ en’ a’hmiyetli wazıypalarınan biri. Eger, ma’mleket ha’m huqıq teoriyası ilimi ma’mleketlerdin’ milliy huqıqıy sistemasına ta’n waqıyalardı u’yrense, xalıqaralıq huqıq ilimi ma’mleketler aralıq yaki ken’irek ma’nide xalıqaralıq qatnasıqlarg’a ta’n bolg’an waqıya ha’m protsesslerdin’ huqıqıy qa’siyetlerin qarastıradı.

Xalıqaralıq-huqıqıy normalarda milliy ma’mleket-lerdin’ o’z-ara qatnasıqlarındag’ı quramalı protsesslar o’z sheshimin tabadı. Olardın’ tiykarında qa’liplesip atırg’an, xalıqaralıq sub’ektiv niyetin emes, al ja’miyetlik rawaj-lanıwının’ ob’ektiv faktorlarına say keletug’ın huqıqıy sana xalıqaralıq huqıqta o’z sa’wlesin tabadı.

Ha’zirgi xalıqaralıq qatnasıqlarg’a ta’sir jasawshı ko’plegen faktorlar ishinde xalıqaralıq huqıq u’stinligi haqqındag’ı qag’ıyda XXI a’sirdegi tsivilizatsiya ha’m huqıqıy sana da’rejesine ko’birek say keledi.

Xalıqaralıq huqıq iliminde xalıqaralıq huqıq tu’sinigine ha’r qıylı ta’riyipler berilgen. Solardan bir qatarın atap o’temiz:

Birinshi ta’riyp: xalıqaralıq huqıqtı ‘‘ma’mleketlerdin’ niyetin muwapıqlastırıw tiykarında du’zilgen ha’m rawaj-lanatug’ın ma’mleketlerdin’ tınısh-tatıw jasawı, xalıqlardın’ ten’ huqıqlıg’ı ha’m o’z ta’g’dirin o’zi belgilewin ta’miyinlew maqsetinde xalıqaralıq qatnasıqlardı retlestiriwshi yuridi-kalıq normalar sisteması’‘ sıpatında ta’riyplew mu’mkin.[1]

---

[1] Kurs mejdunarodnogo prava.V.6-ti tomax.-M., 1967, t.1, s.38.

Ekinshi ta’riyp: xalıqaralıq huqıq-bul ‘‘ma’mleketler ha’m usı huqıq sistemasının’ basqa sub’ektları arasındag’ı qatnasıqlardı retlestiriwshi yuridikalıq normalar sisteması’‘.[2] U’shinshi ta’riyp: xalıqaralıq huqıq ‘‘ja’miyetlik rawajlanıw nızamlıqlarının’ ta’siri menen baylanıslı ra’wishte xalıqaralıq qatnasıqlardı retlestiriwshi ha’m ma’mleketler niyetinin’ salıstırmalı sa’ykesligin bildiriwshi sha’rtnamalar, a’det normaları ha’m printsiplar sisteması’‘.[3] To’rtinshi ta’riyp: xalıqaralıq huqıq-bul ‘‘xalıqaralıq (ma’mleketler aralıq ha’m basqa tu’rdegi) qatnasıqlardı retlestiriwshi normalar jıyındısı ha’m siste-ması’‘.[4] Besinshi ta’riyp: xalıqaralıq huqıq-bul ‘‘huqıqtın’ biyg’a’rez tarawı bolıp, o’zinde bir pu’tin ha’m tutas printsiplar ha’m normalar sistemasın, yag’nıy en’ da’slep ma’mleketler arasındag’ı xalıqaralıq qatnasıqlar tarawın retlestiriwshi, yuridikalıq ma’jbu’riy bolg’an a’dep-ikramlıq qag’ıydalardı bildiredi’‘.[5]

Altınshı ta’riyp: ‘‘Xalıqaralıq huqıq ju’da’ ken’ ha’m tu’rli tarawlardı o’z ishine alıwshı ayrıqsha huqıqlar sisteması. Sonın’ menen birge tek normalar jıyındısı bolıp qalmastan, olardın’ sisteması da’‘.[6]

Xalıqaralıq huqıqqa berilgen joqarıdag’ı ha’m basqa ko’plep ta’riyplerdin’ avtorları imkanı bolg’anınsha ko’birek xalıqaralıq huqıqqa ta’n bolg’an waqıyalardı qamtıp alıwg’a ha’reket etken. Biraq, tastıyıqlap o’tiw kerek, bunday wazıypanı sheshiw ju’da’ qıyın. Ha’r qanday ilimiy ta’riyp onda paydalanılg’an atamalar, tu’siniklerdin’, sonday-aq, olardan kelip shıg’atug’ın tu’siniklerdin’ da’liylin talap etedi.

Ha’zirgi xalıqaralıq huqıq ekinshi jer ju’zlik urıstan keyin Birlesken Milletler SHo’lkeminin’ Ustavı qabıl etilgennen son’ ju’zege kelip, rawajlang’an. Sol sebepli, ‘‘Ha’zirgi xalıqaralıq huqıq’‘ tu’sinigi xalıqaralıq qatnasıqlarının’ ulıwma moyınlang’an prinipleri menen normaları rawajlanıwının’ jan’a basqıshın sa’wlelendirgen halda, xalıqaralıq huqıq ha’reketinin’ xronologiyalıq ko’lemin belgileydi.

Bizin’ pikirimizshe, xalıqaralıq huqıqtın’ ulıwma tu’sinigin (ta’riypin) to’mendegishe bayanlaw mu’mkin:

Xalıqaralıq huqıq-bul tınıshlıq ha’m birge islewdi ta’miyinlew maqsetinde ma’mleketler aralıq qatnasıqlardı retlestiriwshi yuridikalıq normalar sisteması.

Xalıqaralıq huqıq anıq yuridikalıq normalardan du’zilgen. Tastıyıqlap o’tiw lazım, ma’mleketler arasındag’ı qatnasıqlar tek xalıqaralıq-huqıqıy normalar menen, ba’lki siyasiy, a’deplilik normalar ja’ne a’meliy ha’m basqa normalar menen de retlestiriledi.

‘‘Xalıqaralıq huqıq’‘ ataması xalıqaralıq g’alaba huqıqtı bildiredi, onnan xalıqaralıq jeke huqıqtı parıqlaw lazım. Sol sebepli, ‘‘Xalıqaralıq huqıq’‘ ataması ma’lim da’rejede sha’rtli ekenligin tastıyıqlap o’tiw kerek. Usı ma’nide tariyxıy qa’liplesip ha’m ma’mleketler ja’ne xalıqaralıq hu’jjetlerde, sabaqlıqlarda qollanılatug’ın ‘‘xalıqaralıq huqıq’‘ ataması o’zinin’ tiykarg’ı ma’nisine tolıq say keledi dep bolmaydı. Usı atamanın’ basqa tillerdegi ma’nisi de ju’da’ uqsas: orıs tilinde- ‘‘mejdunarodnoe pravo’‘, inglis tilinde- ‘‘International Law’‘, frantsuz tilinde-’‘Droit international ‘‘, nemis tilinde ‘‘Volker recht’‘, ispan tilinde-’‘Derecho international ‘‘, ukrain tilinde ‘‘Meijnarodnoe pravo’‘ h.t.b..

## 2. Xalıqaralıq huqıqtın’ tiykarg’ı derekleri

Xalıqaralıq huqıq iliminde xalıqaralıq huqıqtın’ derekleri eki tu’rge, yag’nıy tiykarg’ı ha’m qosımsha dereklerge ajıratıladı. Xalıqaralıq huqıq dereklerinin’ bunday bo’liniwi sha’rt.

---

[2] Kurs mejdunarodnogo prava. V. 7-mi tomax.-M., t.1, s.9.
[3] Slovar` mejdunarodnogo prava.-M., 1989, s.170.
[4] UshakovN.A. Mejdunarodnoe pravo: osnovnıe ponyatiya i opredeleniya.-M.,1996,s.5-6.
[5] Turmuxamedov R.A., Xakimov R.T. Osnovı mejdunarodnogo prava.-Tashkent, 1998, s.7.
[6] Mamatqulov A. Xalqaro huquq.-Toshkent, 1997, 7-bet.

Ha’zirgi xalıqaralıq huqıqtın’ tiykarg’ı dereklerine xalıqaralıq sha’rtnama, xalıqaralıq u’rp-a’detler, ma’mle-ketlerdin’ minnetlemeleri boyınsha ha’m xalıqaralıq sho’l-kemlerdin’ ag’za ma’mleketlerine ko’rsetpe beriwshi bir ta’repleme yuridikalıq hu’jjetler kiredi.

Birinshi tiykarg’ı derek xalıqaralıq huqıq ta’repinen ta’rtipke salınatug’ın, xalıqaralıq huqıq sub’ektları arasındag’ı jazba pitim sıpatında tu’siniletug’ın xalıqaralıq sha’rtnamalar. Xalıqaralıq sha’rtnamalardın’ du’ziliwin ta’rtipke salıwshı normalar du’zimi xalıqaralıq sha’rtnamalar dep aytılatug’ın xalıqaralıq huqıqtın’ ayrıqsha, biyg’a’rez tarawın quraydı.

Son’g’ı waqıtlarda xalıqaralıq huqıq iliminde ra’smiy emes xalıqaralıq sha’rtnama tu’sinigi qarar tappaqta. Usı tu’sinik ra’smiy tastıyıqlanbag’an (qol qoyıw yamasa basqa ta’rtipte) ha’m yuridikalıq ku’shke iye ekenligi haqqındag’ı qag’ıyda bekitilmegen bolsada, usı ma’mleketler ta’repinen jazba pitim qag’ıydaların yuridikalıq ma’jbu’riy dep ta’n alınatug’ın ko’p ta’repleme sıpattag’ı jazba pitim tu’siniledi.

Xalıqaralıq huqıqtın’ ekinshi a’hmiyetli deregi-xalıqaralıq u’rp-a’det. BMSH xalıqaralıq sudı statutının’ 38-stat`yasında xalıqaralıq u’rp-a’detler ‘‘huqıqıy norma sıpatında ta’n alıng’an ulıwma ja’ha’n ta’jiriybesinin’ da’lili’‘ sıpatında belgilenedi. Usı tu’sinikte, birinshiden, ma’mleket-lerdin’ ta’jiriybesi haqqında, ekinshiden, olardın’ bir qıylı jag’daylardag’ı tiyisli ha’reketler ta’jiriybesi haqqında da, u’shinshiden, ma’mleketlerdin’ xalıqaralıq birlespesi ta’repi-nen sonday ko’p ta’kirarlanatug’ın ha’reketlerdi yuridikalıq ma’jbu’riy dep ta’n alıw, yag’nıy ma’mleketlerdin’ so’zsiz keli-siwi, usı ha’reketlerge xalıqaralıq-huqıqıy norma sıpatın beriw haqqında da so’z boladı.

Xalıqaralıq u’rp-a’detler haqqında so’z bolg’anda, xalıqaralıq huqıq norması sıpatında so’z boladı. Sebebi, lokal xalıqaralıq u’rp-a’det qag’ıydaların jaratıw mu’mkin bolsada, biraq ju’da’ az ushırasadı. Eki ta’repleme u’rp-a’detler bolsa hesh qanday a’hmiyetke iye emes.

Ekinshi jer ju’zlik urıstan keyin BMSH ha’m basqa universal xalıqaralıq sho’lkemler shen’berinde xalıqaralıq huqıq u’rp-a’det normaların kodifikatsiyalaw boyınsha a’hmiyetli jumıslar iske asırıldı, bul jumıslar olardın’ progressiv rawajlanıwı menen dawam etken. Na’tiyjede diplomatiyalıq ha’m konsullıq huqıqı, ma’mleketlerdin’ huqıqıy miyrası, xalıqaralıq sha’rtnamalar huqıqı, ten’iz huqıqı ha’m basqa bir neshe tarawlarda universal konventsiyalar du’zilgen, yag’nıy xalıqaralıq huqıq normaların kodifikatsiyalaytug’ın konventsiyalar qabıl etilgen.

Usı xalıqaralıq sha’rtnamalardı talıqlaw qollanıw a’detleri qag’ıydalarg’a qarag’anda qanshelli qolaylı ekenligin ko’rsetedi. Biraq, a’detler bunda o’z a’hmiyetin jog’altpaydı, sebebi tiyisli universal sha’rtnama qatnasıwshıları ushın bul normalar konventsiyalıq xarakterdi quraydı, qatnaspag’an ma’mleketler ushın bolsa a’piwayı huqıqıy xarakterde boladı.

Xalıqaralıq a’detlerden xalıqaralıq printsiplarda ajıratıw kerek. Xalıqaralıq printsiplar ma’mleketlerdi ha’m xalıqaralıq huqıqtın’ basqa sub’ektlerin yuridikalıq ma’jbu’-riy bolg’an ha’reket normaları bolıp tabıladı. Bug’an ma’selen, xalıqaralıq a’deplilik normaları, atap aytqanda, diploma-tiyalıq etika ha’m diplomatiyalıq protokol normaları kiredi. Xalıqaralıq huqıqtın’ u’shinshi dereklerine ma’mleketlerdin’ minnetlemeleri-bir ta’repleme yuridikalıq hu’jjetler kiredi. Bug’an ma’mleketlerdin’ basqa barlıq ma’mleketlerge yaki olardın’ ayrımlarına qaratılg’an ha’m usı ma’mlekettin’ basqa ma’mleket-ler menen o’z-ara mu’na’sibetlerindegi belgili xalıqaralıq a’hmiyetke iye bolg’an minnetlemelerin bildiriwshi ra’smiy bayanatı kiredi. Bunday bayanatlar basqa ma’mleket ta’repinen bayanat mazmunına so’zsiz razılıq beriwleri menen ol kelisim xarakterin quraydı. Xalıqaralıq huqıqtın’ to’rtinshi-xalıqaralıq sho’lkemler yamasa organlar olardın’ tiykarg’ı hu’jjetlerine

muwapıq yaki usı sho’lkem yamasa organlarının’ anıq ta’jiriybesi na’tiyjesinde sheshimin tapqan ma’jbu’riy xarakterg’a iye bolg’an ag’zalarına ko’rsetpe beriwshi hu’jjetler kiredi. Besinshi xalıqaralıq huqıq deregi onın’ individual normalarına tiyisli bolg’an qa’liplesiw sha’rayatı boyınsha iste ko’rilip atırg’an ta’repler ushın yuridikalıq ma’jbu’riy bolg’an xalıqaralıq arbitraj yaki sud qararları esaplanadı. Ha’zirgi xalıqaralıq huqıqtın’ altınshı deregi xalıqaralıq huqıq boyınsha yuristlerdin’ ilimiy shıg’armaları, doktrinaları esaplanadı. Doktrinalar xalıqaralıq huqıq tarawında arnawlı ha’m teren’ bilimge iye bolg’an ayrım huqıqtanıwshı alımlardın’ jeke pikirlerin bildiredi. Doktrinalardın’ a’hmiyeti sonnan ibarat, xalıqaralıq huqıq boyınsha yuristlerdin’ ilimiy shıg’armaları a’meldegi xalıqaralıq huqıq anaw yamasa mınaw printsiplerı, normaları ha’m institutlarının’ mazmunın tu’siniw ushın qosımsha material bolıp xızmet etedi. Doktrinalar xalıqaralıq mashqalanın’ jan’a qag’ıydaların islep shıg’ıwı ha’m qa’lipestiriwi mu’mkin.

Usı qag’ıydalarg’a ma’mleket ishinde xalıqaralıq huqıqıy normaların qollawshı ma’mleketlik organlar da boysınıwı mu’mkin. Joqarıda atap o’tilgenlerge qosımsha sıpatında xalıqaralıq sho’lkemlerdin’ Rezolyutsiyaların kirgiziw mu’mkin. Olar BMSH Xalıqaralıq sudı Statutın du’ziw waqtında usınday orıng’a iye bolmag’an, ba’lki keyinirek sonday rol` oynay baslag’an. Ha’zir sud xalıqaralıq organlarının’, en’ da’slep BMSH Bas Assambleyası Rezolyutsiyaları normalarının’ mazmunın tastıyıqlaw ushın belsene paydalanıp kelmekte.

Bunday Rezolyutsiyalar o’z-o’zinen usınıs xarakterge iye ha’m xalıqaralıq huqıq normaların jaratpaydı. Biraq olar xalıqaralıq-huqıqıy normalardı qa’liplestiriw barısında a’hmiyetli basqısh bolıp xızmet etedi. Rezolyutsiyalar qag’ıyda-ları qa’liplestiredi, ma’mleketler bolsa huqıqtın’ a’piwayı norması sıpatında qarar tabadı.

Xalıqaralıq huqıq normaları ishinde onın’ tiykarg’ı normaları-printsipları ayrıqsha ajıralıp turadı. Xalıqaralıq huqıqtın’ tiykarg’ı printsipleri-sonday ulıwma xarakterdegi normalar, barlıq basqa normalar og’an muwapıq ra’wishte belgileniwi lazım. Olar xalıqaralıq-huqıqıy normalar du’ziminde baslang’ısh easplanadı ha’mde ma’mleketler ha’m basqa xalıqaralıq huqıq sub’ektlerinın’ tiykarg’ı huqıq ha’m minnetlemelerin belgilew jolı menen xalıqaralıq mu’na’si-betlerdegi ha’reketlerin ulıwmalastırg’an halda ta’rtipke saladı.

Xalıqaralıq huqıq a’hmiyetli ha’m ko’lemli du’zimdi bildiredi. Xalıqaralıq huqıq-ma’mleketlerararalıq mu’na’sibetler-di ta’rtipke salıwshı yuridikalıq norma jıyındısınan ibarat. Usı du’zimnin’ normaları barlıq ma’mleket ushın ma’jbu’riy bolg’an xalıqaralıq huqıq du’zedi. Ol ulıwma moyınlang’an printsipler ha’m normalardan ibarat. Usı printsipler ha’m normalar a’det tu’rinde payda boldı. Qatnaspay-tug’ın ma’mleketler ushın sha’rtnama hesh qanday ku’shke iye emes. A’piwayı normalar ha’mme ma’mleketler ta’repinen emes, ba’lki ko’pshilik ma’mleketler ta’repinen ta’n alınıwı na’tiyjesinde xalıqaralıq huqıq normasına aylanıwı mu’mkin.

Eki ha’m ko’p ta’repleme mu’na’sibetlerdi ta’rtipke salıwda sha’rtnamalar bas rol`di oynaydı. SHa’rtnamalıq normalar sanı jaqtan xalıqaralıq huqıq normalarınan ko’birek, biraq olar son’g’ı tu’rdegi normalarg’a tayanadı, atap aytqanda olardın’ ma’jbu’riyligi ulıwma huqıq printsipleri-xalıqaralıq minnetlemelerdi shın kewilden orınlaw printsipi menen belgilenedi.

### 3. Xalıqaralıq huqıq sub’ektleri tu’sinigi

Huqıq sub’ekti ‘‘tu’sinigi ma’mleket ha’m huqıq teoriyasında islep shıg’ılıp, ma’mleketlerdin’ ishki huqıqı yaki xalıqaralıq huqıqqa tiyisli emes, al ulıwma huqıqqa tiyisli qollanıladı.

Xalıqaralıq huqıq belgili xalıqaralıq qatnasıqlardı ta’rtiplestiredi, bunın’ na’tiyjesinde olar xalıqaralıq huqıqıy qatnasıqqa aylanadı. Xalıqaralıq huqıq

normaları menen ta’rtiplendiretug’ın xalıqaralıq huqıqıy mu’na’sibet-lerdin’ qatnasıwshıları xalıqaralıq huqıq sub’ektleri dep ataladı.

Huqıqıy qatnasıqlar basqa ja’miyetlik qatnasıqlardan sonın’ menen o’zgeshelenedi, olardın’ qatnasıwshıları-sub’ektleri huqıq normalarında belgilengen yuridikalıq huqıq ha’m minnetlerge iye boladı. Huqıq norması tiykarında sub’ektka tiyisli bolg’an belgili yuridikalıq huqıq onın’ sub’ektiv huqıqı esaplanadı. Og’an xalıqaralıq huqıqta ha’mme waqıt basqa xalıqaralıq huqıqıy mu’na’sibet sub’ektinin’ sub’ektiv minnetlemeleri qarsı turadı.

Huqıq normaları du’zimi ob’ektiv ma’nidegi huqıq yaki ob’ektiv huqıq dep ataladı. Xalıqaralıq huqıq tolıq ma’nide ob’ektiv huqıq esaplanadı.

Xalıqaralıq huqıq sub’ektleri xalıqaralıq huqıq normaları menen sub’ektiv huqıq ha’m sub’ektiv minnetlemelerge iye bolg’an xalıqaralıq- huqıqıy mu’na’sibetler qatnasıw-shıları.

Ma’mleketler diplomatiyalıq wa’kilxanalarının’ immunitetleri ha’m jen’illikleri yuridikalıq jag’dayı haqqındag’ı normalardı kodifikatsiyalag’an 1961-jıldag’ı Diplomatiyalıq baylanıslar xaqqındag’ı Vena Konventsiyası xalıqaralıq-huqıqıy mu’na’sibetlerdin’ potentsial qatnasıwshılar, yag’nıy barlıq ma’mleketler arasındag’ı tiyisli mu’na’sibetlerdi ko’zde tutadı. Biraq A ha’m B ma’mleketleri arasındag’ı bunday xalıqaralıq-huqıqıy baylanıslardı a’melge asırıw ushın olar tek usı Konventsiya qatnasıwshıları bolıwı za’ru’r, sonday-aq ma’lim bir yuridikalıq fakt bolıwı, yag’nıy: usı ma’mleketler ha’m turaqlı diplomatiyalıq wa’kilxana ma’kemeleri arasında o’z-ara kelisiwge muwapıq diplomatiyalıq baylanıslar ornatılıwı za’ru’r (Konventsiyanın’ 2-stat`yası). Bug’an shekem ha’r qanday basqa ma’mleketke uqsap tiyisli huqıqıy mu’na’sibet-lerdin’ potentsial sub’ektleri g’ana bolıwı mu’mkinligin an’law qıyın emes. A’ne usınday potentsial imkaniyat olardı tiyisli yuridikalıq fakt payda bolg’an jag’dayda xalıqaralıq huqıqıy mu’na’sibetlerdin’ real` sub’ektına aynaldıradı.

Xalıqaralıq huqıq sub’ektları-xalıqaralıq huqıq normaları menen sub’ektiv huqıq ha’m minnetlemelerge iye bolg’an, sonday-aq, tiyisli huqıqıy mu’na’sibetlerdin’ real qatnasıwshıları bolıwı mu’mkin bolg’an ta’repler, shaxslar.

Xalıqaralıq huqıqta ‘‘wazıypa’‘ ataması ornına ‘‘minnetleme’‘ ataması qollanıladı, sebebi tiyisli minnetlemeler tek xalıqaralıq-huqıqıy normalar menen ta’rtiplestirgen ja’miy-etlik mu’na’sibetlerdin’ potentsial qatnasıwshılarının’ kelisi-mi menen g’ana minnetleme tu’sine aladı. Atap aytqanda, bul xalıqaralıq-huqıqıy mu’na’sibet qatansıwshılarının’ bir-birinen yuridikalıq biyg’a’rezligi, yuridikalıq ma’jbu’riy bolg’an ha’reket qag’ıydaların belgilewshi, o’zine boysındırıwshı sırtqı ha’kimiyattın’ joqlıg’ında o’z sa’wlesin tabadı.

Eger ‘‘xalıqaralıq huqıq sub’ekti’‘ ataması uzaq waqıt dawamında tek xalıqaralıq huqıq teoriyasında paydalanıp kelingen bolsa, son’g’ı waqıtlarg’a kelip xalıqaralıq-huqıqıy hu’jjetlerde de, atap aytqanda BMSH ko’leminde qabıl etilgen universal konventsiyalarda paydalanılmaqta. Ma’selen, 1986-jıldag’ı ma’mleketler ha’m xalıqaralıq sho’lkemler yaki xalıqa-ralıq sho’lkemler arasındag’ı sha’rtnama huqıqı haqqındag’ı Vena Konventsiyasının’ 3-stat`yasında ‘‘bir yaki bir neshe ma’m-leketler arasında, bir yaki bir neshe xalıqaralıq sho’lkemler ha’m bir yaki bir neshe ma’mleket yaki xalıqaralıq sho’lkem esaplanbaytug’ın xalıqaralıq huqıq sub’ektleri arasında du’zilgen xalıqaralıq pitimler haqqında so’z boladı’‘. Basqa-sha aytqanda, ma’mleketler, xalıqaralıq sho’lkemler ha’m xalıqa-ralıq huqıq normaları menen sub’ektiv huqıq ha’m minnetle-melerge iye bolg’an qandayda bir ja’miyetlik du’zimler xalıqaralıq huqıq sub’ekti esaplanıwı belgilengen.

Xalıqaralıq huqıq sub’ekti-xalıqaralıq huqıqtın’ ulıw-ma normalarına yaki xalıqaralıq-huqıqıy hu’jjetlerdin’ tala-bına muwapıq payda bolatug’ın xalıqaralıq huqıq ha’m minnet-ler iyesi bolıp tabıladı.

Xalıqaralıq huqıq iliminde birinshi ha'm ekinshi na'w-bettegi xalıqaralıq huqıq sub'ektlerine bo'linedi. Bunday o'zgeshelik-ob'ektiv haqıyqatlıq, ta'biyi-tariyxıy protsessi ha'm ha'zirgi xalıqaralıq huqıqtın' rawajlanıwının' na'tiy-jesi. Birinshi na'wbettegi xalıqaralıq huqıq sub'ektleri-a'wele ma'mleketler ha'm ayrım jag'daylarda xalıqlar ha'm milletler. Olar ja'miyetlik organizm sıpatında payda bolıp, sha'rtli ra'wishte o'z-ara baylanıs ornatadı, o'zi ushın o'z-ara xalıqaralıq qatnasıq qag'ıydasın jaratadı.

Ekinshi na'wbettegi xalıqaralıq huqıq sub'ektleri birinshi na'wbettegi sub'ektler ta'repinen jaratıladı. Olardın' xalıqaralıq huqıqıy uqıbının' ko'lemi onın' sho'lkemlerinin' ıqtıyarı ha'm maqsetine baylanıslı. Bul hu'kimetleraralıq sho'lkem bolıwı da mu'mkin yamasa erkin qalalar sıyaqlı ma'mleketke uqsas du'zilme bolıwı da mu'mkin. SHo'lkemles-tiriwshiler olardı o'z atınan ma'mleketleraralıq mu'na'sibet-lerge kiriw huqıqın beredi.

### 4. Xalıqaralıq huqıq printsipleri ha'm o'zine ta'n qa'siyetleri

Huqıq printsipleri-haqıyqatlıqtın' ob'ektiv ta'rtibi, ja'miyetlik rawajlanıw nızamlarının' sa'wlesi. Xalıqaralıq huqıq printsipleri ja'miyetlik ta'jiriybe na'tiyjesinde payda bolatug'ın xalıqaralıq huqıqtın' yuridikalıq jaqtan tastıyıqlang'an tiykarları bolıp, huqıq sub'ektleri ha'reketinin' basshılıq qag'ıydaları esaplanadı.

Xalıqaralıq huqıqtın' bir qatar normaların, eger olar xalıqaralıq huqıq normaları bolsada, printsipler dep ataladı. Biraq olardın' ayrımları a'zelden printsipler dep atalg'an, bazıları bolsa xalıqaralıq huqıqıy ta'rtipte tutqan ornına baylanıslı solay dep atala baslag'an. Sonın' menen birge xalıqaralıq huqıqıy ta'rtipti ta'miyinlewde xalıqaralıq birlespe ushın o'te u'lken a'hmiyetke iye bolg'an ha'm ulıwma xarakterdegi prinitsipler da bar.

Printsipler ishinde ha'zirgi xalıqaralıq huqıqıy ta'rtiptin' tiykarın qurawshı xalıqaralıq huqıqtın' tiykarg'ı printsipleri ajıraladı. Ma'mlekettin' qandayda bir tiykarg'ı printsipin buzıw xalıqaralıq birlespe ta'repinen pu'tin xalıqaralıq huqıqıy ta'rtipke qılaplıq islew dep tu'siniliwi mu'mkin.

Xalıqaralıq huqıq printsipi birinshi na'wbette xalıqaralıq huqıq norması.

Huqıq sub'ektleri ushın xalıqaralıq huqıq printsiplerin moyınlaw ma'jbu'riy bolıp tabıladı. Xalıqaralıq huqıq printsipin ja'miyetlik ta'jiriybeni o'zgertiw arqalı g'ana biykarlaw mu'mkin. Bul bolsa ayrım ma'mleketler yamasa ma'mleketler toparı imkaniyatı ko'leminde emes. Sonın' ushın ha'r bir ma'mleket xalıqaralıq huqıq printsiplerin buzıw arqalı ja'miyetlik ta'jiriybeni ''du'zetiw''ge qaratılg'an ha'r qanday bir ta'repleme ta'rtiptegi urınıwlarg'a o'z qatnasın bildiriwi lazım.

Xalıqaralıq huqıq prinitsipleri sha'rtnama usılları arqalı qa'liplesedi. Olar bir payıttın' o'zinde eki tu'rli funktsiyanı orınlaydı:

birinshiden, xalıqaralıq qatnasıqlardı olardın' ma'lim norma ko'lemi menen shegaralaw arqalı turaqlasıwına ko'meklesedi;

ekinshiden, xalıqaralıq qatnasıqlar ta'jiriybesinde payda bolatug'ın barlıq jan'a jag'daylardı bekkemleydi.

Xalıqaralıq huqıq printsiplerinın' o'zgesheligi olardın' universallıg'ında. YAg'nıy xalıqaralıq huqıqtın' barlıq sub'ektleri printsiplerdi so'zsiz moyınlawı lazım, sebebi usı printsiplerdi ha'r qanday tu'rde buzıw so'zsiz xalıqaralıq qatnasıqlardın' basqa qatnasıwshıları nızamlı huqıq ha'm ma'plerine zıyan tiygiziwge alıp keledi. Xalıqaralıq huqıq printsipleri pu'tin xalıqaralıq-huqıqıy normalar du'ziminin' nızamshılıq negizi esaplanadı. Xalıqaralıq huqıqtın' tiykarg'ı printsipleri BMSH Ustavında tastıyıqlang'an. BMSH Ustavı printsipleri **jus cogens** xarakterin du'ziwdi ken' ta'n alıng'an, yag'nıy olar ma'mleketler ta'repinen biykarlanıwı mu'mkin bolmag'an joqarı da'rejedegi minnetlemeler sanaladı.

Xalıqaralıq huqıqtın' ulıwma moyınlang'an printsipleri ha'zirgi xalıqaralıq huqıqtın' tiykarg'ı mazmunın bildiriwshi ha'm onın' maqsetlerinin' a'melge

asırıwında u'lken a'hmiyetli ha'm universal ma'jbu'riy normaları. Ulıwma moyınlang'an printsipler dep jer ju'zi birlespesi ta'repinen qollap-quwatlanatug'ın ha'm tiyisli xalıqaralıq-huqıqıy hu'jjetlerde tastıyıqlang'an printsipler esaplanadı. Usı prinitsipler ulıwma tınıshlıq ha'm xalıqaralıq qa'wipsizlikti, xalıqlar erkinligin ha'm g'a'rezsizligin ta'miyinlewdin', ma'mleketler arasında normal qatnasıqlardı rawajlandırıw, olar arasında birge islesiwdi, bir-birin tu'siniw ha'm isenimdi bekkemlewdin' huqıqıy tiykarı sıpatında ko'riledi.

Xalıqaralıq-huqıqıy retlestiriw sistemasında ulıwma moyınlang'an printsipler ha'm normalar ornı ha'm a'hmiyetinin' o'sip barıwı ha'zirgi xalıqaralıq huqıqına ta'n qa'siyetlerden biri.

Xalıqaralıq huqıqtın' ko'pshilik printsipleri BMSH Ustavının' 2-stat`yasında qısqa ha'm anıq bayan etilgen. Usı printsipler BMSH Ustavına muwapıq ma'mleketler arasında doslıq qatnasıqlar ha'm birge islesiwge tiyisli 1970-jıl xalıqaralıq huqıq printsipleri haqqındag'ı Deklaratsiyada ha'mde Evropada qa'wipsizlik ha'm birge islesiw ken'esinin' Juwmaqlawshı hu'jjetinde tolıq jaratılıp berilgen.

Ulıwma moyınlang'an printsipler ha'm normalar anaw yamasa mınaw tu'rde ha'zirde ko'plegen ma'mleketlerdin' Konstitutsiyalarında da tastıyıqlang'an. Nızamshılıq, sonday-aq, atqarıw ha'm sud ha'kimiyatları jumısı olarg'a muwapıq keliwi lazım. Usı prinitspler O'zbekstan Konstitutsiyasının' to'rtinshi babında tastıyıqlang'an.

Xalıqaralıq huqıqta onın' ulıwma moyınlang'an printsip ha'm normaların tolıq bayanlag'an birden-bir normalıq hu'jjet joq.

Eger BMSH Ustavında bes printsiptin' atı keltirilgen bolsa, Xalıqaralıq huqıq printsipleri haqqındag'ı Deklaratsiyada olardın' jetewi sa'wlelengen. Olar to'mendegiler:

1) Ku'sh qollanbaw ha'm ku'sh penen abay etpew printsipi.
2) Xalıqaralıq dawlardı tınısh jol menen sheshiw printsipi.
3) Ma'mleketlerdin' ishki islerine aralaspaw printsipi.
4) Ma'mleketlerdin' xalıqaralıq birge islesiw printsipi.
5) Ma'mleketlerdin' suveren ten'ligi printsipi.
6) Xalıqlar ha'm milletlerdin' o'z ta'g'dirin o'zi belgilew printsipi.
7) Ma'mleketlerdin' xalıqaralıq minnetlemelerin haq kewilden orınlaw printsipi.

Evropada Qa'wipsizlik ha'm Birge islesiw Ken'esinin' Xel`sinki Juwmaqlawshı hu'jjetinde usı printsiplarg'a ja'ne u'shewin qosqan. Bular:

1) shegaralardın' qol qatılmaslıg'ı;
2) ma'mleketlerdin' aymaqlıq pu'tinligi;
3) insan huqıqları ha'm tiykarg'ı erkinliklerin hu'rmetlew.

Ja'ha'n birlespesi aldında turg'an ulıwma mashqalalardı sheshiw za'ru'rligin sa'wlenediriwshi jan'a printsipler de (ma'selen, qorshap turg'an ortalıqtı qorg'aw minnetlemesi) qa'liplespekte.

O'zbekstan Respublikası Konstitutsiyasında joqarıda qarastırılg'an printsiplerden besewi anıq belgilengen ha'm ''xalıqaralıq huqıqtın' basqa ulıwma ta'n alıng'an printsip ha'm normaları'' hu'rmetlew atap o'tilgen. Xalıqaralıq huqıqtın' ko'rsetilmegen printsip ha'm normaları qatarına insan huqıqların hu'rmetlew, xalıqlar ha'm milletlerdin' o'z ta'g'dirin o'zi belgilew, ma'mleketlerdin' xalıqaralıq birge islesiwi, xalıqaralıq minnetlemelerdin' haq kewilden orınlaw, o'z-ara birge islesiw, ma'mleketlerdin' aymaqlıq pu'tinligi printsipleri kiredi.

O'zbekstan Respublikası xalıqaralıq birlespesinin' ulıwma moyınlang'an printsip ha'm normaların ta'n almaqta, sha'rtnamalar du'zip, olardı orınlap atır, xalıqaralıq sho'lkemler jumısında, ja'ma'a'tlik qa'wipsizlik sistemasına qatnaspaqta. Basqa ma'mleketler menen bir qatarda O'zbekstanda g'alaba ha'm a'dil tınıshlıqtı

ta'miyinlew, o'z-ara paydalı birge islesiwdi ornatıw, adamzat aldında turg'an ulıwma insaniylik mashqalalardı sheshiwde o'z u'lesin qospaqta.

## 5. Ma'mleketlerdin' ishki huqıqı ha'm xalıqaralıq huqıqta suverenitet

Ma'mleketlerdin' ishki huqıqında ha'm xalıqaralıq huqıqta suverenitettin' roli ha'm ornı ma'selesi u'lken a'hmiyetke iye.

Suverenitet-ko'p ma'nisli tu'sinik. Onın' bir neshe ta'repleri bar. En' baslısı, bul xalıq suvereniteti. Keyin ala, bul milletlerdin' o'z ta'g'dirin o'zi sheshiw huqıqı. Ha'm aqırında, bul-ma'mleket suvereniteti.

Atap o'tilgen tu'sinikler bir-birine jaqın bolsada, olardın' ha'r biri usı mashqalanın' belgili ta'replerin tastıyıqlap, birinshi da'rejege shıg'aradı. Sol sebepli, suvereniteti ma'mleketke, xalıqqa ha'm milletke birdey tiyisli bolg'an birden-bir tu'sinik sıpatında tiykarlaytug'ın avtorlardın' pikirine qosılıwg'a bolmaydı.

Haqıyqatınan da xalıq suvereniteti, milliy suverenitet ha'm ma'mleket suvereniteti anıq bir tu'sinik emes. Olar tu'rli ja'miyetlik haqıyqatlıqtın' qa'siyetleri bolıp, sonın' menen birge bul tu'sinikler ma'lim bir ulıwmalıqqa iye. Usı tu'sinikler ishinde xalıq suvereniteti birinshilik a'hmiyetke iye. Milliy suverenitetke ba'rha'ma milletke tiyisli qa'siyet sıpatında qarawg'a bolmaydı, og'an milletlerdin' huqıqıylıg'ı sıpatında tu'siniliwi lazım. Ulıwma alg'anda xalıqaralıq huqıqta ''millet''tin' o'z ta'g'dirin o'zi sheshiw huqıqı joq, tek ''xalıq''tın' bunday huqıqı bar (BMSH Ustavının' 1-stat`ya 2-ba'nti).

Ma'mleketlik suverenitetti-ma'mlekettin' emes, ba'lki ma'mleket ha'kimiyatının' u'stinligi ha'm g'a'rezsizligi. ''Ma'mleket'' ha'm onın' ''ha'kimiyatı'' ha'r qıylı tu'sinik ha'm kategoriya esaplanadı. Ma'mleket suvereniteti ma'mleket ishinde ha'm tısqarısında ma'mlekettin' ha'reketi ja'rdeminde a'melge asırıladı. Ma'mleket suverenitetinin' usı eki ta'repi: yag'nıy. birinshiden, ma'mleket ha'm ha'kimiyatının' ma'mleket ishinde u'stemligi, ekinshiden, basqa ma'mleketlerdin' suveren huqıqları ha'm ulıwma moyınlang'an xalıqaralıq huqıq printsipleri ha'm normalarına boysıng'an halda sırtqı baylanıslarda biyg'a'rezligi tolıq ha'm ajıralmas.

Ma'mleket suvereniteti ken'eyiwi ha'm kemeyiwi mu'mkin emes, sebebi og'an qarata sanaq o'lshemi ulıwma qollanılmaydı. Ma'mleket suvereniteti ma'mlekettin' suveren huqıqı menen baylanıslı bolmaydı, biraq sonın' menen birge usı suveren huqıqlardın' tolıqlıg'ı menen ta'miyinlenedi.

Ma'mleket suvereniteti menen baylanıslı tu'rde ''ekonomikalıq suverenitet'' ha'm ''siyasiy suverenitet'' tu'siniklerinen de paydalanıladı. Ma'mlekettin' ekonomikalıq suvereniteti degende, xalıqtıq o'z milliy baylıqların erkin jumsawdı ''ekonomikalıq ha'm sotsiallıq rawajlanıw maqsetlerinde o'z ta'biyiy resurslarınan paydalanıw usıl-ların erkin belgilewdi an'latadı. Ol o'z ta'biyiy resursları u'stinen pu'tkilley qadag'alawdı a'melge asırıw ha'm ekonomikanın' barlıq tarawlarındag'ı ha'r qıylı ka'rxanalar jumısı ishki yurisdiktsiyasına alıwın bildiredi''.

Ma'mlekettin' siyasiy suvereniteti ma'mleket xalqının' o'z niyetin erkin bildiriwin an'latadı. ''Xalıq'' tu'sinigi a'lbette, milletine qaramastan, usı barlıq puqaraları kiredi. Bunday ko'p milletli shan'araqta ma'mleketke o'z atın bergen millet belgilewshi a'hmiyetke iye ekenligi ta'biyiy.

1913-jılı jer ju'zinde 57 ma'mleket bolg'an. Ha'zir olardın' sanı eki ju'zge jaqınladı. Basqa so'z benen aytqanda, XX a'sirdin' ekinshi yarımında jer ju'zindegi ma'mleketler sanı u'sh ese astı. Usı ko'rsetkishtin' o'zi bizin' da'wirimizde ja'miyetlik-siyasiy rawajlanıw xalıqlardın' o'z ta'g'dirin o'zi sheshiw huqıqı, ma'mleket g'a'rezsizliginin' qolg'a kirgiziliwi ha'm ja'miyet turmısının' ma'mleketlik-huqıqıy tu'rinen paydalanıwı menen tıg'ız baylanıslı.

Biraq, so'z san ko'rsetkishlerinde emes, bunnan tısqarı ma'mleketlerdin' sanı keyin ala da sezilerli ko'beytiwi itimalınan alısıraq. Ja'ne sol na'rse a'hmiyetli,

ma’mleketler ta’repinen a’melge asırılatug’ın funktsiyalar ko’lemi ken’eydi, ja’miyet turmısının’ barlıq tarawlarında, atap aytqanda ekonomikalıq turmısında huqıqtın’ roli arttı. Demek, ma’mleket ha’kimiyatının’ za’ru’rli qa’siyeti sıpatında suverenitet rolinin’ o’siw protsesi bayqalmaqta. Bunday protsess ha’r qıylı ma’mleketlerde tu’rli aqıbetlerge alıp keldi. Biraq, ha’mme jerde suverenitet mashqalası usı ja’miyettin’ ja’miyetlik ha’m siyasiy du’ziminin’ orayında turadı.

Suverenitet rolinin’ artıp barıwı ma’mlekettin’ ishki huqıqında da o’z sa’wlesin tabadı. A’welgidey, milliy huqıqıy du’zim qa’liplestiriw ha’m rawajlandırıwdın’ tiykarg’ı jollarının’ biri sıpatında xızmet etetug’ın, a’det huqıqının’ da’wiri o’tti.

Suverenitet yuridikalıq jaqtan ulıwma moyınlang’an xalıqaralıq mu’na’sibetler ha’m o’z-ara baylanıslar du’ziminde a’hmiyetli rol` oynaydı. Ma’mleket ha’m onın’ suvereniteti menen xalıqaralıq huqıqtın’ rawajlanıwı da tıg’ız baylanıslı, sebebi, xalıqaralıq birlespenin’ tiykarı burıng’ıdan da ko’birek ha’zirgi suveren ma’mleketler esaplanadı.

A’lbette, xalıqaralıq huqıq rawajlanıwında a’hmiyetli rol` oynaytug’ın ulıwma ja’han ha’m jergilikli-xalıqaralıq sho’lkemlerdi itibarg’a almawg’a bolmaydı, biraq olar da suveren ma’mleketlerdin’ yaki bir topar ma’mleketlerdin’ muwapıqlastırılg’an ha’reketi na’tiyjesi. XX a’sirdin’ ekinshi yarımındag’ı tariyxıy rawajlanıw ma’mleket suverenitetin ilimiy (doktrinal) sıng’a alıw, ‘‘ma’mleketlerden joqarı turıwshı ja’han birlespesi’‘ne o’tiw talaplarının’ maqsetke muwapıq emesligin ko’rsetedi.

Ma’mleket suverenitetin a’melge asırıwda huqıq u’lken rol` oynaydı, sonday-aq, ma’mleketlerdin’ ishki huqıqı ha’m xalıqaralıq huqıq onı a’melge asırıwdın’ eki tiykarg’ı tu’ri esaplanadı.

Milliy ma’mleketler ta’repinen xalıqaralıq huqıq printsiplerin ta’n alıw ha’m sonın’ menen olardı ma’mleketlerdin’ ishki huqıqına kirgiziwdin’ ha’r qıylı yuridikalıq tu’rleri bar. Xalıqaralıq huqıq normaların ma’mleketlerdin’ ishki huqıqına implementatsiya etiwdin’ u’sh bag’darın ajıratıw mu’mkin: birinshiden, Konstitutsiyada xalıqaralıq huqıqtın’ ulıwma moyınlang’an printsip ha’m normaların ta’n alıw; ekin-shiden, ma’mleketler ta’repinen du’zilgen xalıqaralıq sha’rtnama ha’m pitimler normaları; u’shinshiden, aymaqlıq awqamlardın’ huqıqları ag’za ma’mleketlerdin’ du’zimlerine tiyisli. Biraq, tastıyıqlap o’tiw kerek, xalıqaralıq-huqıqıy normalardın’ a’meliy roli tu’rli ma’mleketlerdin’ ishki ma’mleketlik huqıqı du’zimindegi ko’rsetip o’tilgen tu’rlerinde ba’rha’ma u’lken a’hmiyetke iye emes.

## PAYDALANILGAN ADEBIYATLAR


1. O‘zbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi. — T.: «O‘zbekiston», 2010.
2. *I. A. Karimov*. «O‘zbekiston: milliy istiqlol, iqtisod, siyosat, mafkura». T. 1. — T.: «O‘zbekiston», 1996.
3. *I. A Karimov*. «Jamiyatimiz mafkurasi xalqni — xalq, millatni— millat qilishga xizmat etsin», — T.: «O‘zbekiston», 1998.
4. *I. A Karimov*. Yuksak ma’naviyat — yengilmas kuch. T.: Ma’naviyat, 2008.
5. *I. A. Karimov*. «Tarixiy xotirasiz kelajak yo‘q». Muloqot. 1998, 5-son.
6. O‘zbekiston Respublikasi mehnat qonunchiligi bo‘yicha me’yoriy-huquqiy hujjatlar. T.: «NORMA», 2009.
7. O‘zbekiston Respublikasi Mehnat kodeksi. T.: «Adolat», 2008.
8. O‘zbekiston Respublikasi Jinoyat kodeksi. T.: «Adolat», 2008.
9. O‘zbekiston Respublikasi Oila kodeksi. T.: «Adolat», 2008.
10. O‘zbekiston Respublikasi Fuqarolik kodeksi. T.: «Adolat», 2008.
11. *Y. A Sokolov*. Mehnat va huquq. T.: «Turon-Iqbol», 2009.

12. *O. Karimova*. Mehnat huquqi. T.: TDPU, 2008.
13. *З. Исламов*. «Общество, государство, право». — Т. 1,2. — T.: «Adolat», 1997.
14. *Z. Islamov*. Davlat va huquq: Umumnazariy masalalari. — T.: «Adolat», 2000.
15. Davlat va huquq nazariyasi. Darslik. Prof. X. Odil- qoriyevning umumiy tahriri ostida. T.: «Sharq», 2009.
16. *A. Saidov, U. Tojixonov*. «Davlat va huquq asoslari». T.: «O‘zbekiston», 1999.
17. *N. M. Muhamedov* va boshq. O‘zbekiston davlati va huquqi tarixi. — T.: «Tasvir», 2009.
18. Mahaliy davlat hokimiyati organlarining huquqiy asoslari. T.: «Ilm-Ziyo», 2009.
19. *O. A. Karimova, Z. Zafarov*. «Davlat va huquq asoslari», T.: «O‘qituvchi», 1995.
20. *O. A. Karimova, X. To‘ychiyeva*. «Huquqshunoslik», maruza matni, TDPU, 2001.
21. *O. A. Karimova*. «Huquqshunoslik», T.: «Sharq», 2008,
22. Qishloq xo’jalik huquqi. Darslik / M.B.Usmonovning umumiy tahriri ostida. - Toshkent: TDYul, 2000.
23. Mirzaabdullaeva M.R. Fermer xo’jaligi faoliyatini huquqiy tartibga solish. O’quv qo’llanma. - Toshkent: TDYul, 2007.
24. Nurmatov M., Safarov J. Qishloq taraqqiyoti: buguni va kelajak istiqbollari. O’quv qo’llanma. - Toshkent: Fan va texnologiyalar, 2009.